

# YON TI MACHE POU PI FON



Rev. Casey Shorr

# ***YON TI MACHE POU PI FON***

Yon Ti Mache Pou Pi Fon

Autor: Rev. Casey Shorr

Tradiktè: Dezama Jeudi

Revizyonè: Enel Jean Joseph

Materyèl ki te pwodwi pa Ministères de la Formation de Disciples

[www.Discipulado.MesoamericaRegion.org](http://www.Discipulado.MesoamericaRegion.org)

[www.MedfdiRessources.MesoamericaRegion.org](http://www.MedfdiRessources.MesoamericaRegion.org)

Rev. Monte Cyr

Copyright © 2021 - Tout dwa yo rezèvè

ISBN: 978-1-63580-301-3

Repwodiksyon pasyèl oswa total, pa nenpòt mwayen, san pèmisyon ekri entèdi.

Edikasyon ak Developman Pastoral nan Legliz Nazareyen an, Rejyon Mesoamerica.

[edunaz@mesoamericaregion.org](mailto:edunaz@mesoamericaregion.org)

Tout tèks biblik yo soti nan Bib Vèsyon Jerizalèm nan korije nan lane 1999, sèlman si yo endike yon lòt bagay.

# ***YON TI MACHE POU PI FON***

## **Grandi anndan epi pèsonèlman**

*Konekte avèk Bondye... Konekte avèk lòt yo*

*Etid sou pèsonaj yo ki nan Nouvo Testaman an*

### **Entwodiksyon**

#### **Si w nouvo nan pwogram “Yon Ti Mache Pou Pi Fon”**

Fòmasyon espirityèl la se yon pwosesis pa mwayen limenm kretyen yo devlope matirite ak pwofondè espirityèl yo atravè pratik disiplin espirityèl yo, pamì yo nou jwenn: Lekti biblik, lapriyè, ekri jounal, meditasyon ak memorizasyon ekriti yo.

Feyè sa a devlope Pratik devosyonèl pèsonèl yo nan yon kontèks ki eksplor lavi ak eksperians espirityèl pèsonaj enpòtan nan Bib la nan Nouvo Testaman an.

Nan lesyon sa a yo, patisipan an ap gen pou li reponn kesyon espesifik sou lekti jounen an ak idantifye tèm chak jou yo ak kontèks kle pou aplike nan meditasyon ak lapriyè.

Lè gwoup “yon ti mache pou pi fon” rasanble pou diskite chak semèn, objektif la se pou chak moun prepare pi byen pou pataje, pou pi piti, yon bagay ke Bondye moutre li pèsonèlman pandan semèn nan. Nan fason sa a, yo tout ap benefisyé epi grandi pa mwayen chemen espirityèl individyèl ki pataje nan gwoup la.

Se pou Bondye beni nou pandan n ap kenbe fém avèk li chak jou nan pwoche pi pre li toutan epi nan nenpòt sitiyasyon.

***Semèn 1 Zakari ak Elisabèt*** Bondye Enposib La **Vèsè pou aprann:** *Lik 1:37*

***Semèn 2 Jan Batis*** Mesaj Wa A **Vèsè pou aprann:** *Jan 3:30*

***Semèn 3 Simon Pyè (premye pati)*** Un Pescador De Fe **Vèsè pou aprann:** *Matye 18:21-22*

***Semèn 4 Simon Pyè (dezyèm pati)*** Yon Peche Ki Gen Lafwa **Vèsè pou aprann:** *Travay 2:36*

***Semèn 5 Filip*** Mache Avèk Lafwa **Vèsè pou aprann:** *Jan 14:21*

***Semèn 6 Jan Disip La*** Disip Ke Jezi Te Renmen An **Vèsè pou aprann:** *1 Jan 1:6-7*

***Semèn 7 Sòl / Pòl (premye pati)*** Yon Farizyen Ki Vin Gen Fidelite **Vèsè pou aprann:** *Women 8:28*

***Semèn 8 Sòl / Pòl (dezyèm pati)*** Yon Nonm Misyon Ak Ministè **Vèsè pou aprann:** *Travay 26:17-18*

***Semèn 9 Timote*** Minis La Avèk Ministè A **Vèsè pou aprann:** *2 Timote 4:2-4*

***Semèn 10 Rankont Avèk Jezi*** Chwa Ak Defi **Vèsè pou aprann:** *Lik 9:23-24*

***Semèn 11 Rankont legliz primitiv yo*** Figi Lafwa ak Echèk **Vèsè pou aprann:** *1 Pyè 2:9*

***Semèn 12 Mari*** Manman Jezi **Vèsè pou aprann:** *Lik 1:49-50*

# ***YON TI MACHE POU PI FON***

*Etid Pèsonaj yo ki nan Nouvo Testaman an*

**Vèsè pou aprann**  
Semèn 1

*Anyen pa enposib  
pou Bondye.*

Lik 1:37

## **YON TI MACHE POU PI FON**

*Etid Pèsonaj yo ki nan Nouvo Testaman an*

**Semèn 1 Zakari ak Elisabèt:** Bondye Enposib La

### **Jou 1 – Yon Pwofèt Sasèdòs La (Premye Pati)**

*Sa ki pi gwo ke nan yon moun fè nan mond sa a se wè yon bagay epi apre sa di sa li te wè nan yon fason byen klè. Menm san moun kapab pale pou youn ki kapab panse, men san kapab panse pou youn ki kapab wè. Wè byen klè se pwezi, pwofesi ak reliyion, tout nan youn.*

**John Ruskin**

*Li pasaj biblik sa a byen dousman epi fè atansyon.*

#### **Lik 1:5-25**

5 Nan tan Ewòd te wa nan peyi Jide a, te gen yon prêt yo te rele Zakari. Li te fè pati gwoup prêt Abiya yo. Madanm li te rele Elizabèt: se te yon moun ras Arawon, ansyen granprét la. 6 Yo tou de te mache dwat devan Bondye, yo t'ap swiv kòmandman Mèt la ansanm ak tout lalwa a san ankenn repwòch.

7 Men, yo pa t' gen ptit paske Elizabèt pa t' kapab fè ptit. Yo tou de te fin vye granmoun. 8 Yon jou, Zakari te desèvis kou prêt devan Bondye, paske se te tou gwoup pa l' la. 9 Dapre koutim sèvis la, yo te tire osò pou chwazi yonn nan prêt yo pou antre nan tanp Mèt la pou ofri lansan an. Twouve fwa sa a, se Zakari ki te soti. 10 Tout mas pèp la t'ap lapriyè deyò, antan Zakari menm te anndan ap ofri lansan an.

11 Vwala, yon zanj Bondye parèt devan Zakari; li te kanpe sou bò dwat lotèl kote yo boule lansan an.

12 Lè Zakari wè l', li sezi; li te pè anpil. 13 Men zanj lan di li: Pa pè, Zakari. Bondye te tandem lapriyè ou la. Elizabèt, madanm ou, pral ba ou yon ptit gason; ou va rele l' Jan. 14 Ala kontan wa kontan lè ptit sa a va fèt! Anpil lòt moun va kontan tou lè sa a. 15 L'ap yon grannèg devan Bondye, Mèt la; li p'ap bwè ni diven, ni ankenn alkòl. Depi nan vant manman li, l'ap anba pouvwa Sentespri a. 16 L'ap fè anpil moun nan pèp Izrayèl la tounen vin jwenn Mèt la, Bondye yo a. 17 L'ap mache devan Bondye nan menm lespri ak menm pouvwa pwofèt Eli te genyen an. L'ap fè papa vin byen ankò ak ptit; l'ap fè moun ki rebèl rive gen konprann tankou moun k'ap obeyi Bondye, l'ap pare yon pèp byen dispoze pou resevwa Mèt la.

18 Zakari di zanj lan konsa: Ki jan pou m' fè kwè sa w'ap di m' la a se vre? Ala mwen fin vye, madanm mwen fin vye granmoun tou. 19 Zanj lan reponn li: Mwen se Gabriyèl ki toujou kanpe nan sèvis devan Bondye. Se Bondye menm ki voye m' pale avè ou, pou m' pote bon nouvèl sa a ba ou. 20 Men, paske ou pa kwè pawòl mwen yo ki gen pou rive nan tan yo, ou pral vin bèbè, ou p'ap ka pale jouk jou bagay sa yo va rive. 21 Tout tan sa a, pèp la menm t'ap tann Zakari; yo te sezi wè jan l' te mize nan tanp lan.

22 Men, lè Zakari soti, li pa t' kapab pale avèk yo. Lè sa a yo vin konprann li te gen yon vizyon nan tanp lan. Li t'ap fè yo yon bann siy ak men l', men li pa t' kapab pale. 23 Lè tan sèvis li fini, Zakari tounen lakay li. 24 Kèk tan apre sa, Elizabèt, madanm li, vin ansent. Li fè senk mwa kache lakay; li t'ap di:

25 Gade sa Mèt la fè pou mwen non! Se koulye a sa fè l' plezi pou l' wete dezonè m' devan lèzòm.

#### **Kisa nou konnen sou paran Jan Batis atravè pasaj sa a?**

Papa li se te yon \_\_\_\_\_ ki t'ap sèvi nan \_\_\_\_\_ lan.

Epi manman li, Elizabèt, se te ptit ptit \_\_\_\_\_.

Poukisa li ta enpòtan ras Jan pou jwif yo li oswa koute istwa sa a? \_\_\_\_\_

Koman pasaj sa a dekrive karaktè Zakaria ak Elisabèt? \_\_\_\_\_

Ki de detay enpòtan yo ke yo ban nou osijè de kondisyon fizik Elizabèt epi poukisa yo enpòtan nan istwa sa a?

1. \_\_\_\_\_ 2. \_\_\_\_\_

***Etidye*** vèsè sa a yo sou enpòtans pwofèt yo avèk pawòl yo nan

Egzòd 7:1-2

Joèl 2:28-29

1 Samyèl 3:19-20

Ezayi 38:1-8

Nou tout afekte pa mwayen istwa familyal, li kapab jenetikman oswa sosyalman. Kouman istwa familyal ou afekte devlopman espirityèl ou? Jouskaprezan li afekte?

Jan te fèt nan yon bon fanmi. Si Bondye te rele w pou w leve yon pwofèt, ki bagay ki fè kounye a, ki ta ede oswa twouble efò sa a? \_\_\_\_\_

**Medite** Imagine w ke w responsab pou w leve yon gran pwofèt Bondye. Èske sa ta fè w òganize lavi li nan yon fason diferan de jan w ye kounye a?

**JOURNAL:** Fè yon lis ki genyen de karakteristik pozitif ak de karakteristik negatif ke w eritye depi tou piti. Kisa w ta renmen pou Bondye fè avèk sa?

---

---

---

---

---

---

---

---

---

---

Lapriyè pou yon lespri ki prepare, se pou Bondye itilize w jodi a malgre fot avèk defo w yo.

**Resite** Lik 1:37 epi repete li pandan semèn nan.

## **YON TI MACHE POU PI FON**

Etid Pèsonaj yo ki nan Nouvo Testaman an

**Semèn 1 Zakari ak Elisabèt:** Bondye Enposib La

**Jou 2 – Yon Pwofèt Sasèdòs La (Dezyèm Pati)**

*Anpil fwa nou pèdi anpil paske n'ap viv anba nivo natirèl, òdinè, sa ki eksplikab. Nou pa kite kote pou Bondye fè gwo koze epi an kantite, pi lwen de sa nou kapab mande oswa panse.*

**Vance Havner**

*Li* pasaj biblik sa a byen dousman epi fè atansyon.

**Lik 1:5-25**

5 Nan tan Ewòd te wa nan peyi Jide a, te gen yon prêt yo te rele Zakari. Li te fè pati gwoup prêt Abiya yo. Madanm li te rele Elizabèt: se te yon moun ras Arawon, ansyen granprèt la. **6** Yo tou de te mache dwat devan Bondye, yo t'ap swiv kòmandman Mèt la ansanm ak tout lalwa a san ankenn repwòch. **7** Men, yo pa t' gen pítit paske Elizabèt pa t' kapab fè pítit. Yo tou de te fin vye granmoun. **8** Yon jou, Zakari te desèvis kou prêt devan Bondye, paske se te tou gwoup pa l' la. **9** Dapre koutim sèvis la, yo te tire osò pou chwazi yonn nan prêt yo pou antre nan tanp Mèt la pou ofri lanson an. Twouve fwa sa a, se Zakari ki te soti. **10** Tout mas pèp la t'ap lapriyè deyò, antan Zakari menm te anndan ap ofri lanson an. **11** Vwala, yon zanj Bondye parèt devan Zakari; li te kanpe sou bò dwat lotèl kote yo boule lanson an. **12** Lè Zakari wè l', li sezi; li te pè anpil. **13** Men zanj lan di li: Pa pè, Zakari. Bondye te tandé lapriyè ou la. Elizabèt, madanm ou, pral ba ou yon pítit gason; ou va rele l' Jan. **14** Ala kontan wa kontan lè pítit sa a va fèt! Anpil lòt moun va kontan tou lè sa a. **15** L'ap yon grannèg devan Bondye, Mèt la; li p'ap bwè ni diven, ni ankenn alkòl. Depi nan vant manman li, l'ap anba pouvwa Sentespri a. **16** L'ap fè anpil moun nan pèp Izrayèl la tounen vin jwenn Mèt la, Bondye yo a. **17** L'ap mache devan Bondye nan menm lespri ak menm pouvwa pwofèt Eli te genyen an. L'ap fè papa vin byen ankò ak pítit; l'ap fè moun ki rebèl rive gen konprann tankou moun k'ap obeyi Bondye, l'ap pare yon pèp byen dispoze pou resevwa Mèt la. **18** Zakari di zanj lan konsa: Ki jan pou m' fè kwè sa w'ap di m' la a se vre? Ala mwen fin vye, madanm mwen fin vye granmoun tou. **19** Zanj lan reponn li: Mwen se Gabriyèl ki toujou kanpe nan sèvis devan Bondye. Se Bondye menm ki voye m' pale avè ou, pou m' pote bon nouvèl sa a ba ou. **20** Men, paske ou pa kwè pawòl mwen yo ki gen pou rive nan tan yo, ou pral vin bèbè, ou p'ap ka pale jouk jou bagay sa yo va rive. **21** Tout tan sa a, pèp la menm t'ap tann Zakari; yo te sezi wè jan l' te mize nan tanp lan. **22** Men, lè Zakari soti, li pa t' kapab pale avèk yo. Lè sa a yo vin konprann li te gen yon vizyon nan tanp lan. Li t'ap fè yo yon bann siy ak men l', men li pa t' kapab pale. **23** Lè tan sèvis li fini, Zakari tounen lakay li. **24** Kèk tan apre sa, Elizabèt, madanm li, vin ansent. Li fè senk mwa kache lakay; li t'ap di: **25** Gade sa Mèt la fè pou mwen non! Se koulye a sa fè l' plezi pou l' wete dezonè m' devan lèzòm.

Ki kote zanj lan te parèt devan Zakari? Kisa ki te premye reyaksyon li? \_\_\_\_\_

**Fè yon lis 8 bagay ke zanj lan te anonse osijè tibebe Zakari ta pral genyen an**

1. \_\_\_\_\_
2. \_\_\_\_\_
3. \_\_\_\_\_
4. \_\_\_\_\_
5. \_\_\_\_\_
6. \_\_\_\_\_
7. \_\_\_\_\_
8. \_\_\_\_\_

***Etidye vèsè sa a yo osijè de Bondye ki t ap fè mirak nan lavi pèp li a.***

Egzòd 15:25

1 Wa 17:22

2 Wa 4:5

Lik 17:12-14

**Avèk pwòp mo pa w yo, ekri kisa ki ta objektif ak misyon pitit Zakari a, epi an kisa li te vin chanje pou pèp Izrayèl .** \_\_\_\_\_  
\_\_\_\_\_  
\_\_\_\_\_

**Kisa ki te rezon prensipal ki fè Zakari pa t kwè nan sa zanj lan te di l la? Kisa ki te konsekans enkredilite li a?** \_\_\_\_\_  
\_\_\_\_\_  
\_\_\_\_\_

**Kisa ki te reyaksyon Elizabèt lè li te rann li kont li te ansent? Poukisa w panse li te nan karantèn pandan senk mwa?** \_\_\_\_\_  
\_\_\_\_\_  
\_\_\_\_\_

**Medite sou gwo pouvwa ak grandè Bondye. Kouman li devwale li nan yon fason enpresyonan sou wout lavi ou?**

**JOURNAL: Fè yon lis de plizyè manm nan fanmi ou ak zanmi pwòch ou ki pa kretyen. Nan ki fason Bondye ta kapab itilize w pou w enfliyanse yo sou yon lafwa ki reyèl epi k'ap sove nan Kris la?**

  

---

---

---

---

---

---

---

---

---

---

**Lapriyè yon lapriyè pou di Bondye mèsi pou mirak relasyon li avèk ou.**

**Resite Lik 1:37 epi repete li pandan tout jounen an.**

## **YON TI MACHE POU PI FON**

Etid Pèsonaj yo ki nan Nouvo Testaman an

**Semèn 1 Zakari ak Elisabèt:** Bondye Enposib La

### **Jou 3 – Yon Non Seyè A**

*Mond lan pa manke mèvèy, li manke sans etonnman.*

**G.K. Chesterton**

*Li pasaj biblik sa a byen dousman epi fè atansyon*

#### **Lik 1:57-66**

57 Lè jou pou Elizabèt akouche a rive, li fè yon pitit gason. 58 Vwazinaj ak fanmi l' yo vin konnen jan Mèt la te fè Elizabèt yon gwo favè. Yo te kontan pou li. 59 Sou wit jou, yo te vin pou sikonsi pitit la; yo te vle rele l' Zakari, menm non ak papa li. 60 Men, manman l' di yo: Non, se Jan pou l' rele. 61 Yo di l' konsa: Men, pa gen pesonn nan fanmi ou ki rele Jan. 62 Yo fè papa a siy pou mande l' ki non li ta vle bay pitit la. 63 Zakari mande yo yon ti tablo, epi li ekri: Se Jan ki non li. Yo tout te sezi. 64 Menm lè a bouch li louvri, lang li lage, li t'ap pale, li t'ap chante pou Bondye byen fò. 65 Tout moun ki te nan vwazinaj la te pè; nouvèl la t'ap mache bouch an bouch nan tout mòn Jidè a. 66 Tout moun ki te tandem pawòl sa yo t'ap kalkile nan kè yo; yonn t'ap di lòt: Kisa pitit sa a pral ye menm? Pouvwa Bondye a te avèk ti pitit la tout bon vre.

Kouman paran Elizabèt yo te konsidere nesans pitit li a? Poukisa? \_\_\_\_\_

\_\_\_\_\_

\_\_\_\_\_

Kimoun ou panse “yo” ye ki mansyone nan vèsè 59 la? Poukisa w kwè ke “yo” te inyore sa Elizabèt te di yo osijè de non bebe a epi yo te mande Zakari li? \_\_\_\_\_

\_\_\_\_\_

\_\_\_\_\_

Lè Zakari te konfime non Jan lè li te ekri li, èske li te vin kapab pale ankò. Poukisa w panse ke sa te pase reyèlman nan moman sa a? \_\_\_\_\_

\_\_\_\_\_

\_\_\_\_\_

Fè yon lis de reyaksyon diferan ki te pase lé yo t ap bay tibebe a non “Jan”.

Zakari: \_\_\_\_\_ Vwazen: \_\_\_\_\_

Moun peyi Jide: \_\_\_\_\_

Tout moun te tandem li: \_\_\_\_\_

**Etidye** lòt egzanz sa a yo nan yo nou jwenn kote Bondye deside non moun espesyal yo nan Bib la.

Jenèz 16:11    Jenèz 17:19    2 Samyèl 12:24-25    Oze 1:6    Matye 1:21

**Medite** pandan w ap sonje ki non yo ba w pandan lavi ou, non ki ofanse w ak sa ki fè w santi w byen. Imagine w ke Bondye ap pale avèk ou pèsonèlman, rele w pitit li, tankou yon moun li renmen.

**JOUNAL:** Èske kèk moman nan lavi w, ou te oblige "naje kont gwo kouran dlo" nan fè yon bagay ke Bondye vle ou fè, men ou konnen ke zanmi w avèk fanmi w yo pap konprann? Èske sa ap pase nan moman sa nan lavi ou? Kilè ak kouman?

Lapriyè pou di Seyè a mèsi paske li rekonèt ou non sèlman pou non w sinon tou pou kè w.

**Resite Lik 1:37 epi repeete li byen dousman pandan tout jounen an.**

## **YON TI MACHE POU PI FON**

*Etid Pèsonaj yo ki nan Nouvo Testaman an*

**Semèn 1 Zakari ak Elisabèt:** Bondye Enposib La

**Jou 4 – Lapriyè Zakari A (Premye Pati)**

*Zanj yo koute chan w yo, paske vwa w moute rive jous nan pòt syèl la lè w w'ap louwe Bondye.*

**Frances J. Roberts**

*Moun kip pa louwe Bondye sou tè sa a gen pou l rete bèbè pou letènité.*

**Jan Van Ruysbroeck (1293-1381)**

*Li* pasaj biblik sa byen dousman epi fè anpil atansyon.

### **Lik 1:67-79**

**67** Zakari, papa Jan, vin anba pouvwa Sentespri. Latou, li pran fè konnen pawòl Bondye te mete nan bouch li: **68** Ann chante pou Mèt la, Bondye pèp Izrayèl la. Paske, li vin sove pèp li a, li delivre yo anba esklavaj. **69** Li voye yon moun avek gwo pouvwa pou delivre nou. Se nan laras David, sèvitè Bondye a, li soti. **70** Se sa menm Bondye te fè konnen nan bouch pwofèt li yo depi nan tan lontan. **71** Li te pwomèt li t'ap delivre nou anba lènmi nou yo, ak anba tout moun ki rayi nou yo. **72** Se konsa la gen pitye pou zansèt nou yo. Li chonje kontra li menm Bondye te pase ak yo a. **73** Dapre sèman li te fè bay Abraram, zansèt nou an. **74** Li te di l' konsa: Lè la fin delivre nou anba lènmi nou yo, la fè nou sèvi l' san nou p'ap bezwen pè. **75** Wi, la fè nou viv apa pou Bondye, la fè nou mache dwat devan li chak jou nan lavi nou. **76** Kanta ou menm, pitit mwen, y'a rele ou: Pwofèt Bondye ki anwo nan syèl la. Paske, wa pran devan Mèt la pou pare chemen an pou li. **77** Ou pral moutre pèp la ki jan l'ap delivre yo, ki jan l'ap padonnen peche yo. **78** Tou sa, paske Bondye nou an gen kè sansib, li renmen nou anpil. L'ap fè yon limyè soti anwo vin klere nou tankou solèy k'ap leve. **79** Li gen pou l' klere tout moun k'ap viv nan fènwa ak nan lonbraj lanmò. Li gen pou l' fè nou mache nan chemen k'ap ban nou kè poze a.

**Ki sa ki te pouse Zakari nan eksplozyon sa a nan fè Iwanj pwofetik la (vèsè 67)?**

---

**Osijè de kimoun pwofesi Zakari a te ye epi èske sa te gen pou wè avèk li?**

---

---

Fè lis sèt bagay ki te fè Zakari te louwe Seyè a pou sa li te fè pou pèp Izrayèl.

**Sa Bondye te fè**

---

---

---

---

---

---

---

**Vèsè kòm referans**

---

---

---

---

---

---

---

***Etidye*** vèsè sa a yo ki moutre ke Seyè a se Sali nou an

Sòm 18:46-49

Sòm 68:19-20

Egzòd 15:1-3

Ezayi 49:5-10

**Medite** imajine w ke oumenm ou pèdi nan yon gwo rakbwa oswa nan yon dezè dezole, oswa bò lanmè. Kounye a panse ke Bondye ap vin sove ou, ak lajwa ou pataje poutèt sa.

**JOURNAL:** Panse pou pipiti ak twa okazyon kote Bondye te vini delivre w anba yon sitiayson difisil nan lavi ou. Kouman sa te chanje fason ou te konn aji ak Bondye? Èske sitiayson sa a yo te amelyore relasyon w avèk Bondye jous jounen jodi a?

---

---

---

---

---

---

---

---

---

---

---

---

---

---

---

---

---

---

---

---

---

---

---

---

Lapriyè pandan w'ap ekri yon fraz pou w di Bondye mèsi pou liberasyon yo pandan lavi ou.

**Resite** Lik 1:37 epi repete li pandan jounen an.

## **YON TI MACHE POU PI FON**

*Etid Pèsonaj yo ki nan Nouvo Testaman an*

**Semèn 1 Zakari ak Elisabèt:** Bondye Enposib La

**Jou 5 – Lapriyè Zakari A (Dezyèm Pati)**

*Lapriyè — Lapriyè kwayan, sekrè epi pisan — se rasin tout bagay ki parèt pèsonèl devan Bondye.*

**William Cary**

*Li pasaj biblik sa a byen dousman epi fè anpil atansyon.*

**Lik 1:76-79**

**76** Kanta ou menm, pitit mwen, y'a rele ou: Pwofèt Bondye ki anwo nan syèl la. Paske, wa pran devan Mèt la pou pare chemen an pou li. **77** Ou pral moutre pèp la ki jan l'ap delivre yo, ki jan l'ap padonnen peche yo. **78** Tou sa, paske Bondye nou an gen kè sansib, li renmen nou anpil. L'ap fè yon limyè soti anwo vin klere nou tankou solèy k'ap leve. **79** Li gen pou l' klere tout moun k'ap viv nan fènwa ak nan lonbraj lanmò. Li gen pou l' fè nou mache nan chemen k'ap ban nou kè poze a.

**De kimoun Zakari ap pale la a? Ki tit li te anonse ke l va genyen?** \_\_\_\_\_

---

**Fè lis de bagay ke Zakari anonse ke pwofèt la va fè kòm yon pati nan misyon li.**

1. \_\_\_\_\_

2. \_\_\_\_\_

**Ki karakteristik Bondye ki site kòm rezon Sali lèzòm?**

---

**De kisa Zakari te vle pale lè li te mansyone “lowò a”?** \_\_\_\_\_

---

**Avèk pwòp mo pa w yo, kisa vèsè 79 la vle di pou moun k ap viv tan kounye a?**

---

---

**Etidye** vèsè paralèl sa a yo sou fòm yon “preparasyon” pwofetik nan pasaj sa a.

Ezayi 40:3

Ezayi 62:10

Malachi 3:1

Matye 3:1-3

**Medite** imajine w ke mond lan ap vlope byen dousman chak jou nan fènwa peche. Nan lespri w, imajine w limyè levanjil la nan lavi kretyen yo k ap fè fènwa fè bak epi fè briye limyè a nan tout nasyon yo.

**JOURNAL:** Fè yon lis ki gen kèk moun ki te ede w “prepare chemen an” espirityèlman pou ou. Kijan yo te fè sa? Kounye a fè yon lis de kèk lòt moun ke ou kapab sèvi “pou w prepare” chemen an pou yo. Kijan w ta kapab fè sa?

**Lapriyè** fè yon lapriyè pou w di mèsi pou fason ou te prepare jounen espirityèl ou. Lapriyè pou w kapab rete fidèl menm jan an nan ede lòt yo.

**Resite** Lik 1:37 epi repete li pandan jounen an.

## **Zakari ak Elisabèt: Bondye Enposib La Rezime Espirityèl – Semèn 1**

Èske w panse jouskaprezan Bondye pale atravè moun menm jan li te fè sa atravè Jan? Eksplike poukisa w panse sa.

---

---

---

Poukisa w panse Bondye chwazi travay atravè sikonstans ki sanble enposib nan lavi moun?

---

---

---

Kisa w panse yo di nou de difikilte Zakari te genyen pou l te pale a osijè de konfyans sou kouman Bondye kapab travay nan lavi nou?

---

---

---

Èske li difisil pou ou pale de lajwa lespwa kretyen an nan fason ke Zakari te fè li nan lapriyè l la? Poukisa sa se verite dapre oumenm?

---

---

---

Èske Bondye te moutre w kèk verite tounèf nan semèn sa a ? Kisa li ye?

---

---

---

# **YON TI MACHE POU PI FON**

*Etid Pèsonaj yo ki nan Nouvo Testaman an*

## **VÈSÈ POU APRANN**

Semèn 2

*Li fèt pou li vin pi gran,  
pou mwen menm, mwen  
vin pi piti toujou.*

Jan 3:30

## **YON TI MACHE POU PI FON**

*Etid Pèsonaj yo ki nan Nouvo Testaman an*

**Semèn 2 Jan Batis La:** Yon Mesaj Pou Wa A

### **Jou 1 – Yon Vwa Nan Dezè A**

*Konfesyon, kisa sa vle di tonbe dakò avèk Bondye nan sa ki gen pou wè avèk peche nou, restore relasyon nou. Se yon fòm disiplin ke Bondye bezwen nan men nou.*

**Erwin W. Lutzer** (1941- )

*Yon peche san repantans se yon peche k'ap kontinye.*

**Corrie ten Boom** (1892-1983)

*Li pasaj biblik sa a byen dousman epi fè anpil atansyon.*

#### **Matye 3:1-12**

**1** Lè sa a, Jan Batis parèt nan dezè Jide a. Li t'ap mache bay mesaj sa a. **2** Li t'ap di: Tounen vin jwenn Bondye. Paske, Bondye ki wa nan syèl la ap vin pran pouvwa a nan men l'. **3** Se sou Jan pwofèt Ezayi t'ap pale lè l' te di: Se vwa yon nonm k'ap rele nan dezè a: Pare gran wout Seyè nou an. Plani chemen an byen plani pou li. **4** Jan te gen yon rad fèt ak pwal chamo sou li, li te mare ren l' ak yon sentiwon an po. Li te manje krikèt ak gato myèl li te jwenn nan bwa. **5** Moun soti lavil Jerizalèm, nan tout peyi Jide a ak nan tout vvazinaj larivyè Jouden an, yo tout te vin jwenn Jan. **6** Yo te konfese peche yo devan tout moun. Apre sa, Jan te batize yo nan larivyè Jouden an. **7** Lè Jan wè te gen anpil farizyen ak sadiseyen ki t'ap vin jwenn li pou resevwa batèm nan men l', li di yo: Bann vèmin! Ki moun ki fè nou konnen nou kapab chape anba kòlè Bondye k'ap vini an? **8** Fè bagay ki pou fè wè lavi nou chanje tout bon. **9** Pa konprann nou ka di nan kè nou: Se pitit pitit Abraram nou ye. Paske, mwen p'ap kache di nou sa: Bondye kapab pran wòch sa yo, li fè yo tounen pitit pou Abraram. **10** Epitou, rach la tou pare pou koupe rasin pyebwa yo. Nenpòt pyebwa ki pa bay bon donn, yo pral koupe sa jete nan dife. **11** Mwen menm, mwen batize nou nan dlo, pou fè wè nou tounen vin jwenn Bondye. Men, moun k'ap vin apre mwen an gen plis pouvwa anpil pase m'. Mwen pa bon ase menm pou m' ta wete sapat ki nan pye li. Se li menm ki va batize nou nan Sentespri ak nan dife. **12** Li gen laye l' nan men li. L'ap vannen tout grenn ki sou glasi a. La ranmase grenn ki bon yo, la mete yo nan galata li; men, l'ap boule pay la nan yon dife ki p'ap janm mouri.

#### **Ki twa repons moun yo te genyen ki te poto mitan redikasyon Jan an?**

Li te rele yo vin \_\_\_\_\_, yo \_\_\_\_\_ peche yo epi yo te \_\_\_\_\_.

**Poukisa w panse Jan te di Farizyen yo sa li te di yo a nan vèsè 7 ak 8 la?** \_\_\_\_\_  
\_\_\_\_\_  
\_\_\_\_\_  
\_\_\_\_\_

Eksplike avèk pwòp mo pa w yo kisa vèsè 9-10 la te siyifi pou farizyen yo. Kisa li siyifi pou nou kounye a? Fè tout efò w kapab pou w espesifik nan sa. \_\_\_\_\_

---

---

**Nan vèsè 11-12, De kimoun Jan ap pale epi kisa li di moun sa va fè ?**

---

---

***Etidye pasaj sa a yo nan Bib la kote ki pale de konfesyon ak repantans.***

Ezayi 55:7

Ezékiel 18:21

Travay 2:38

2 Korentyen 7:10

**Medite** pandan w ap panse ak pi move bagay ou te fè yon moun. Èske w te mande Bondye padon ak moun ou te ofanse a? Imagine w ke bagay sa yo pase, menm si se pa yon reyalite. Apre sa, fè yon plan, si sa posib pou w ale pi lwen nan imajinasyon w, fè sa pase vre nan lavi reyèl.

**JOURNAL:** Nan jounen espirityèl ou, èske konfesyon ak repantans se yon bagay ki te fasil pou ou, oswa se te yon konpòtman w te aprann? Èske w touprèt pou w repanti pandan w ap mache ak Bondye? Kouman w kapab amelyore pati sa?

Lapriyè pou yon lespri sansib, ke ou kapab prèt pou konfese ak repanti byen vit.

**Resite Jan 3:30 kounye a, epi repete li pandan semèn nan.**

## **YON TI MACHE POU PI FON**

Etid Pèsonaj yo ki nan Nouvo Testaman an

**Semèn 2 Jan Batis La:** Yon Mesaj Pou Wa A

### **Jou 2 – Batis La**

*Batèm nan moutre sou dèyè travay Bondye, epi sou devan a yon lavi lafwa.*

**J. Alice Motyer**

*Nan batèm nan, kretyen an fèt ankò. Vye moun li te ye a antere epi li vin yon moun tounèf. Li te mèt pou timoun oswa granmoun, se sa batèm nan vle di plis tankou yon pwomès ke tankou yon bagay ki akonpli.*

*Li endike direksyon pou swiv epi se pa dènye bout la.*

**Friedrich Rest (1913- )**

*Li* pasaj biblik sa a byen dousman epi fè anpil atansyon.

#### **Matye 3:13-17**

13 Lè sa a, Jezi soti nan peyi Galile, li vin larivyè Jouden, bò kote Jan pou Jan batize li. 14 Men, Jan pa t' dakò pou sa menm. Li di l': Se ou ki pou ta batize m', epi se ou menm ki vin jwenn mwen pou m' batize ou? 15 Jezi reponn li: Kite sa fèt konsa koulye a. Se konsa pou nou fè tou sa Bondye mande. Jan pa t' kenbe tèt avè l' ankò. 16 Fini Jan fin batize l', Jezi soti nan dlo a. Menm lè a, syèl la louvri, Jezi wè Lespri Bondye a desann sou fòm yon ti pijon vin sou li. 17 Lè sa a, yon vwa soti nan syèl la, li di: Sa se pitit mwen renmen anpil la. Li fè kè m' kontan anpil.

**NÒT:** Menm si Jezi te vle batize epi pèmèt Jan batize li, sa pa t nesesè nan okenn mannyè. Jezi te viv yon lavi san peche (Ebre 4 :15) kòm lòm, e anplis tou li te konplètman Dye. Kòm rezulta, yon vrè konfesyon ak repantans pa t sèlman konsiderab pou li, sinon sa te enposib.

**Jan te rekonèt ke gen yon bagay ki pa t kòrèk nan sèn sa a. Eksplike.** \_\_\_\_\_

---

---

**Poukisa ou panse ke Jezi te deside kite Jan batize li (vèsè 15)?** \_\_\_\_\_

---

---

**Ki twa bagay sinatirèl ki te pase lè Jezi te fin batize a?** \_\_\_\_\_

---

---

---

---

**Ki de emosyon Bondye posede daprè vèsè 17 la ?** \_\_\_\_\_

**NÒT:** Sa a se yon pasaj inik epi li enpòtan anpil nan Nouvo Testaman. Se youn nan evidans klè de "Bondye ki divize an twa pèsòn" de limenm nou chante nan dok soloji a. Vèsè sa a yo moutre aksyon endividyèl yo ak similtane sou twa manm trinite yo, pakonsekan se yon pasaj mèveye ki demoutre ke doktrin trinite a se yon tandans fondamantal ki pa negosye nan lafwa kretyen an.

**Ekri fraz tèks jodi a avèk manm trinite a ki reflete**

**Bondye an Pèsòn**

**Fraz**

**Vèsè**

Papa ki nan syèl la \_\_\_\_\_

Pitit la \_\_\_\_\_

Sentespri a \_\_\_\_\_

***Etidye*** vèsè sa a yo ki pale sou konsèp batèm nan.

Matye 28:19

Travay 22:16

Women 6:3

Galat 3:27

Kolosyen 2:10

**Medite** pandan w ap imajine w ke yo mande w pou w batize Jezi. Panse ak jan w ta santi w tèlman pa dign pou sa, epi ala yon gwo eksperyans emosyonèl sa ta ye.

**JOURNAL:** Èske w te batize déjà? Se te tankou timoun oswa gramoun? Kisa eksperyans sa te vle di pou ou? Kisa sa vle di kounye a? Si w pa t ko batize, ou t ap konsidere li? Poukisa?

---

---

---

---

---

---

---

---

---

---

---

---

---

**Lapriyè** pou di mèsi pou rezireksyon Kris la ke batèm ou an reprezante.

**Resite** kounye a, epi repete li pandan semèn nan.

## **YON TI MACHE POU PI FON**

*Etid Pèsonaj yo ki nan Nouvo Testaman an*

**Semèn 2 Jan Batis La:** Yon Mesaj Pou Wa A

### **Jou 3 – Mesaje Bondye**

*Se pou w toujou pran plas ki pi ba a, epi y ap ba ou sa ki pi wo a, paske konbinezon ki wo mande baz ki solid. Sa ki pi gwo yo, dapre jistis Bondye, se yo menm ki piti nan pwop opinyon yo; anmezi yo plis dign, se plis moun ka wè imilite nan yo.*

**Thomas À Kempis** (C. 1380-1471)

*Li* pasaj biblik sa a byen dousman epi fè anpil atansyon.

#### **Jan 3:22-36**

**22** Apre sa, Jezi ale ansanm ak disip li yo nan peyi Jide. Li rete kèk tan la ak yo, li t'ap batize moun. **23** Jan Batis menm t'ap batize moun tou nan Enon, toupre Salim, paske te gen anpil dlo la. Anpil moun te vin jwenn li la pou l' li te batize yo. **24** (Lè sa a, yo pa t' ankò mete Jan Batis nan prizon.) **25** De twa nan patizan Jan yo tonbe diskite ak yon jwif sou regleman reliyon an ki mande pou moun lave kò yo. **26** Y' ale bò kot Jan, yo di l' konsa: Mèt, ou chonje nonm ki te avè ou lòt bò larivyè Joudan an, moun ou t'ap pale nou an? Enben, l'ap batize koulye a. Tout moun al jwenn li. **27** Jan reponn yo: Pesonn pa ka gen anyen si se pa Bondye nan syèl la ki ba li li. **28** Nou menm, nou ka di mwen te di nou sa: Se pa mwen ki Kris la, se voye Bondye voye m' pran devan li. **29** Nan yon maryaj, lamarye se pou nonm k'ap marye a. Zanmi nonm k'ap marye a kanpe toupre l', l'ap koute. Li pa manke kontan lè li tande vwa nonm k'ap marye a. Se konsa, mwen menm, mwen kontan nèt koulye a. **30** Li fèt pou li vin pi gran, pou mwen menm, mwen vin pi piti toujou. **31** Moun ki soti anwo a pi gran pase nou tout. Moun ki soti sou latè, se pou latè li ye, l'ap pale nou bagay ki sou latè. Moun ki soti anwo nan syèl la, li pi wo pase nou tout. **32** L'ap di sa l' wè, sa l' tande. Men, pesonn pa asepte mesaj li. **33** Moun ki asepte sa l'ap di a, li rekònèt sa Bondye di a se vre. **34** Moun Bondye voye a, se pawòl Bondye l'ap pale, paske Bondye ba li Sentespri san mezi. **35** Papa a renmen Pitit la, li ba li pouvwa sou tout bagay. **36** Moun ki mete konfyans yo nan Pitit la, yo gen lavi ki p'ap janm fini an. Moun ki desobeyi Pitit la, yo p'ap gen lavi sa a. Se kòlè Bondye k'ap tonbe sou yo.

**Ki reyaksyon yo t ap tann de Jan dapre obsèvasyon nan vèsè 26 la? Poukisa?** \_\_\_\_\_  
\_\_\_\_\_  
\_\_\_\_\_

**Ki imaj Jan te itilize nan vèsè 29 la pou l te dekrive pwop tèt li? Kisa de lòt imaj yo te reprezante nan vèsè 29 la? Avèk pwòp mo pa w yo, eksplike kisa sa vle di epi kouman sa relye avèk lòt.**  
\_\_\_\_\_  
\_\_\_\_\_  
\_\_\_\_\_  
\_\_\_\_\_

Fè yon lis ki genyen pou pipiti sèt verite ke Jan te site osijè de Jezi nan vèsè 31 - 36.

1. \_\_\_\_\_
2. \_\_\_\_\_
3. \_\_\_\_\_
4. \_\_\_\_\_
5. \_\_\_\_\_
6. \_\_\_\_\_
7. \_\_\_\_\_

Èske sa Jan di nan vèsè 32 a, jouk jounen jodi a se yon verite? Bay egzant sou lavi w.

---

---

**Etidye** vèsè sa a yo osijè de konsève pèspektiv ki apwopriye sou imilite devan Bondye.

Jenèz 18:27              Egzòd 3:11              Pwovèb 30:2-3              1 Korentyen 15:9-10

Medite osijè de kouman ou endign devan Bondye. Panse kijan bonte Bondye gran avè kijan paw la piti. Pèmèt lide sa rete nan lespri w pandan kèk minit.

**JOURNAL:** Pèsonèlman kisa sa vle di pou ou kite Kris “grandi” nan lavi w epi pou w vin “pipiti” pi plis chak jou? Bay kèk egzant espesifik yon fason ki kapab ede pwosesis sa fonksyone.

---

---

---

---

---

---

---

---

---

---

---

---

---

---

---

---

---

---

---

---

---

---

---

---

Lapriyè pou w ka vin pipiti, epi pou Kris la grandi nan lavi w pi plis chak jou.

**Resite** Jan 3:30 kounye a, epi repete li pandan semèn nan.

# **YON TI MACHE POU PI FON**

*Etid Pèsonaj yo ki nan Nouvo Testaman an*

**Semèn 2 Jan Batis La:** Yon Mesaj Pou Wa A

## **Jou 4 – Dout Nan Fènwa**

*Ou dwe prepare w pou dout... lafwa se kadna lejè ki mennen nou nan enfini.*

**Elizabeth Oakes Smith (1806-1893)**

*Nyaj dout yo kreye lè van cho ak imid rèv nou yo rankontre avèk van frèt silans Bondye.*

*Pwoblèm nan se pa tèlman silans Bondye a, se pito entelijans ou pou w koute.*

**Max L. Lucado (1955- )**

*Li pasaj biblik sa a byen dousman epi fè anpil atansyon.*

### **Matye 11:1-15**

1 Lè Jezi fin bay douz disip li yo tout lòd sa yo, li kite kote li te ye a, li pati, li ale nan lòt lavil peyi a. Li t'ap mache bay mesaj la, li t'ap moutre moun yo anpil bagay. 2 Antan Jan Batis te nan prizon, li tande pale travay Kris la t'ap fè. Li voye kèk patizan pa l' ale mande Jezi: 3 Eske se ou ki moun nou konnen ki gen pou vini an, osinon èske nou dwe tann yon lòt? 4 Jezi reponn yo: Ale rakonte bay Jan sa nou tande ak sa nou wè: 5 Je avèg yo louvri, moun ki t'ap bwetè yo mache byen, moun ki te gen maladi lalèp yo geri, moun ki te soudè yo tande, moun ki te mouri yo leve. Pòv yo tande Bon Nouvèl la. 6 Benediksyon pou moun ki pa jwenn nan mwen okazyon pou tonbe nan peche. 7 Lè patizan Jan yo al fè wout yo, Jezi pran pale ak foul la sou Jan. Li di yo konsa: Sa nou te al wè nan dezè a? Yon pye wozo van t'ap souke? Non. 8 Men, kisa nou te al wè menm? Yon nonm abiye ak bél rad? Ala, moun ki mete bél rad, se kay wa a yo jwenn yo. 9 Manyè di m' kisa nou te al wè menm? Yon pwofèt? Wi, mwen menm mwen di nou: li pi plis pase yon pwofèt.

10 Men sa ki te ekri sou Jan: Men m'ap voye mesaje m' lan devan ou. Li va louvri chemen an devan pou ou. 11 Sa m'ap di nou la a, se vre wi: Nan tout moun ki fèt sou latè pa gen yonn ki pi konsekan pase Jan Batis. Malgre sa, moun ki pi piti nan Peyi Wa ki nan syèl la, pi konsekan pase l'. 12 Depi sou tan Jan Batis jouk jòdi a, Peyi Wa ki nan syèl la anba gwo goumen. Se moun ki konn goumen k'ap antre ladan l'.

13 Anvan Jan Batis te rive, tout pwofèt yo ansanm ak lalwa Moyiz la te pale sou Peyi Bondye a. 14 Si nou vle kwè l': Jan Batis se Eli ki te gen pou vini an. 15 Si nou gen zòrèy pou n' tande, tande.

**Kisa w panse kesyon Jan an endike nou depi nan prizon an osijè de fason li te panse nan moman sa a? ebyen.. Ki pwen Jezi ap fè nan repons li a ki parèt difisil?** \_\_\_\_\_  
\_\_\_\_\_  
\_\_\_\_\_

**De kimoun Jezi t ap pale nan vèsè 6 la? Poukisa?** \_\_\_\_\_  
\_\_\_\_\_  
\_\_\_\_\_

Dapre vèsè 7-9, kisa Jezi t ap di osijè de moun ke foul moun yo t ap mache dèyè yo a?

---

---

---

Fè lis senk verite enpòtan ke Jezi deklare osijè de Jan nan vèsè 10-15

1. \_\_\_\_\_
2. \_\_\_\_\_
3. \_\_\_\_\_
4. \_\_\_\_\_
5. \_\_\_\_\_

Èske w jije li bon pou Jan t ale nan prizon poutèt li t ap preche ? Eksplike poukisa moman dout sa fè konprann epi fè moun sezi.

---

---

*Etidye* vèsè sa a yo osijè de moman ensekirite ak dout nan jounen lafwa nou.

Matye 14:29-32      Matye 28:16-17      Lik 24:36-38      Jan 20:26-27

**Medite** pandan w ap imajine w ke yo ta mete w nan prizon paske w ap pale de Jezi. Imajine dout ou yo sou lafwa nan Li. Imajine ke Seyè ap pale avèk ou, ankouraje w pou ke malgre sitiyasyon an, wayòm nan kontinye avanse.

**JOURNAL:** Èske oumenm oswa yon moun ou rekonèt fè eksperyans “elwaye” de lafwa, dapre sitiyasyon difisil nan lavi w, oswa rèv ki pa akonpli yo? Dekrive sikonstans avèk rezulta final la.

---

---

---

---

---

---

---

---

---

---

Lapriyè pou fòs ak konfyans nan Seyè a, menm si nan sitiyasyon yo vin difisil.

**Resite** Jan 3:30 kounye a, epi repete li pandan semèn nan.

## **YON TI MACHE POU PI FON**

*Etid Pèsonaj yo ki nan Nouvo Testaman an*

**Semèn 2 Jan Batis La:** Yon Mesaj Pou Wa A

### **Jou 5 – Danje Antrènman Disip La**

*Nan chak kè kretyen gen yon kwa ak yon twòn, kretyen an sou twòn nan jouskaské li moute sou kwa a poukont li; si li nye lakwa, l ap rete sou twòn nan. Pètèt se sa ki pwovoke chit oswa vanite nan mitan kretyen levanjil nan tan kounye a. Nou vle sove, men n ap pèsiste ke Kris la fè tout bagay konsènan mouri. Pa gen lakwa pou nou, pa gen separasyon, pa gen okenn mouri. Nou kontinye viv tankou wa anandan ti wayòm nan lòm, epi nou pote kouwòn aparans nou avèk lògèy yon Seza. Men, nou pote pwòp tèt nou nan lonbray ak feblès yon absans espirityèl.*

**A. W. Tozer (1897-1963)**

*Li* pasaj biblik sa a dousman epi fè anpil atansyon.

#### **Matye 14:1-13**

**1** Lè sa a, Ewòd ki t'ap gouvènen nan peyi Galile tande pale sou Jezi. **2** Li di moun ki t'ap travay avè l' yo: Se Jan Batis wi! Se li ki leve vivan nan lanmò. Se poutèt sa li ka fè tout mirak sa yo. **3** Se Ewòd menm ki te fè arete Jan Batis. Li te fè mare l' mete nan prizon poutèt Ewodyad, madam Filip, frè li. **4** Paske Jan te di Ewòd konsa: Ou pa gen dwa pran Ewodyad pou madanm ou. **5** Ewòd te vle touye l', men li te pè jwif yo, paske yo tout te pran Jan Batis pou yon pwofèt. **6** Men, jou fèt Ewòd la, pitit fi Ewodyad la t'ap danse devan tout envite yo. Sa te fè Ewòd plezi anpil. **7** Lè sa a, Ewòd sèmante l'ap ba li nenpòt kisa li ta mande li. **8** Pitit fi Ewodyad la menm koute konsèy manman l' te ba li, li di Ewòd: Fè pote tèt Jan Batis ban mwen koulye a sou yon plato. **9** Kè wa a kase. Men, akòz gwo sèman li te fè devan tout envite yo, li bay lòd pou yo bay fi a sa l' te mande a. **10** Se konsa, Ewòd voye koupe tèt Jan Batis nan prizon an. **11** Yo pote tèt la vini sou yon plato, yo renmèt fi a li. Fi a menm pote l' bay manman li. **12** Patizan Jan Batis yo vin pran kò a, yo antere li. Apre sa, y al di Jezi sa ki te pase. **13** Lè Jezi pran nouvèl sa a, li pati nan yon kannòt. Li te vle al yon kote ki pa gen moun pou l' te ka pou kont li. Men, moun yo vin konn sa. Yo kouri soti nan tout lavil yo, yo pran mache sou rivaj la ap swiv li.

**Poukisa Ewòd te voye Jan al fèmen nan prizon? Poukisa li pat mande pou yo te touye li jouskaprezan?** \_\_\_\_\_  
\_\_\_\_\_  
\_\_\_\_\_

**Eksplike avèk mo paw yo rezon ki fè yo te voye touye Jan.**  
\_\_\_\_\_  
\_\_\_\_\_  
\_\_\_\_\_

Poukisa w panse Jezi te reyaji jan I te reyaji a lè li te pran nouvèl lanmò Jan?

---

---

Poukisa w panse Jezi pa t fè yon mirak pou I te libere Jan? Èske w panse li te jis pou yo te voye touye Jan poutèt li t ap preche osijè de Jezi ak Wayòm li an?

---

---

*Etidye* vèsè sa a yo osijè de pri antrènman disip nan lavi kretyen an.

Lik 14:26-33

Matye 10:38-39

Matye 8:19-22

**Medite** pandan w ap imagine w de chak benediksyon ke Bondye te ba w nan yon echèl. Apre sa, panse sou sakrifis pèsonèl yo pou wayòm Bondye a nan lòt echèl la. Kouman echèl sa pi byen ekilibre?

**JOURNAL:** Ekri osijè de kèk sikontans nan lavi w kote ke w te soufri pou wayòm Bondye a. Kisa w te aprann de eksperyans sa? Kisa w tou prêt pou w sakrifye pou Kris Jodi a?

---

---

---

---

---

---

---

---

---

---

---

---

---

---

---

---

---

---

---

---

---

---

---

---

---

---

**Lapriyè** pou de bagay: Pou w kapab genyen disponiblite ak dispozisyon pou w vin yon disip fidèl Seyè a.

**Resite** Jan 3:30 kounye a, epi repete li pandan semèn nan.

## ***Jan Batis La: Yon Vwa Nan Dezè A***

### ***Rezime Espirityèl – Semèn 2***

Kisa w te aprann semèn sa a osijè de dwe ye “Yon vwa nan dezè a”? \_\_\_\_\_

---

---

---

Kouman batèm nan afekte w avèk fanmi w? \_\_\_\_\_

---

---

---

Kisa w te aprann osijè de enpòtans imilite espirityèl nan leson semèn sa a yo? Èske w te rann ou kont de yon bagay kòm rezulta leson yo?

---

---

---

---

Èske w te rive dekouvri yon bagay tounèf osijè de dout ou yo nan jounen lafwa a? Èske santi w plis asire kounye plis pase nan tan pase yo osijè de lafwa ou?

---

---

---

---

Èske Bondye te moutre kèk bagay tounèf pandan semèn sa a?

---

---

---

# **YON TI MACHE POU PI FON**

*Etid Pèsonaj yo ki nan Nouvo Testaman an*

## **VÈSÈ POU APRANN**

Semèn 3

*Lè sa a, Pyè pwoche bò kot Jezi, li di l' konsa: Mèt, konbe fwa pou m' padonnen frè m' lè li fè m' yon bagay mal? Sèt fwa konsa? Jezi reponn li: Non, Pyè. Mwen pa di ou padonnen l' sèt fwa, men padonnen l' swasanndis fwa sèt fwa.*

**Matye 18:21-22**

## **YON TI MACHE POU PI FON**

*Etid Pèsonaj yo ki nan Nouvo Testaman an*

**Semèn 3 Simon Pyè:** Yon Pechè Pwason Ki Gen Lafwa

### **Jou 1 – Soti Nan Pechè Pwason Vin Pechè Moun**

*Lè w abandone w nan Bondye li gen plis valè pase sentete pèsonèl...  
Lè nou abandone nou nan Bondye, Li travay toutan atravè noumenm.*

Oswald Chambers (1874-1917)

*Li* pasaj biblik sa a dousman epi fè anpil atansyon.

#### **Matye 4:18-22**

**18** Antan Jezi t'ap mache bò lanmè Galile a, li wè de frè: Simon, yo rele Pyè a, ak Andre, frè li. Yo t'ap voye privye nan lanmè a, paske se pechè pwason yo te ye. **19** Jezi di yo konsa: vin jwenn mwen, m'a fè nou tounen pechè moun pito. **20** Lamenm, yo kite privye yo, y' ale avèk li. **21** Jezi vanse pi lwen, li wè de lòt frè, Jak avèk Jan, pitit Zebede yo. Yo te chita nan kannòt yo ansanm ak papa yo, yo t'ap repare privye yo. Jezi rele yo. **22** Lamenm, yo kite kannòt la ansanm ak papa yo, y' ale avèk li.

**Vin fè kisa Jezi te envite pechè pwason yo?** \_\_\_\_\_

**Kouman sa te fè difisil pou ou vin swiv Jezi? Nan ki fason sa te difisil?**  
\_\_\_\_\_  
\_\_\_\_\_

**Ki pawòl ki demoutre yo te kontan pou yo te vin swiv Jezi?**

Vèsè 20 an di konsa: \_\_\_\_\_ te kite privye yo epi te vin swiv li.

Vèsè 22 an di konsa: \_\_\_\_\_ te kite kan nòt la ansanm ak papa yo, y' ale avèk li.

**Kisa ki ta konsekans yo pwiske Jak ak Jan te kite papa yo?**  
\_\_\_\_\_  
\_\_\_\_\_

**Etidye** pasaj sa a yo nan Bib la kote ki pale de swiv Jezi.

Matye 9:9

Lik 9:61-62

Matye 19:27-30

Jan 10:1-18

**Ki jan ou te deside swiv Jezi ki se Kris la? Ki kote ak ki lè ou te pran desizyon sa a?**  
\_\_\_\_\_  
\_\_\_\_\_

**Ki sa ou panse Jezi ki se Kris la te vle di lè li te di ke li ta fè yo vinn “pechè moun”?**

---

---

**Medite** pandan w ap imajine w menm jan nan travay jodi a, nan fè bagay ke w fè nòmalman. Apre sa, imajine w ke Jezi rive kote w epi rele w pou w kite sa w ap fè a kounye a epi vin swiv li. Ki santiman oswa emosyon ou santi pandan w ap imajine sa?

**JOURNAL:** Jouska ki dimansyon Bondye te fè li vin yon “pechè lò” m? Kisa w fè nan lavi w chak jou pou w mennen lòt moun vin jwenn Jezi? Èske w satisfè avèk obeyisans nan Kris nan mennen lòt moun vin jwenn Li? Èske w panse ke Bondye pran plezi nan sa reyèlman?

---

---

---

---

---

---

---

---

---

---

---

---

---

---

---

---

---

---

---

---

---

---

---

---

---

---

---

---

---

---

---

---

---

---

---

---

---

---

**Lapriyè** pou yon lespri sansib, ke w kapab toujou repanti ak konfese fasil epi byen vit.

**Resite** Matye 18:21-22 kounye a epi repete li pandan semèn nan.

## **YON TI MACHE POU PI FON**

*Etid Pèsonaj yo ki nan Nouvo Testaman an*

**Semèn 3 Simon Pyè:** Yon Pechè Pwason Ki Gen Lafwa

### **Jou 2 – Limenm Ki Mache Sou Dlo Yo**

*Anmezi nou depann de Bondye piplis, se piplis nou rann nou kont ke nou kapab depann de li.*

**Cliff Richards (1940- )**

*Li* pasaj biblik sa a dousman epi fè anpil atansyon.

#### **Matye 14:22-33**

**22** Touswit apre sa, Jezi fè disip li yo moute nan kannòt la, li voye yo devan lòt bò lanmè a. Li menm, li te rete dèyè pou l' te voye moun yo ale. **23** Lè li fin voye yo ale, li moute pou kont li sou yon ti mòn pou l' lapriyè. Solèy te fin kouche, li te la toujou pou kont li. **24** Kannòt la menm te gen tan yon bon distans sou lanmè a. Men, lanm yo t'ap bat li, paske van an te kontrè pou yo. **25** Douvan jou, Jezi pran mache sou dlo a pou li al jwenn yo. **26** Lè disip yo wè l' ap mache sou dlo a, yo te pè anpil, yo t'ap di: Se yon revenan. Yo pran rele tèlman yo te pè. **27** Menm lè a, Jezi di yo: Pran tèt nou. Se mwén menm. Nou pa bezwen pè. **28** Lè sa a, Pyè di li: Mèt, si se ou menm vre, di m' vin jwenn ou sou dlo a. **29** Jezi di li: Vini non. Pyè soti nan kannòt la, li kòmanse mache sou dlo a pou li al jwenn Jezi. **30** Men, lè Pyè wè jan van an te fò, li pè. Lè sa a, li kòmanse koule, li pran rele: Mèt, sove m' non! **31** Menm lè a, Jezi lonje men l', li pran Pyè, li di li: Gade jan ou manke konfyans. Poukisa ou pa te fin kenbe konfyans ou nèt? **32** Yo tou de moute nan kannòt la, lamenm van an kase. **33** Lè sa a, moun ki te nan kannòt la vin mete ajenou devan Jezi, yo di: Ou se pitit Bondye a vre.

**Kisa ki te premye reyaksyon disip yo? Kisa Jezi te di yo?** \_\_\_\_\_  
\_\_\_\_\_  
\_\_\_\_\_

**Ki mo Pyè te itilize ki te moutre ke jouskaprezan li te doute?**

Nan vèsè 28 la li di konsa: Seyè, \_\_\_\_\_

Nan vèsè 28 la li mande Jezi: \_\_\_\_\_ ke mwemenm tou \_\_\_\_\_

**Kisa li di nou de Pyè limenm ki te mache palafwa malgre dout li yo?** \_\_\_\_\_  
\_\_\_\_\_

**Konbyen prèv ou mande Bondye nòmalman avan w aji? Poukisa?** \_\_\_\_\_

---

---

**Aprè Pyè te fin kanpe sou dlo a, kisa ki pase? Poukisaw panse sa pase?**

---

---

***Etidye* pasaj biblik sa a yo nan Bib la ki pale sou kouraj ak lafwa.**

Sòm 4:5      Ezayi 26:3-4      Jeremi 39:15-18      Nawoum 1:7      Jan 14:1

**Kouman dram ant Jezi ak Pyè te afekte lòt moun yo ki te nan kannòt la? Poukisa?**

---

---

**Medite osijè de konfyans konplè nou kapab genyen nan Bondye. Imagine w ak sa ki fè w pè kounye a, apre sa imagine w ke Jezi vini epi kenbe men w, ba w kouraj epi di w ke L ap rete bò kote w. Konsève lide sa pou yon moman.**

**JOURNAL: Ki pi gwo zak lafwa ou te poze? Depi kilè? Kijan rezulta a te ye nan lavi w ak lavi lòt yo?**

---

---

---

---

---

---

---

---

---

---

---

---

---

---

---

---

---

---

---

---

---

**Lapriyè pou yon dispozisyon pou obeyi sa Bondye mande w byen vit, malgre w gen kè sote.**

**Resite Matye 18:21-22 kounye a epi repete li chak jou pandan semèn nan.**

## **YON TI MACHE POU PI FON**

*Etid Pèsonaj yo ki nan Nouvo Testaman an*

**Semèn 3 Simon Pyè:** Yon Pechè Pwason Ki Gen Lafwa

### **Jou 3 – Pwoblèm Avèk Prekonsepsyon Yo**

*Sitiyasyon jodi a se anpil konesans, men yon vye tikras konpreyansyon; anpil siyifikasyon, men yon vye tikras siyifikan; anpil konnen-kouman, men yon vye tikras konnen poukisa; anpil pou wè, men yon vye tikras disèneman.*

**Robert Short**

*Li* pasaj biblik sa a dousman epi fè anpil atansyon.

#### **Jan 13:2-17**

**2** Jezi t'ap manje ak disip li yo jou swa sa a. Satan te gen tan pran tèt Jida, pitit gason Simon Iskariòt la, pou l' te trayi Jezi. **3** Jezi te konnen pou tèt pa l' li te soti nan Bondye, epi li t'ap tounen jwenn Bondye ankò. Li te konnen Papa a te ba li pouwva sou tout bagay. **4** Li leve sot devan tab la, li wete gwo rad li a, li pran yon sèvyèt, li mare l' nan ren li. **5** Apre sa, li vide dlo nan yon kivèt. Epi li kòmanse lave pye disip li yo. Li t'ap siye yo ak sèvyèt li te mare nan ren l' lan. **6** Se konsa, li rive sou Simon Pyè ki di l' konsa: Mèt, ou menm ki pral lave pye mwen? **7** Jezi reponn li: Koulye a ou pa konprann sa m'ap fè a. Men, wa konprann pita. **8** Pye di li: Non, mwen p'ap janm kite ou lave pye mwen. Jezi reponn li: Si m' pa lave pye ou, ou p'ap disip mwen ankò. **9** Simon Pyè di li: Si se konsa, Mèt, se pa pye m' ase pou ou lave. Lave men m' yo tou ansanm ak tèt mwen. **10** Jezi di li: Lè yon moun fin benyen, tout kò l' pwòp. Se pye l' ase ki bezwen lave. Nou menm, nou tou pwòp, men se pa nou tout ki pwòp. **11** (Jezi te konnen ki moun ki ta pral trayi li. Se poutèt sa li te di: Se pa nou tout ki pwòp.) **12** Lè l' fin lave pye yo tout, Jezi mete gwo rad la sou li ankò, li tounen nan plas li bò tab la, epi li di yo: Eske nou konprann sa m' sot fè la a? **13** Nou rele m' Mèt, nou rele m' Seyè. Nou gen rezon, se sa m' ye vre. **14** Si mwen menm ki Seyè, mwen menm ki Mèt, mwen lave pye nou, konsa tou, nou menm, se pou nou yonn lave pye lòt. **15** Mwen ban nou yon egzanp pou nou ka fè menm bagay mwen te fè pou nou an. **16** Sa m'ap di nou la a, se vre wi: Yon domestik pa janm pi grannèg pase mèt li. Moun yo voye a pa janm pi grannèg pase moun ki voye l' la. **17** Koulye a nou konn bagay sa yo. benediksyon pou nou si nou fè menm jan an tou.

**NÒT:** Nan ansyen mwayenoryan, wout yo te sal epi klima a te sèk anpil. Moun yo te konn itilize keseswa sandal oswa mache pye atè. Lè moun yo te rive lakay yo, yo te konn lave pye yo anvan, apre sa yo te pase nan pòt devan. Nan kote ki te genyen esklav oswa domestik, se te yon travay ki di pou esklav yo lave pye manm fanmi yo lè yo te rive lakay. Se te yon bagay ki te lèd anpil pou yon moun ki pa t esklav lave pye lòt moun.

**Ki twa bagay enpòtan ki di vèsè 3 ke Jezi te konnen osijè de limenm?**

1. \_\_\_\_\_
2. \_\_\_\_\_
3. \_\_\_\_\_

Poukisa w panse Pyè te fache paske Jezi te lave pye disip yo?

---

---

Poukisa w panse ke demonstrasyon lave pye yo te lakòz diskisyon avèk prekonsepsyon Pyè osijè de kimoun Jezi te ye ak plas ke Jezi ta genyen nan mond sa a?

---

---

Kisa Jezi ki t ap eseye anseye disip li yo te di? Èske se te sèlman pou disip yo te lave pye youn lòt literalman, oswa sa ale pi lwen? Eksplike.

---

---

***Etidye*** vèsè sa a yo osijè de sèvi youn lòt.

Mak 10:33-34

Matye 10:42

Lik 22:27

Galat 6:2

Galat 6:10

**Medite** pandan w ap imajine avèk oumenm menm kòm yon domestik lakay yon moun. Ki santiman sa fè w santi?

**JOURNAL:** Non youn oswa de moun (ki pa nan fanmi an) ki te yon egzanp nan sèvis espirityèl pou ou nan lavi w. Kilè ak kouman yo te fè sa? Èske w ap sèvi lòt moun oumenm? Kimoun yo ye epi kouman ou fè sa?

---

---

---

---

---

---

---

---

---

---

---

---

---

---

---

---

---

---

---

---

---

---

---

---

---

Fè yon Lapriyè imilite devan Seyè a, mande li pou l ba ou yon kè sèvitè.

**Resite** Matye 18:21-22 kounye a epi repete li pandan semèn nan

## **YON TI MACHE POU PI FON**

*Etid Pèsonaj yo ki nan Nouvo Testaman an*

**Semèn 3 Simon Pyè:** Yon Pechè Pwason Ki Gen Lafwa

### **Jou 4 – Wè Sa Lòt Yo Pa Wè**

*Yon nonm avèk vizyon ki kòrèk nan mitan yon bann inosan ak viktim pèlen se tankou yon moun ki genyen yon relòn avèk bon lè pandan ke lòt relò yo ki nan lavil la genyen lè ki pa bon. Sèlman limenm ki konnen lè ki bon an, men kisa sa itil li? Tout pèp la ap swiv relò ki gen lè ki pa bon an.*

**Arthur Schopenhauer (1788-1860)**

*Li* pasaj biblik sa a dousman epi fè anpil atansyon.

#### **Matye 16:13-18**

**13** Apre sa, Jezi ale nan rejyon ki toupre lavil Sezare Filip la. Li mande disip li yo: Ki moun yo di mwen ye, mwen menm, Moun Bondye voye nan lachè a? **14** Yo reponn li: Gen moun ki di se Jan Batis ou ye. Gen lòt ki di ou se Eli. Gen lòt ankò ki di ou se Jeremi osinon yonn nan pwofèt yo. **15** Li di yo: Bon, nou menm, ki moun nou di mwen ye? **16** Simon Pyè reponn: Ou se Kris la, Pitit Bondye vivan an. **17** Lè sa a, Jezi di li: Ou wè ou menm, Simon, pitit Jan an, ou se yon nonm Bondye beni. Paske, se pa moun ki fè ou konn verite sa a. Men, se Papa m' ki nan syèl la ki fè sa pou ou. **18** Mwen menm, men sa m'ap di ou: Ou se yon wòch, Pyè. Se sou wòch sa a m'ap bati legliz mwen. Ata lanmò p'ap kapab fè l' anyen.

**NÒT:** Gen anpil vokabilè ki mande eksplikasyon nan pasaj sa a. Premyèman: Jezi pale de limenm kòm "Pitit Lòm nan". Sa se nan vokabilè Bondye te pale ak pwofèt Ezekièl, limenm ki te itilize pa mwayen Danyèl pou dekouvrir sa li te wè nan vizyon yo. Jezi tou te pale de limenm nan fason sa a nan chak levanjil yo, epi Jan nan Liv Revelasyon li pale de Li nan fason sa a. Entansyon vokabilè a se demoutre imanite ak frajilite, epi se pa divinite. Se sèl referans nan Nouvo Testaman ki mete aksan sou enkanasyon Jezi kòm lòm, pandan l ap fè referans ak imaj pwofèt Ansyen Testaman nan vizyon selès yo. Lòt vokabilè ki parèt ankò se "Kris", ki se sèlman yon vèsyon grèk ki soti nan vokabilè ebre "Mesi". Pa gen endlikasyon nan levanjil yo kote nan pwen sa a nan ministè Jezi a disip yo ta konprann misyon li pou sove mond lan anba peche. Olye de sa, yo te wè li kòm yon "David tounèt" ke Bondye te voye pou libere Izrayèl anba opresyon Wòm epi etabli yon nouvo wayòm tèrèses.

**Kimoun disip yo te di ke moun te panse Jezi te ye? Kouman w panse ke yo te panse sa te posib?**

---

---

---

**Kisa ki te "espesyal" osijè de kouman Pyè te rekònèt vrè idantite Jezi?**

---

---

## **Ki sa Jezi ki se Kris la te di Pyè sou valè espirityèl la pou l kapab wè sa?**

---

***Etidye*** vèsè sa a yo osijè de disèneman espirityèl ak sa Bondye revele nou.

Danyèl 2:22

Amòs 3:7

Jan 15:15

1 Korentyen 2:10

Efezyen 1:9-10

**Medite** pandan w ap konsidere jan nou mal pou n dekouvrir ak konprann aktyèlman nan lavi. Apre sa, imajine w ke Bondye ap revele w yon bagay. Kisa w imajine ke w ta fè avèk revelasyon enpòtan sa?

**JOUNAL:** Èske Bondye te revele w yon bagay sinatirèl? Si se konsa, kisa li te ye epi kouman sa te pase? Ki kalite bagay ou pans eke Bondye ta dwe moutre w epi ou ta fè avèk revelasyon sa a?

---

---

---

---

---

---

---

---

---

---

---

---

---

---

---

---

---

---

---

---

---

---

---

---

---

---

**Lapriyè** pou pi plis entèlijans pou w wè ak santi Bondye k ap travay nan mond ou a chak jou. Di li mèsi pou dispozisyon sensè li pou itilize sa li te moutre w la pou etabli wayòm li an.

**Resite** Matye 18:21-22 kounye a epi repeète li pandan semèn nan.

## **YON TI MACHE POU PI FON**

*Etid Pèsonaj yo ki nan Nouvo Testaman an*

**Semèn 3 Simon Pyè:** Yon Pechè Pwason Ki Gen Lafwa

### **Jou 5 – Danje Negasyon An**

*Nou pa p janm kapab pale ak Bondye dèyè do li. Nou pa kapab pale ak Bondye nan absans li...*

*Bondye y ap diskite sou li a la. Atitud ke moun pran anvè Li pap janm teyorik.*

*Nye li se krache nan figi li.*

**A. Skevington Wood**

*En “Evangelism: Its Theology and Practice (Evanjelizasyon: Se Teoloji ak Pratik)”*

*Ou dwe rann ou kont ke lè w pa adore Jezi kòm Pitit Bondye a, pwofese lafwa ou kòm Sovè mond lan, pandan w ap pale mal kont li nan demoutre avèk klète nan lavi w chak jou ke li pa gen okenn pouvwa pou l fè anyen nan ou ak atravè oumenm.*

**Oswald Chambers (1874-1917)**

**Li** pasaj biblik sa a dousman epi fè anpil atansyon.

#### **Matye 26:31-35**

**31** Lè sa a, Jezi di disip li yo: Aswè a menm, nou tout nou pral kouri kite m' pou kont mwen. Paske, men sa ki ekri nan Liv la: M'ap frape gadò mouton yo, epi tout bann mouton yo pral gaye nan bwa. **32** Men, apre sa, lè m'a leve soti vivan nan lanmò, mwen pral tann nou nan peyi Galile. **33** Pyè pran lapawòl, li di li: Menm si tout moun ta kouri kite ou pou kont ou, mwen menm, mwen p'ap janm kite ou. **34** Jezi di li: Sa m'ap di ou la a, se vre wi: aswè a menm, anvan kòk chante, ou va gen tan di twa fwa ou pa janm konnen mwen. **35** Pyè reponn li: Menm si m' ta dwe mouri avè ou, mwen p'ap janm di mwen pa konnen ou. Tout lòt disip yo t'ap di menm bagay la tou.

#### **APRE YO TE FIN ARETE JEZI:**

#### **Matye 26:69-75**

**69** Pyè menm te chita deyò nan lakou a. Yon sèvant pwoche bò kote l', li di li konsa: Ou menm tou, ou te avèk Jezi, nonm Galile a. **70** Men, Pyè demanti l' devan tout moun, li di: Mwen pa konnen sa w'ap di la a. **71** Apre sa, Pyè leve, li ale bò pòtay lakou a. La, yon lòt sèvant wè li. Li di moun ki te la yo: Nonm sa a te avèk Jezi, nonm Nazarèt la. **72** Pyè demanti l' tou, li di: M'ap fè sèman, mwen pa konnen nonm sa a. **73** Yon ti kadè apre, moun ki te la yo pwoche, yo di Pyè konsa: Se vre wi, monchè. Ou fè pati moun sa yo tou. Jan ou pale a fè nou rekònèt ou. **74** Lè sa a, Pyè pran fè sèman, li di yo: Mwen mande Bondye pou nenpòt bagay rive m' si m' manti: Mwen di nou non, mwen pa konnen nonm sa a. Menm lè a, kòk chante. **75** Latou, Pyè vin chonje pawòl Jezi te di l' la: Anvan kòk chante, ou va gen tan di twa fwa ou pa janm konnen mwen. Pyè soti, li tonbe kriye jouk li pa t' kapab ankò.

**Ki twa bagay enpòtan Jezi te anonse nan vèsè 31 ak 32?** \_\_\_\_\_

Kisa Pyè pwomèt, epi kouman li konpare tèt li ak lòt moun? \_\_\_\_\_

---

---

Ki efè dekalrasyon lonètete Pyè a te genyen nan lòt moun? \_\_\_\_\_

---

---

Èske w kapab sonje kantite fwa ou te fè Bondye pwomès epi ou pa rive akonpli yo? Kouman ak poukisa sa te pase? Kisa ki pèmèt sa pase? \_\_\_\_\_

---

---

---

*Etidye* vèsè sa a yo ki moutre sèt faktè chit Pyè a

- |                                |                                  |
|--------------------------------|----------------------------------|
| 1. Afektasyon – Matye 26:33    | 2. Byennèt – Matye 26:40         |
| 3. Presipitasyon – Jan 18:10   | 4. Swiv distans la – Matye 26:58 |
| 5. Move asosyasyon – Jan 18:18 | 6. Negasyon ouvè – Jan 18:25     |
| 7. Malpalan – Mak 14:70-71     |                                  |

JOURNAL: Nan lis sèt anwo a, kisa ki sanble pigwo obstak nan lavi ou. Bay kèk egzanp epi eksplike.

---

---

---

---

---

---

---

---

---

---

---

---

---

---

---

---

---

---

---

---

Lapriyè pou ke Bondye mete yon pigwo responsabilite nan ou ak otorite pou w sèvi Li.

Resite Matye 18:21-22 kounye a epi repete li pandan semèn nan.

## **Simon Pyè: Yon Pechè Pwason Ki Gen Lafwa**

### **Rezime Espirityèl – *Semèn 3***

Èske w sèvi Bondye pi byen kòm “pechè lòm”? Poukisa sa se verite?

---

---

---

Kisa w te aprann pandan semèn nan osijè de “mache sou dlo yo” avèk Kris?

---

---

---

Èske w rekonèt kèk prekonsepsyon nan ou osijè de Bondye ak travay li, yo menm ki anpeche sèvis espirityèl ou? Kisa yo ye? \_\_\_\_\_

---

---

---

Èske w disène bagay espirityèl yo byen? Ki jan de bagay? \_\_\_\_\_

---

---

---

Èske Bondye ap prepare w kòm yon disip Kris plis pisan pase nan tan pase a? Bay egzanp de kouman w ap sèvi li pi fidèl epi pèseverans. \_\_\_\_\_

---

---

---

# **YON TI MACHE POU PI FON**

*Etid Pèsonaj yo ki nan Nouvo Testaman an*

**VÈSÈ POU APRANN**

Semèn 4

*Tout pèp Izrayèl la fèt pou  
konnen sa byen: Jezi,  
nom nou te klosure sou  
kwa a, se li menm  
Bondye fè Seyè, se li  
menm Bondye fè Kris la.*

Travay 2:36

## **YON TI MACHE POU PI FON**

*Etid Pèsonaj yo ki nan Nouvo Testaman an*

**Semèn 4 Simon Pyè:** De Pechè Pwason A Yon Lafwa Enpresyonan

### **Jou 1 – Yon Pechè Pwason K Ap Bay Mouton Manje**

*Nenpòt moun kapab renmen legliz ideyal la. Defi a se renmen vrè legliz la.*

**Bishop Joseph McKinney**

*Ke pèsonn fè tankou li renmen tout kretyen yo, renmen pèp Bondye a ak renmen sen yo pandan lanmou li pa egzèse nan favè sa a yo ki nan menm legliz la ak sosyete yo a. Kris la pral sonde lanmou w nan dènye jou a pou konpòtman w nan legliz kote w ye a.*

**John Owen**

*Li pasaj biblik sa a dousman epi fè anpil atansyon.*

**NÒT:** Evènman sa te pase apre krisifiksyon ak rezirèksyon an.

#### **Jan 21:1-19**

1 Kèk jou apre sa, Jezi fè disip yo wè l' ankò, bò lanmè Tiberyad la. Men ki jan sa te pase: **2** Simon Pyè, Toma (yo rele Jimo a), Natanayèl (ki te moun Kana nan peyi Galile) ak de pitit Zebede yo te la ansanm ak de lòt nan disip Jezi yo. **3** Simon Pyè di: Mwen pral lapèch. Yo di li: Nou menm tou, nou pral avè ou. Se konsa yo pati, yo moute nan yon kannòt. Men, yo pase tout nwit lan yo pa t' pran anyen. **4** Li te kòmanse fè jou lè Jezi parèt bò dlo a. Men disip yo pa t' rekonèt si se te li menm. **5** Jezi di yo konsa: Mesye m' yo, èske nou pran pwason? Yo reponn li: Non, nou pa pran anyen. **6** Li di yo: Lage privye a sou bò dwat kannòt la, n'a jwenn kichòy. Yo lage privye a. Men, yo pa t' kapab rale l' soti nan dlo a sitèlman li te plen pwason. **7** Disip Jezi te renmen an di Pyè konsa: Se Seyè a wi. Lè Simon Pyè tande pawòl sa yo: Se Seyè a, li mete rad sou li (paske li te toutouni), li lage kò l' nan dlo a. **8** Lòt disip yo menm t'ap tounen atè nan kannòt la, yo t'ap trennen privye ki te plen pwason an dèyè yo. Yo pa t' twò lwen rivay la, san (100) mèt konsa. **9** Lè yo desann atè, yo wè yon dife ki te limen sou rivay la avèk kèk pwason ap boukannen ladan li. Te gen pen tou. **10** Jezi di yo: Pote kèk pwason nan sa nou fèk sot pran yo. **11** Simon Pyè moute nan kannòt la, li rale prive a tou plen vin atè. Te gen sansenkanntwa (153) gwo pwason ladan li. Men atousa, privye a pa t' chire. **12** Jezi di yo: vin manje. Yo yonn nan disip yo pa t' gen kouraj mande li: Ki moun ou ye? Yo tout te konnen se te Seyè a. **13** Jezi pwoche bò kote yo, li pran pen, li ba yo. Li ba yo pwason tou. **14** Sa te fè twazyèm fwa Jezi te fè disip li yo wè l' depi l' te leve soti vivan nan lanmò. **15** Lè yo fin manje, Jezi di Simon Pyè konsa: Simon, pitit Jan, èske ou renmen m' plis pase moun sa yo renmen mwen? Simon Pyè reponn: Wi, Seyè, ou konnen mwen renmen ou. Jezi di li: Pran swen ti mouton m' yo. **16** Li mande l' yon dezyèm fwa: Simon, pitit Jan, èske ou renmen mwen? Li reponn: Wi, Seyè, ou konnen mwen renmen ou. Jezi di li: Pran swen mouton m' yo. **17** Apre sa, li mande l' yon twazyèm fwa: Simon, pitit Jan, èske ou renmen mwen? Sa te fè Simon lapenn anpil lè l' wè Jezi te mande l' yon twazyèm fwa: Eske ou renmen mwen? Li reponn li: Seyè, ou konn tout bagay. Ou konnen mwen renmen ou. Jezi di l' konsa: Pran swen mouton m' yo. **18** Sa m'ap di ou la a, se vre wi. Lè ou te jenn ti gason, ou te konn mare sentiwon ou pou kont ou. Lè sa a, ou te konn ale kote ou te vle. Men, lè wa fin granmoun, wa lonje de bra ou konsa, se moun ki va mare sentiwon ou pou ou. Lè sa a, y'a mennen ou kote ou pa ta vle ale. **19** (Lè Jezi t'ap pale konsa, li t'ap moutre ki jan Pyè tapral mouri pou sa te sèvi yon Iwanj pou Bondye.) Apre sa, Jezi di li: Swiv mwen.

**Li Lik 5:1-10. Fè yon lis de twa oswa kat bagay ki sanble nan de istwa yo.**

---

---

**Kisa Pyè te fè lè li te wè se te Jezi? Kisa sa vle di nou de responsabilite ak enklinasyon l yo?**

---

---

**Èske w konsidere Pyè kòm yon moun sensè (yon karateristik pozitif) oswa sèlman enpridan ak enkonsyan (negatif)? Èske w te reponn Bondye kèk fwa nan yon fason sensè? Kèk fwa san konsyans? Eksplike.**

---

---

**Poukisa w panse Jezi te poze Pyè menm kesyon an twa fwa?**

---

**Kisa w panse Jezi t ap di Pyè nan vèsè 18-19 la?**

---

**Lè Jezi te mande Pyè “èske w renmen m pi plis pase sa a yo?”, De kimoun ou panse Jezi te fè referans lè li te di “sa a yo”?**

1. Lòt disip yo

2. Lavi pechè Pyè a

3. Lòt ankò (eksplike)

---

***Etidye vèsè sa a yo osijè de Bondye k ap rele nou pou nou renmen lòt yo jan li renmen yo a.***

Matye 18:14

Ezayi 40:11

Matye 10:42

1 Pyè 5:2-4

**Medite pandan w ap imajine moun nan lavi yo kòm mouton Bondye. Kounye a panse avèk oumenm k ap pran swen ak renmen yo jan Jezi ta fè sa. Ki bagay ou imajine w ke w ta fè?**

**JOURNAL: Si Jezi te mande w, “èske w renmen mwen pi plis pase sa a yo”? Kisa li ta sinyale nan lavi ou? Kisa w ta kapab oswa dwe fè osijè de sa? Kouman?**

---

---

---

---

---

---

---

---

**Lapriyè pou yo ka ede w ak sèvi lòt yo, espesyalman nan bagay espirityèl yo.**

**Resite Travay 2:36 kounye a epi repete li pandan semèn nan.**

# **YON TI MACHE POU PI FON**

*Etid Pèsonaj yo ki nan Nouvo Testaman an*

**Semèn 4 Simon Pyè:** De Pechè Pwason A Yon Lafwa Enpresyonan

## **Jou 2 – Predikatè Lapannkòt La (Premye Pati)**

*Si w santi Sentespri a san Pawòl, w ap gonfle. Si w gen Pawòl la san Sentespri a, ou sèch, si w gen toude, Pawòl la ak Sentespri a, ou grandi.*

**Don Lyon**

*Li* pasaj biblik sa a dousman epi fè anpil atansyon.

**NÒT:** nan tradisyon jwif la, jou Lapannkòt se senkant jou aprè samdi pak. (Levitik 23:15-16), pa konsekan se te premye jou nan semèn nan. Nan Ansyen Testaman yo fè referans ak Lapannkòt la kòm Fèt semèn nan (Detewonòm 16:10), Fèt Rekòt la (Egzòd 23:16), ak jou premye fwi yo (Nonb 28:26). Nan epòk kretyen an, li te vini ranpli kretyen yo avèk prezans Sentespri a, ki base nan deskripsyon Travay chapit 2.

### **Travay 2:1-41**

1 Lè jou Lapannkòt la rive, yo tout te reyini ansanm menm kote a. 2 Yo rete konsa, epi yon sèl bri sot nan syèl la tankou yon gwo van k'ap soufle; li plen tout kay kote yo te chita a. 3 Lè sa a, yo wè yon bann lang parèt tankou ti flanm dife ki separe yonn ak lòt epi ki al poze gress pa gress sou tèt yo chak. 4 Yo tout te vin anba pouvwa Sentespri, epi yo pran pale lòt lang dapre jan Lespri Bondye a t'ap fè yo pale. 5 Lè sa a, te gen yon bann jwif ki t'ap pase kèk jou lavil Jerizalèm. Se te moun devwe pou Bondye ki te soti nan tout peyi sou latè. 6 Lè yo tandé bri a, yon kantite ladan yo sanble. Yo tout te sezi anpil paske yo t'ap tandé moun yo pale nan lang peyi yo chak. 7 Yo pa t' manke sezi. Yo t'ap gade, yo t'ap di: Moun sa yo k'ap pale la a, apa moun Galile yo tout ye? 8 Ki jan nou fè tandé y'ap pale nan lang peyi nou? 9 Nan nou la a gen moun Pat, moun Medi ak moun Elam, gen moun Mezopotami, moun Jide, moun Kapadòs, moun Pon ak moun Lazi. 10 Gen moun Friji, moun Panfili, moun Lejip, moun teritwa Libi ki toupre Sirèn. Genyen ki soti lavil Wòm. 11 Nan nou gen jwif, gen moun lòt nasyon ki te konvèti nan reliyion jwif yo, gen moun ki soti Lakrèt, gen moun Arabi tou. Ki jan nou fè tandé yo ap pale lang nou, y'ap rakonte bèl bagay Bondye te fè? 12 Yo tout te sezi, yo pa t' konn sa pou yo te kwè. Yonn t'ap di lòt: Sa sa vle di? 13 Gen lòt moun menm ki t'ap pase yo nan rizib. Yo t'ap di: Moun sa yo sou. 14 Lè sa a, Pyè kanpe ansanm ak lòt onz apòt yo, li pale byen fò, li di foul moun yo konsa: Nou menm moun Jide ansanm ak nou tout k'ap pase kèk jou isit lavil Jerizalèm, nou fèt pou nou konnen sa. Koute sa m' pral di nou la a. 15 Moun sa yo pa sou jan nou kwè a. Se nevè dimaten li ye sèlman. 16 Men, sa pwofèt Joèl te fè konnen gen pou rive a, se sa k'ap pase koulye a: 17 Men sak pral rive nan dènye tan an: Se Bondye menm k'ap pale: M'ap vide Lespri m' sou tout moun sou latè. Pitit gason nou ak pitit fi nou yo va pale tankou pwofèt. Jenn gason nou yo va gen vizyon. Granmoun nou yo va fè rèv. 18 Wi, lè sa a, m'ap vide Lespri m' sou tout sèvitè m' yo, fi kou gason, epi y'a bay mesaj ki soti nan Bondye. 19 Mwen pral fe mèvèy parèt anwo nan syèl la, mwen pral fè mirak anba sou latè! Va gen san, dife ak gwo nwaj lafimen. 20 Solèy la pral vin tou nwa. Lalín lan pral vin wouj kou san, anvan jou Mèt la rive. Se va yon gwo jou, yon bèl jou tou! 21 Lè sa a nenpòt moun ki va rele non Bondye va delivre. 22 Nou menm moun laras Izrayèl, koute sa m' pral di nou la a: Jezi, moun Nazarèt la, se Bondye menm ki te voye l' paske nou te

wè tout mirak, tout bèle bagay ak tout siy Bondye te ba l' pouvwa fè nan mitan nou. Sa se bagay nou tout konnen. **23** Yo te lage nonm sa a nan men nou, jan Bondye te vle l' la, dapre plan li te deja fè nan tèt li. Nou menm, nou fè touye l', nou fè yon bann mechan klosure l' sou yon kwa. **24** Men, Bondye fè l' leve vivan ankò, li delivre l' anba doulè lanmò a paske se pa t' posib pou lanmò te kenbe l' anba pouvwa li. **25** Men sa David te ekri sou li: Mwen te wè Bondye, Mèt la, tout tan devan je mwen. Paske li toujou bò kote m'. Anyen pa ka brinnen m'. **26** Se poutèt sa kè m' kontan anpil, se pawòl kontantman ase ki nan bouch mwen. Menm kò mwen, m'ap poze l' avèk espwa nan Bondye. **27** Paske, ou p'ap kite m' kote mò yo ye a. Ou p'ap pèmèt moun k'ap sèvi ou la pouri anba tè. **28** Ou fè m' konnen tout chemen ki bay lavi a. M'ap kontan nèt paske ou toujou la avèk mwen. **29** Frè m' yo, pèmèt mwen pale kareman ak nou. David, zansèt nou an, mouri, yo antere l'. Tonm li la nan mitan nou jouk jodi a. **30** Men, David te yon pwofèt, li te konnen sa Bondye te pwomèt la. Bondye te sèmante li t'ap fè yonn nan pitit li yo wa tankou li. **31** David te wè sa Bondye tapral fè a. Se konsa li te di Kris la te gen pou l' leve soti vivan nan lanmò lè l' di: Yo p'ap kite l' kote mò yo ye a. Kò li p'ap tounen pouriti. **32** Bondye fè Jezi sa a leve soti vivan; nou tout nou temwen bagay sa a. **33** Bondye fè l' moute nan syèl la vin sou bò dwat li, li resevwa Sentespri Papa a te pwomèt la, li vide l' sou nou. Enben, se sa n'ap wè, se sa n'ap tande koulye a. **34** Se pa David ki te moute nan syèl la. Men, li te di: Bondye te di Seyè mwen an: Chita la sou bò dwat mwen, **35** jouk tan mwen fè lènmi ou yo tounen yon ti ban pou lonje pye ou. **36** Tout pèp Izrayèl la fèt pou konnen sa byen: Jezi, nonm nou te klosure sou kwa a, se li menm Bondye fè Seyè, se li menm Bondye fè Kris la. **37** Lè pèp la tande pawòl sa yo, yo santi kè yo boulvèse. Yo mande Pyè ansanm ak lòt apòt yo: Frè nou yo, kisa pou nou fè? **38** Pyè reponn yo: Tounen vin jwenn Bondye, epi yonn apre lòt vin resevwa batèm nan non Jezikri, pou Bondye padonnen tout peche nou yo. Apre sa, n'a resevwa Sentespri, kado Bondye a. **39** Paske pwomès la, Bondye fè l' pou nou, pou pitit nou yo, pou tout moun ki byen lwen, pou tout moun Bondye, Mèt nou, va rele vin jwenn li. **40** Pyè t'ap di yo anpil lòt pawòl ankò pou l' te fè yo kwè, pou l' te ankoraje yo. Li t'ap di yo konsa: Sove tèt nou. Wete kò nou nan mitan moun pèvèti sa yo. **41** Anpil ladan yo te kwè sa Pyè t'ap di a, yo te resevwa batèm. Jou sa a, te gen twamil (3.000) moun konsa ki te mete tèt yo ansanm ak disip yo.

**Ki twa sinal mirak ak espesifik ki te demoutre vini Sentespri a sou kwayan yo?** \_\_\_\_\_

**Kisa pasaj sa a di ke foul moun yo te panse osijè de aksyon disip yo?** \_\_\_\_\_

**Poukisa pasaj sa a di ke kwayan yo te resevwa don lòt lang?** \_\_\_\_\_

**Pyè te preche osijè de Bondye, kimoun ki te di: "Mwen va vide Lespri mwen". Fè yon lis senk bagay Pyè te di ki ta akonpanye lavi Lespri a nan kwayan yo.** \_\_\_\_\_  
\_\_\_\_\_

**Etidye vèsè sa a yo osijè Sentespri a k ap viv nan kwayan yo.**

**Medite** sou kapasite Sentespri a pou fè bagay ke nou pa kapab konprann. Imagine w oumenm kòm yon motè pouvwa sa a nan lavi lòt moun. Kouman w wè sa?

**JOURNAL: Ki mirak Sentespri a te fè nan lavi w jouskaprezan? Èske se yon bagay ki sanble ak sa nou te li nan Bib la jodi a? Ki bagay mèveye ou ta renmen li fè nan lavi w? Pale de sa espesifikman.**

---

---

---

---

---

---

---

---

---

---

---

---

---

---

---

---

---

---

---

---

---

---

---

---

---

---

---

---

---

---

**Lapriyè** pou ke Bondye fè w vin yon zouti mèveye nan men Sentespri a.

**Resite** Travay 2:36 kounye a epi repete li pandan semèn nan.

## **YON TI MACHE POU PI FON**

*Etid Pèsonaj yo ki nan Nouvo Testaman an*

**Semèn 4 Simon Pyè:** De Pechè Pwason A Yon Lafwa Enpresyonan

### **Jou 3 – Predikatè Lapannkòt La (Dezyèm Pati)**

*Andedan nou tout gen yon atraksyon manyetik pou nou chèche prezans Bondye yon fason ektraòdinè, baze sou yon atansyon diven olye de chèche pwòp glwa pèsonèl nou nan fè yon lis “travay”. Si nou pa swiv dezi sa a, n ap fini pa kraze tout sa nou ye an timoso kòm disip. Epi tou kraze Bondye an timoso, ap tann pou lanmou Sentespri a travay malgre tou.*

**Mary C. Miller**  
*nan the Covenant Companion*

**Li** pasaj biblik sa a dousman epi fè anpil atansyon.

#### **Travay 2:14-41**

**14** Lè sa a, Pyè kanpe ansanm ak lòt onz apòt yo, li pale byen fò, li di foul moun yo konsa: Nou menm moun Jide ansanm ak nou tout k'ap pase kèk jou isit lavil Jerizalèm, nou fèt pou nou konnen sa. Koute sa m' pral di nou la a. **15** Moun sa yo pa sou jan nou kwè a. Se nevè dimaten li ye sèlman. **16** Men, sa pwofèt Joèl te fè konnen gen pou rive a, se sa k'ap pase koulye a: **17** Men sak pral rive nan dènye tan an: Se Bondye menm k'ap pale: M'ap vide Lespri m' sou tout moun sou latè. Pitit gason nou ak pitit fi nou yo va pale tankou pwofèt. Jenn gason nou yo va gen vizyon. Granmoun nou yo va fè rèv. **18** Wi, lè sa a, m'ap vide Lespri m' sou tout sèvitè m' yo, fi kou gason, epi y'a bay mesaj ki soti nan Bondye. **19** Mwen pral fè mèvèy parèt anwo nan syèl la, mwen pral fè mirak anba sou latè! Va gen san, dife ak gwo nwaj lafimen. **20** Solèy la pral vin tou nwa. Lalin lan pral vin wouj kou san, anvan jou Mèt la rive. Se va yon gwo jou, yon bèl jou tou! **21** Lè sa a nenpòt moun ki va rele non Bondye va delivre. **22** Nou menm moun laras Izrayèl, koute sa m' pral di nou la a: Jezi, moun Nazarèt la, se Bondye menm ki te voye l' paske nou te wè tout mirak, tout bèl bagay ak tout siy Bondye te ba l' pouvwa fè nan mitan nou. Sa se bagay nou tout konnen. **23** Yo te lage nonm sa a nan men nou, jan Bondye te vle l' la, dapre plan li te deja fè nan tèt li. Nou menm, nou fè touye l', nou fè yon bann mechan klosure l' sou yon kwa. **24** Men, Bondye fè l' leve vivan ankò, li delivre l' anba doulè lanmò a paske se pa t' posib pou lanmò te kenbe l' anba pouvwa li. **25** Men sa David te ekri sou li: Mwen te wè Bondye, Mèt la, tout tan devan je mwen. Paske li toujou bò kote m'. Anyen pa ka brinnen m'. **26** Se poutèt sa kè m' kontan anpil, se pawòl kontantman ase ki nan bouch mwen. Menm kò mwen, m'ap poze l' avèk espwa nan Bondye. **27** Paske, ou p'ap kite m' kote mò yo ye a. Ou p'ap pèmèt moun k'ap sèvi ou la pouri anba tè. **28** Ou fè m' konnen tout chemen ki bay lavi a. M'ap kontan nèt paske ou toujou la avèk mwen. **29** Frè m' yo, pèmèt mwen pale kareman ak nou. David, zansèt nou an, mouri, yo antere l'. Tonm li la nan mitan nou jouk jòdi a. **30** Men, David te yon pwofèt, li te konnen sa Bondye te pwomèt la. Bondye te sèmante li t'ap fè yonn nan pitit li yo wa tankou li. **31** David te wè sa Bondye tapral fè a. Se konsa li te di Kris la te gen pou l' leve soti vivan nan lanmò lè l' di: Yo p'ap kite l' kote mò yo ye a. Kò li p'ap tounen pouriti. **32** Bondye fè

Jezi sa a leve soti vivan; nou tout nou temwen bagay sa a. **33** Bondye fè l' moute nan syèl la vin sou bò dwat li, li resevwa Sentespri Papa a te pwomèt la, li vide l' sou nou. Enben, se sa n'ap wè, se sa n'ap tandé koulye a. **34** Se pa David ki te moute nan syèl la. Men, li te di: Bondye te di Seyè mwen an: Chita la sou bò dwat mwen, **35** jouk tan mwen fè lènmi ou yo tounen yon ti ban pou lonje pye ou. **36** Tout pèp Izrayèl la fèt pou konnen sa byen: Jezi, nonm nou te klore sou kwa a, se li menm Bondye fè Seyè, se li menm Bondye fè Kris la. **37** Lè pèp la tandé pawòl sa yo, yo santi kè yo boulvèse. Yo mande Pyè ansanm ak lòt apòt yo: Frè nou yo, kisa pou nou fè? **38** Pyè reponn yo: Tounen vin jwenn Bondye, epi yonn apre lòt vin resevwa batèm nan non Jezikri, pou Bondye padonnen tout peche nou yo. Apre sa, n'a resevwa Sentespri, kado Bondye a. **39** Paske pwomès la, Bondye fè l' pou nou, pou pitit nou yo, pou tout moun ki byen lwen, pou tout moun Bondye, Mèt nou, va rele vin jwenn li. **40** Pyè t'ap di yo anpil lòt pawòl ankò pou l' te fè yo kwè, pou l' te ankouraje yo. Li t'ap di yo konsa: Sove tèt nou. Wete kò nou nan mitan moun pèvèti sa yo. **41** Anpil ladan yo te kwè sa Pyè t'ap di a, yo te resevwa batèm. Jou sa a, te gen twamil (3.000) moun konsa ki te mete tèt yo ansanm ak disip yo.

### **Ekri vèsè ki koresponn nan nan konfirmasyon osijè de Pyè te preche de Jezi a**

#### **AFIMASYON OSIJÈ DE JEZI**

#### **VÈSÈ**

David te pwofetize lanmò ak rezirèksyon Jezi \_\_\_\_\_

Bondye te fè Jezi leve soti vivan nan lanmò pou l te ka demoutre pouvwa li sou lanmò \_\_\_\_\_

Jezi te fè anpil mirak, pwodij ak mèvèy \_\_\_\_\_

Bondye te resevwa Sentespri Papa a, apre sa li vide li sou limanite \_\_\_\_\_

Bondye te lage Jezi bay jwif yo pou yo te klore li sou kwa \_\_\_\_\_

Se te de Jezi David t ap pale lè li te di "Sen an" \_\_\_\_\_

**Kouman moun yo te reyaji fas avèk predikasyon Pyè a?** \_\_\_\_\_

**Èske w te fè kèk reyakson konsa pandan w t ap koute oswa li Pawòl Bondye? Eksplike.** \_\_\_\_\_

**Kisa Pyè te di moun yo kòm repons apwopriye sou travay Sentespri a?** \_\_\_\_\_

***Etidye* vèsè sa a yo osijè de pouvwa Bondye pou konfwonte pa mwayen Sentespri li a.**

Sòm 38:4    Sòm 51:3

Travay 24:25

Jan 16:7-8

**Èske w sansib nan fason Sentespri a pale avèk ou pèsonèlman? Kouman?** \_\_\_\_\_

**Medite fè kòm si w ap swe, sal tankou kochon nan yon klima ki byen cho epi byen fatige. Kounye a panse ke sa a yo se fot avèk peche w yo. Nan je lespri w, vize yon gwo pisin dlo fre, ki se pwòpte Sentespri a epi apre sa vole tonbe ladan l. Kouman w santi w? èske li pa fè w vle pwòp espirityèlman epi fre apre w fin rete pwòp?**

**JOUNAL: Kouman sa Pyè di nan vèsè 39-40 aplike nan lavi w jodi a? Kouman Bondye ta vle w konplete apèl pou sentete pou ou avèk fanmi w?**

---

---

---

---

---

---

---

---

---

---

---

---

---

---

---

---

---

---

---

---

---

---

---

---

---

---

---

---

---

---

---

---

---

---

---

---

---

---

---

---

---

---

---

---

---

---

---

**Lapriyè pou ke Sentespri a kontinye dirije ak ankouraje w espirityèlman semèn sa.**

**Resite Travay 2:36 kounye a epi repete li pandan semèn nan.**

## **YON TI MACHE POU PI FON**

*Etid Pèsonaj yo ki nan Nouvo Testaman an*

**Semèn 4 Simon Pyè:** De Pechè Pwason A Yon Lafwa Enpresyonan

### **Jou 4 – Kouraj Nan Batay La**

*Byennèt se te prèske toujou di pou krisyanis, men se pa t janm pèsekisyon.*

**Yon Prèt Amish**

*nan "The Economist (ekonomis la)" (22 Jiyè, 1989)*

*Li* pasaj biblik sa a dousman epi fè anpil atansyon.

#### **Travay 3:1-12**

1 Yon jou, vè twazè konsa nan apremidi, Pyè ak Jan t'ap moute nan tanp lan. Se te lè lapriyè. **2** Bò Bèl Pòt la (se konsa yo te rele yon pòt nan tanp lan), te gen yon nonm ki te enfim depi l' te fèt. Chak jou yo te pote l' bò Bèl Pòt la pou l' te kapab mande moun k'ap antre nan tanp lan lacharite. **3** Li wè Pyè ak Jan ki tapral antre, li mande yo kichòy. **4** Pyè ak Jan fikse je yo sou li, epi Pyè di li: Gade nou. **5** Nonm lan pran gade yo; li te kwè yo tapral ba l' kichòy. **6** Lè sa a, Pyè di li: Mwen pa gen ni lajan ni lò. Men, sa m' genyen an, m'ap ba ou li. Nan non Jezikri, moun Nazarèt la, leve ou mache. **7** Li pran men dwat li, li fè l' kanpe. Menm lè a tou, pla pye enfim lan ak zo jwenti pye l' yo vin fèm. **8** Li fè yon sèl sote, li kanpe sou de pye l', li pran mache. Li antre nan tanp lan avèk yo, li t'ap mache, li t'ap ponpe, li t'ap fè Iwanj Bondye. **9** Tout pèp la te wè l' ap mache, ap fè Iwanj Bondye. **10** Lè yo wè se te nonm enfim ki te konn chita bò Bèl Pòt la ap mande lacharite a, yo tout te pè. Yo sezi anpil pou sak te rive l' la. **11** Nonm lan pa t' kite Pyè ak Jan yon pa. Tout moun te sezi, yo kouri vin jwenn apòt yo sou Galeri Salomon an. **12** Lè Pyè wè sa, li di pèp la: Nou menm moun laras Izrayèl, poukisa nou sezi konsa? Poukisa n'ap plede gade n' konsa? Gen lè nou konprann se nou menm ki fè nonm sa a mache ak pwòp fòs kouraj nou osinon paske n'ap sèvi Bondye?

**Kisa pòv la t ap mande? Kisa Pyè te ba li?** \_\_\_\_\_

---

---

**Èske kèk fwa Bondye te ba ou plis pase sa w te mande li? Eksplike.** \_\_\_\_\_

---

---

**Nan vèsè 9-12, kisa Pyè di osijè de pisans pou geri?** \_\_\_\_\_

---

---

Konbyen sa natirèl pou w bay Bondye kredi vèbal pou bon bagay li fè nan lavi w yo? Poukisa?

---

---

Konbyen pèsekisyon pou lafwa w ou te esperimante? Kouman w reyaji? \_\_\_\_\_

---

---

*Etidye* pasaj sa a yo nan Bib la osijè de valè espirityèl.

Mak 15:43

Sòm 27:3

1 Timote 3:13

Travay 9:29

**Medite** pandan w ap imagine w ke ou se youn nan disip ki nan liv Travay yo. Yo ba ou chans pou w fè mirak mèveye, menm konsa zanmi w avèk fanmi w yo mete w deyò nan fanmi an epi lidè relije yo rayi w pou sa w fè. Ou kapab imagine w kouman sa ye?

**JOURNAL:** Diskite desizyon w pou “naje kont kouran” kilti nou an aktyèlman gaye nan tout lari epi viv yon lavi espirityèl ak kè kontan epi dinamik. Nan ki branch ou fè pwogrè, nan ki branch ou dwe fè chanjman? Bay yon eksplikasyon espesifik.

---

---

---

---

---

---

---

---

---

---

---

---

---

---

---

---

---

---

---

---

---

Lapriyè pou opòtinite pou pale de Kris avèk otorite, epi ak kouraj pou w fè sa.

**Resite** Travay 2:36 kounye a epi repete li pandan semèn nan.

## **YON TI MACHE POU PI FON**

*Etid Pèsonaj yo ki nan Nouvo Testaman an*

**Semèn 4 Simon Pyè:** De Pechè Pwason A Yon Lafwa Enpresyonan

### **Jou 5 – Kontrekare Koken An**

*Èske nou se moun ki gouvènen, pouse avèk van epòk nou an, anba presyon pou akonpli ak fè pari?  
Oswa èske nou se moun ki la, vèso gras mèveye Kris lè Li pwomèt transfòme nou an yon bagay ki bon?*

**Gordon MacDonald (1939- )**

*Li* pasaj biblik sa a dousman epi fè anpil atansyon.

#### **Travay 8:9-25**

**9** Nan lavil sa a te gen yon nonm yo rele Simon. Metye l' se fè maji. Simon sa a te yon sezisman pou tout moun Samari. Li te fè tèt li pase pou yon grannèg. **10** Tout moun, piti kou gran, t'ap swiv tou sa li t'ap fè. Yo t'ap di: Nonn sa a gen pouvwa Bondye, sa yo rele gwo pouvwa a, nan tèt li. **11** Se konsa yo t'ap swiv tou sa li t'ap fè paske depi lontan yo te egare devan maji l' yo. **12** Men, lè Filip anonse bon nouvèl peyi kote Bondye wa a, lè l' fè yo konnen non Jezi Kris la, moun yo kwè pawòl la; fanm kou gason resevwa batèm. **13** Ata Simon te kwè. Li menm tou li te resevwa batèm. Apre sa, li te toujou avèk Filip, li te sezi wè bèle bagay ak mirak li t'ap fè. **14** Apòt yo menm ki te lavil Jerizalèm, lè yo tandé moun Samari te asepte pawòl Bondye a, yo voye Pyè ak Jan bò kote yo. **15** Lè Pyè ak Jan rive Samari, yo lapriyè pou moun ki kwè yo pou yo te kapab resevwa Sentespri, **16** paske Sentespri a pa t' ankò desann sou okenn nan yo. Yo te resevwa batèm nan non Seyè Jezi a sèlman. **17** Lè sa a, Pyè ak Jan mete men sou tèt yo, yo resevwa Sentespri. **18** Simon te wè jan moun yo te resevwa Sentespri lè apòt yo mete men sou tèt yo. Li ofri Pye ak Jan lajan. **19** Li di yo: Ban m' pouvwa sa a tou, pou lè m' mete men m' sou tèt yon moun li ka resevwa Sentespri a tou. **20** Men, Pyè di li: Al mouri ansanm ak tout lajan ou lan! Sa Bondye fè kado, ou kwè moun ka achte sa ak lajan? **21** Nan travay sa a, pa gen anyen pou ou; ou pa gen dwa ladan l' paske kè ou pa dwat devan Bondye. **22** Wete move lide sa a nan tèt ou, lapriyè Bondye pou ou wè si la padonnen ou dèské ou te fè lide sa a. **23** Paske mwen wè kè ou anmè kou fyèl, peche fin mare nam ou. **24** Lè sa a, Simon di Pyè ak Jan konsa: Tanpri souple, lapriyè Bondye pou mwen, pou anyen nan sa nou di a pa rive mwen. **25** Lè Pyè ak Jan fin rann temwayaj sa a, lè yo fin bay mesaj Bondye a, yo tounen lavil Jerizalèm. Sou tout wout la, yo t'ap bay bon nouvèl la nan anpil bouk peyi Samari.

**Èske w panse ke vèsè sa a yo endike ke Simon te yon vrè kwayan? Poukisa?**

---

---

---

---

---

**Ki konsepsyón payen epi fo Simon te genyen osijè de Sentespri a?** \_\_\_\_\_

De ki manyè moun jounen jodi a kontinye sa Pyè te rele “mechanste” Simon an? \_\_\_\_\_

---

---

Èske w panse ke Pyè te plis bawòk avèk Simon pou jan l ta ka jwen lòt moun nan menm sitiyasyon an? Poukisa? \_\_\_\_\_

---

---

Èske w panse ke Simon nan kèk fason se, viktim nan tan pase nan lavi li? Nan ki fòm?

---

---

**Site kèk lide espirityèl fo oswa abitid ke w bezwen korije.** (Egzanp ki kapab ladan li: Mank lapriyè, manke volante pou peye ladim, angajman fèb nan ministè a, elatriye.)

---

---

*Etidye* pasaj sa a yo nan Bib la osijè de je pete espirityèl ke Simon te genyen an.

Matye 5:8      2 Wa 6:17      Ezayi 11:3      1 Korentyen 2:14      Ebre 5:14

Medite pandan w ap imajine w ke w genyen yon vizyon byen pòv epi ou bezwen plizyè loup pou w kapab wè. San yomenm ou kapab wè apèn kèk bagay, epi ou dwe sisplizyè de tout desizyon w yo. Panse, nan imajinasyon w ke Senmtespri a pa sèlman ba w loup pou w wè, men tou li geri je w yo pou yo kapab wè non sèlman bagay espirityèl yo byen sinon sinatirèl tou.

**JOURNAL:** Ekri osijè de yon moun ou te rekonèt nan legliz la epi ki espesyal epi aji byen ak lòt moun yo, men malgre sa, li sanble gen feblès nan dimansyon espirityèl debaz li. Ki efè sa te fè nan ou ak lòt moun nan legliz la? Èske feblès espirityèl li te fè kèk efè negatif nan lòt yo? Kouman epi konbyen?

---

---

---

---

---

---

---

---

Lapriyè pou ke Seyè a fè nou espesyal ak sansib nan travay Sentespri a nan nou.

Resite Travay 2:36 kounye a, epi prepare w pou w di l nan klas la.

**Simon Pyè: De Pechè Pwason A Yon Lafwa Enpresyonan**  
**Rezime Espirityèl – Semèn 4**

Kisa w te aprann osijè de pwòp dispozisyon w nan “bay mouton manje”? \_\_\_\_\_

---

---

---

Èske w te eksperimente yon lapannkòt pèsonèl? Èske w te ranpli ak pouvwa Sentespri a nan lavi w pèsonèlman? Kilè epi kouman sa te pase? \_\_\_\_\_

---

---

---

De kisa w rann ou kont pandan semèn sa a osijè de sansiblite w pou w koute konsèy Sentespri a nan lavi w? \_\_\_\_\_

---

---

---

Kisa w dekouvri sou efè de pèsekisyón nan lavi w? \_\_\_\_\_

---

---

---

Ki verite enpòtan ou dekouvri semèn sa epi ou ta renmen pataje li avèk lòt moun ki nan tigwoup yo? \_\_\_\_\_

---

---

---

# **YON TI MACHE POU PI FON**

*Etid Pèsonaj yo ki nan Nouvo Testaman an*

## **VÈSÈ POU APRANN**

Semèn 5

*Moun ki asepte kòmandman  
m' yo, ki obeyi yo, se moun  
sa a ki renmen mwen. Papa  
m' va renmen moun ki  
renmen mwen. Mwen menm  
tou, m'a renmen l', epi m'a fè  
l' wè mwen.*

Jan 14:21

## **YON TI MACHE POU PI FON**

*Etid Pèsonaj yo ki nan Nouvo Testaman an*

**Semèn 5 Filip:** Mache Ak Lafwa

### **Jou 1 – Moun Ki Swiv Ak Moun Ki Jwenn**

*Bondye pran epi Bondye konsève objektif la. Se sèlman Bondye ki kapab transfòme yon moun an kwayan. Wòl nou se aksepte oswa refize objektif li a.*

**John Powell**

*Li* pasaj biblik sa a dousman epi fè anpil atansyon.

#### **Jan 1:43-50**

43 Nan denmen, Jezi te fè lide ale nan peyi Galile. Li jwenn Filip sou wout la, li di li: Swiv mwen. **44** (Filip te moun lavil Betsayda, kote Andre ak Pyè te rete a.) **45** Apre sa, Filip jwenn Natanayèl. Li di li: Nou jwenn moun Moyiz te pale nou nan liv lalwa a, moun pwofèt yo te pale a tou. Se Jezi, moun lavil Nazarèt, pitit gason Jozèf la. **46** Natanayèl di li: Ki bon bagay ki ka soti Nazarèt? Filip reponn li: Vini non, wa wè. **47** Lè Jezi wè Natanayèl ap vin bò kote I', li di sou li: Men yon moun pèp Izrayèl tout bon. Se yon nom ki pa gen riz nan li. **48** Natanayèl mande li: Ki jan ou fè konnen mwen? Jezi reponn li: Anvan Filip te rele ou la, mwen te wè ou lè ou te anba pye fig frans lan. **49** Lè sa a, Natanayèl di li: Mèt, ou se Pitit Bondye a. Ou se wa pèp Izrayèl la! **50** Jezi reponn li: Paske mwen di ou mwen te wè ou anba fig frans lan, poutèt sa ase ou kwè? Ou gen pou wè bagay pi gwo pase sa.

Ki premye bagay vèsè sa a yo di Filip te fè apre li te fin swiv Jezi? Ki sa sa di nou sou lafwa ak pèsonalite li? \_\_\_\_\_  
\_\_\_\_\_  
\_\_\_\_\_

Poukisa w panse ke li te di Natanayèl “vini wè” olye de ba li yon eksplikasyon?  
\_\_\_\_\_  
\_\_\_\_\_  
\_\_\_\_\_

Ki verite enpòtan nou aprann osijè de Jezi nan vèsè 47-48 la?  
\_\_\_\_\_  
\_\_\_\_\_

Fè lis twa tit Natanayèl te itilize pou l te fè referans ak Jezi, nan kisa yo fè diferans?  
\_\_\_\_\_  
\_\_\_\_\_

Kisa nou kapab di osijè de reyakson Natanayèl la fas ak Jezi dapre sa li di a? \_\_\_\_\_

---

---

Kisa pawòl Jezi yo di nou nan vèsè 50 lan sou lafwa Natanayèl? \_\_\_\_\_

---

---

Èske w panse ke Natanayèl nòmalman te pi kwayan oswa dekonfyab? Poukisa? Ki karakteristik ki parèt pi klè dapre oumenm? Kouman sa afekte lavi espirityèl ou? \_\_\_\_\_

---

---

***Etidye*** vèsè sa a yo osijè de enpòtans mennen lòt moun bay Jezi.

Matye 4:24

Matye 9:32-33

Lik 5:17-19

Jan 8:3-11

**Medite** imajine w ou se yon moun ki pèdi nan mitan yon gwo vil, kote w pa rekònèt pèsonn epi ou pa konnen kote w ye. Kouman w t ap santi w si yon moun ta apwoche bò kote w pou l ede w jwenn chemen an? Kounye a panse si se ta oumenm ki ta ap ede yon moun jwenn chemen espirityèl li. Kisa w ta kapab fè?

**JOUNAL:** Fè yon lis non moun ki te ede w rive jwenn ak Jezi. Apre sa, ajoute nan lis la non lòt moun ou konnen ki te ede lòt moun rive jwenn ak Jezi. Kounye a ajoute nan lis la moun ke ou te ede koumanse yon relasyon avèk Jezi. Kilès nan twa lis yo ki reprezante evanjelizasyon tounèf? Poukisa?

---

---

---

---

---

---

---

---

---

---

---

---

---

---

---

---

---

---

---

---

---

---

---

---

**Lapriyè** pou yon pasyon pou w ede lòt moun ki pa konnen Jezi pèsonèlman.

**Resite** Jan 14:21 kounye a epi pratike li chak jou pandan semèn nan jouskaske w aprann li.

## **YON TI MACHE POU PI FON**

*Etid Pèsonaj yo ki nan Nouvo Testaman an*

**Semèn 5 Filip:** Mache Ak Lafwa

### **Jou 2 – Yon Prèv Lafwa**

*Bondye te kreye lòm sanble ak yon sentiwon elastik. Yon sentiwon elastik te fèt pou detire. Lè li pa detire, li piti epi fèb, men anmezi li rete nan fòm sa a, li pap jwe wòl li te fèt pou l jwe a. Lè li detire, li vin pi gwo; li vin dyanm, dinamik epi akonpli objektif li te fèt pou akonpli a. Bondye te kreye w pou w detire epi grandi.*

**Charles Paul Conn**  
nan “*Making It Happen (Fè Li Reyalize)*”

*Li* pasaj biblik sa a dousman epi fè anpil atansyon.

#### **Jan 6:5-14**

**5** Jezi gade, li wè yon gwo foul moun ki t'ap vin jwenn li. Li rele Filip, li di l' konsa: Ki bò nou ta ka jwenn manje pou n' achte pou n' bay moun sa yo manje? **6** (Li t'ap di sa pou l' te wè sa Filip tapral reponn li; li menm li te byen konnen sa l' tapral fè.) **7** Filip reponn li: Menm si nou ta gen desan (200) goud pou achte pen, pa ta gen ase pou chak moun ta jwenn ti kal. **8** Yon lòt nan disip yo, Andre, frè Simon Pyè a, di li: **9** Gen yon ti gason la a ki gen senk pen fèt ak farenn lòj, ak de ti pwason. Men, sa pa anyen pou tout kantite moun sa yo. **10** Lè sa a, Jezi di yo: Fè moun yo chita. (Te gen anpil zèb bò la.) Moun yo chita, te gen senkmil (5.000) gason konsa. **11** Jezi pran pen yo; lè li fin di Bondye mèsi pou yo, li bay tout moun ki te chita yo. Li fè menm jan an tou ak pwason yo. Yo tout te jwenn kantite yo te vle. **12** Lè tout fin manje vant plen, Jezi di disip li yo: Ranmase tout ti moso ki rete yo. Pa kite anyen gaspiye. **13** Yo ranmase tout moso ki te rete nan senk pen moun yo te manje yo. Yo plen douz panyen pote ale. **14** Lè moun yo wè mirak Jezi te fè a, yo di konsa: Se vre wi, nonm sa a se pwofèt ki te gen pou vini sou latè a.

Konpare repons Filip, Andre a avèk bèl repons Jezi a. Nan ki sans yo sanble? Kisa ki fè yo diferan?

---

---

Ki twa fraz nan vèsè 11-13 la ki endike nati mirak nan evènman sa a?

1. \_\_\_\_\_
2. \_\_\_\_\_
3. \_\_\_\_\_

**Ki aksyon disip yo te fè pou yo te bay èd yo nan alimantasyon mirak sa? \_\_\_\_\_**

---

---

**Èske w te wè yon mirak Bondye te fè yon kèk fwa? Si w te viv sa, dekrive li. \_\_\_\_\_**

---

---

**Kouman moun yo te reyaji lè yo te wè jan Jezi te bay gwo foul moun sa a yo manje? \_\_\_\_\_**

---

**Kouman w panse ke sa te touche kè disip yo lè yo te wè bagay sa a? \_\_\_\_\_**

---

***Etidye* lòt mirak nan Bib la ki gen pen ladan li.**

Egzòd 16:11-17

2 Wa 4:42-44

1 Wa 17:8-16

Matye 15:30-38

**Medite** pandan w ap imajine ou nan pi gwo grangou ki egziste nan lavi w. Kounye a sèvi ak imaj sa avèk santiman ki bon pou w konsidere ou nan yon gwo grangou espirityèl. Kounye a panse avèk Jezi, pen ki bay lavi a, k ap ranpli vid espirityèl sa a.

**JOURNAL:** Ekri osijè de dimansyon grangou espirityèl ki genyen nan fanmi w, zanmi ak kanmarad travay. Èske kado w yo sanble piti anpil pou w ede yo satisfè? Poukisa? Kouman Bondye ta kapab miltipliye kapasite w ak efò w yo pou w bay lòt moun yo manje espirityèl?

---

---

---

---

---

---

---

---

---

---

---

---

---

---

---

---

---

---

---

**Lapriyè** pou di Bondye mèsi pou lamán espirityèl ke li te prepare pou ou jodi a.

**Resite** Jan 14:21 epi pratike li chak jou pandan semèn nan jouskaske aprann li.

## **YON TI MACHE POU PI FON**

*Etid Pèsonaj yo ki nan Nouvo Testaman an*

**Semèn 5 Filip:** Mache Ak Lafwa

### **Jou 3 – Chèchè Mirak Yo**

*Yon nonm ki gen vizyon Bondye pa yon moun ki konsantre sou  
yon sèl bagay oswa yon koz patikilye sinon a Bondye menm.*

**Oswald Chambers (1874-1917)**

*Si w pran swen kè w epi koute vwa Bondye pou aprann sa l di w, nan yon èd tan ou  
kapab aprann nan men li plis pase sa w ta kapab aprann de yon lòm nan mil ane.*

**Johann Tauler (C. 1300-1361)**

**Li** pasaj biblik sa a dousman epi fè anpil atansyon.

#### **Jan 14:8-13**

8 Filip di l' konsa: Seyè, moutre nou Papa a. Se sa ase nou bezwen. 9 Jezi reponn li: Depi tout tan sa a mwen la avè nou, Filip, ou pokonnan m' toujou? Moun ki wè m', li wè Papa a. Ki jan ou ka fè di: Moutre m' Papa a? 10 Gen lè ou pa kwè mwen nan Papa a? Ou pa kwè Papa a nan mwen tou? Tout pawòl mwen di nou yo, se pa nan mwen yo soti. Papa a ki fè yonn ak mwen an, se li menm k'ap fè travay li. 11 Se pou nou kwè m' lè m' di nou: Mwen nan Papa a, Papa a nan mwen tou. Osinon, se pou nou kwè akòz sa m'ap fè a. 12 Sa m'ap di nou la a, se vre wi: Moun ki mete konfyans li nan mwen, li gen pou l' fè tou sa m'ap fè a. La menm rive fè pi gwo bagay toujou, paske mwen pral jwenn Papa a. 13 Tou sa n'a mande nan non m', m'a fè l' pou nou, pou Pitit la ka fè wè pouvwa Papa a.

**Nan vèsè 8 la, Kisa w panse ke Filip reyèlman te vle wè devan je li? Poukisa?**

---

---

**Fè lis wit bagay ke Jezi te di osijè de limenm ak vèsè ki koresponn nan.**

#### **AFIMASYON KE JEZI TE FÈ OSIJÈ DE LIMENM**

#### **VÈSÈ**

1. Moun ki wè m, li wè Papa a

9

2. \_\_\_\_\_

\_\_\_\_\_

3. \_\_\_\_\_

\_\_\_\_\_

4. \_\_\_\_\_

\_\_\_\_\_

5. \_\_\_\_\_

\_\_\_\_\_

6. \_\_\_\_\_

\_\_\_\_\_

7. \_\_\_\_\_

\_\_\_\_\_

8. \_\_\_\_\_

\_\_\_\_\_

***Etidye*** vèsè sa a yo nan liv Jan kote Jezi pale de Li kòm “Mwen se”.

Jan 6:35

Jan 8:12

Jan 8:58

Jan 10:7-11

Jan 11:25-26

Jan 14:6

Jan 15:5

**Medite** osijè de gran nati Jezikris. Panse kijan Li se pen espirityèl, limyè a, chemen an, verite a, yon pastè, ak anpil lòt bagay li ye pou ou.

**Kisa Jezi di, pou repons li a ki se sèl sinal ke Filip pral resevwa? Kisa nou ta dwe tann noumenm kòm kretyen?** \_\_\_\_\_

---

---

**JOURNAL:** Èske w te mande Bondye kèk sinal pou konfime volonte li nan lavi w? Èske li fè sa? Kouman epi kijan sa te fèt? Nan lavi w: Kouman Jezi menm se konfirmasyon espirityèl ke w bezwen nan lavi w? Ekzsplike. \_\_\_\_\_

---

---

---

---

---

---

---

---

---

---

---

---

---

---

---

---

---

---

---

---

---

---

---

---

**Lapriyè** ansilans, pandan w ap chèche yon sans devan Bondye nan lapriyè w. Apre sa di li mèsi.

**Resite** Jan 14:21 kounye a epi pratike li chak jou pandan semèn nan, jouskaske w aprann li.

## **YON TI MACHE POU PI FON**

*Etid Pèsonaj yo ki nan Nouvo Testaman an*

**Semèn 5 Filip:** Mache Ak Lafwa

### **Jou 4 – Sèvitè Espesyal La**

*Li pi pwobab pou santi prezans Bondye pandan m ap pèsevere nan yon konvèssasyon avèk yon payen chita nan yon reyinyon priyè “obligatwa”; pandan m ap mache nan plaj la pase m rete ap gade yon pwogram relije nan televizyon, epi plis asire nan pale ak moun k ap chèche Bondye ak imilite ki pale avèk sa a yo ki rive ak konfyans konplèt.*

**G. Timothy Johnson**  
nan Covenant Companion

*Li* pasaj biblik sa a dousman epi fè anpil atansyon.

#### **Jan 12:20-26**

**20** Te gen kèk moun peyi Lagrès nan moun ki te vin Jerizalèm pou adore pandan fèt la. **21** Y' al jwenn Filip (ki te moun Betsayda nan peyi Galile), yo di l' konsa: Msye, nou ta renmen wè Jezi. **22** Filip al di Andre sa. Epi yo tou de al di Jezi sa. **23** Jezi reponn yo: Koulye a, lè a rive pou Moun Bondye voye nan lachè a resevwa lwanj ki pou li a. **24** Sa m'ap di nou la a, se vre wi: Yon grenn mayi ap rete pou kont li toutotan li pa tonbe atè pou l' mouri. Men tou, si l' mouri, l'ap bay anpil grenn. **25** Moun ki renmen lavi l' ap pèdi li. Men moun ki rayi lavi li pandan l' sou latè a, l'ap konsève l' pou lavi ki p'ap janm fini an. **26** Si yon moun ap sèvi m', se pou l' swiv mwen tou. Konsa, tout kote m'a ye, sèvitè mwen va la tou. Papa m' va leve tèt tout moun k'ap sèvi mwen.

**NÒT:** Nan syèk 1, lòt moun ap di jwif yo te kapab vini adore nan tanp lan. Anpil moun nan kilti grèk-women an te konn adore plizyè fo dye, konsa yo te panse lè yo te vizite yon vil oswa rejyon, moun nan ta dwe ofri adorasyon bay nenpòt Dye oswa fo dye ki te gen respè nan vil sa oswa rejyon. Nan tanp Jerizalèm nan, natirèlman se te Yave, Bondye Ebre yo. Kèk grèk te konvèti tout bon vre nan jidayis la, epi menm si yo te mete limit pou yo nan tanp lan nan galeri deyò a, yo te patisipe jouska yon pwen nan fèt relije ebre yo. Sa ki pa t vrè jwif yo, men ki te adore Yave, moun te rele yo “moun ki gen krent pou Bondye yo”.

Poukisa w panse grèk sa yo te vle wè Jezi? Ki rezon ou panse ke pifò moun nan mond modèn nou an genyen pou yo chèche Jezi? \_\_\_\_\_  
\_\_\_\_\_  
\_\_\_\_\_

Ki dènye fwa yon moun te vin jwenn ou pou I te rankontre ak Jezi? Kisa ki te pase?  
\_\_\_\_\_  
\_\_\_\_\_

Ak pwòp pawòl pa w yo, di sa Jezi ap di nan vèsè 24-25. \_\_\_\_\_

---

---

Kouman w panse ke sa Jezi te di a te gen pou wè kèk bagay avèk demann grèk yo pou yo te wè li?

---

---

Dekrive avèk pwòp pawòl pa w yo twa bagay enpòtan ke Jezi di nan vèsè 26 osijè de vin yon sèvitè.

1. \_\_\_\_\_
2. \_\_\_\_\_
3. \_\_\_\_\_

*Etidye lòt pasaj sa a yo nan Bib la ki itilize grenn nan kòm yon imaj espirityèl.*

Matye 13:24-30      Mak 4:26-29

2 Korentyen 9:10

Lik 22:31-32

**Medite** pandan w ap imajine lavi w tankou yon jaden ble. Imajine Bondye k ap vide lapli epi nouri w avèk limyè solèy la, anmezi w ap grandi pi wo epi pi fò espirityèlman. Anmezi w wè jaden an avèk je espirityèl yo, èske w kapab wè yon bann zèb ki melanje avèk kwasans li? De ki klas?

**JOUNAL:** Ekri sou lide de ke ou se yon grenn ble espirityèl. Sou ki fason w sakrifye w pou ke lòt moun kapab jwenn manje espirityèl nan ou? Ou dwe pale klè nan kritik ou konsènan nivo sèvis ou.

---

---

---

---

---

---

---

---

---

---

---

---

---

---

---

---

---

---

---

---

---

---

---

---

**Lapriyè** pou entèlijans pou w remèt ou bay Bondye totalman nan sèvis espirityèl lòt yo.

**Resite** Jan 14:21 epi pratike li chak jou pandan semèn nan jouskaske w aprann li.

## **YON TI MACHE POU PI FON**

*Etid Pèsonaj yo ki nan Nouvo Testaman an*

**Semèn 5 Filip:** Mache Ak Lafwa

### **Jou 5 – Yon Rankont Evanjelistik Avèk Yon Letyopyen**

*Levanjil la dwe preche kòm yon bagay ki fre epi kominiye non yon fason ki tounèf pou chak jenerasyon, pliske chak jenerasyon genyen pwòp kesyon li. Levanjil la dwe simen sou plizyè fason nan tout direksyon, paske reseptè a chanje plas ak zòn chak moman.*

**Helmut Thielicke**

*Pousantaj novo manm legliz la ki soti nan lòt legliz: 80*

**Evanjelik Lapannkòt**, 3/210/92

*Li* pasaj biblik sa a dousman epi fè anpil atansyon.

#### **Travay 8:26-38**

**26** Yon zanj Bondye pale ak Filip, li di li: Leve non! Al nan direksyon sid, sou wout ki soti lavil Jerizalèm pou desann Gaza a. (Wout sa a, moun pa fasil pase sou li ankò.) **27** Filip leve, li pati. Antan l' sou wout la, yon nonm parèt devan l'; se te yon moun peyi Letiopi, yon nèg konfyans. Li te yon gwo chèf nan peyi Letiopi. Se li menm ki te reskonsab tout richès Kandas, larenn peyi a. Li te moute lavil Jerizalèm pou adore Bondye. **28** Antan li t'ap tounen nan peyi l', li te chita nan cha li, li t'ap li nan liv pwofèt Ezayi a. **29** Sentespri di Filip konsa: Leve pye ou, rive toupre cha a. **30** Filip kouri ale bò cha a, li tandé moun peyi Letiopi a ki t'ap li nan liv pwofèt Ezayi a. Li mande li: Eske ou konprann sa w'ap li la a? **31** Nonm lan reponn li: Ki jan pou m' fè konprann si m' pa jwenn moun pou esplike mwen? Epi li mande Filip pou l' moute nan cha a, vin chita bò kote li. **32** Men pasaj li t'ap li nan liv la: Li te tankou yon mouton yo t'ap mennen labatwa. Li te tankou yon ti mouton ki pa janm rele lè y'ap taye lenn sou do li. Li pa janm louvri bouch li di anyen. **33** Yo te desann li ba anpil, yo refize fè l' jistis. Pesonn p'ap nonmen non pitit pitit li. Paske, lavi l' sou latè fini nèt. **34** Chèf peyi Letiopi a mande Filip: Di m' non, ki moun pwofèt la ap pale konsa: tèt pa l' osinon yon lòt moun? **35** Filip pran pale: li kòmanse avèk pasaj li t'ap li nan liv la, li fè l' konnen bon nouvèl ki pale sou Jezi a. **36** Antan yo prale konsa, yo rive yon kote ki te gen dlo. Lè sa a, nonm peyi Letiopi a di li: Bon, men dlo. Kisa ki pou anpeche m' resevwa batèm? **37** Filip di li: Si ou kwè ak tout kè ou, ou ka resevwa batèm. Nonm lan reponn li: Mwen kwè Jezikri se Ptit Bondye a. **38** Apre sa, li fè yo rete cha a. Filip desann nan dlo a ansanm ak gwo chèf la. Filip batize li.

**Kisa ki te mennen Filip nan Sid, nan chemen ki nan dezè a? ki kantite enfòmasyon li te genyen sou nati oswa ekstansyon vwayaj li a?** \_\_\_\_\_

**Èske Bondye te di w nan fè kèk bagay nan kèk okazyon san w pa ba ou eksplikasyon? Kilè?** \_\_\_\_\_

Nan vèsè 27, ki detay pèsonèl yo bay osijè de moun Filip konnen an? \_\_\_\_\_

---

---

Ranpli espas vid yo epi konplete rezime kwonologik istwa a:

1. Letyopyen an te chita ap li liv \_\_\_\_\_
2. Lespri Bondye a te di Filip pou l te pwoche \_\_\_\_\_
3. Filip te mande Letyopyen an si li \_\_\_\_\_
4. Yo te envite Filip pou li te \_\_\_\_\_
5. Filip te sèvi ak pasaj Ezayi a pou \_\_\_\_\_
6. Letyopyen an te fè cha a kanpe pou li \_\_\_\_\_

Èske w prè pou w vin yon evanjelis pèsonèl pou moun ou konnen oswa rankontre?

---

---

---

**Etidye** vèsè sa a yo ki pale sou devwa nou kòm kretyen pou pataje levanjil la avèk lòt moun.

Matye 28:19

Lik 9:2-6

Travay 10:36

2 Timote 4:1-5

**Medite** osijè de plizyè milyon moun nan mond lan ki pa janm koute levanjil la. Imagine ke y ap rele mande èd, men kretyen yo nan mond lan okipe pou reponn yo. Ki santiman sa pwovoke nan oumenm? Kisa w kapab fè oumenm pèsonèlman pou w rammase yo?

**JOURNAL** Dekrive kèk nan eksperyans ou yo nan eseye pataje levanjil la ak kèk moun ki pa kwayan. Kisa ki anpeche w pi pratik ak efikas nan mennen moun nan pye Jezi?

---

---

---

---

---

---

---

---

---

---

**Lapriyè** pou ke Bondye ba ou detèminasyon, pasyans ak pasyon pou w vin disip Li.

**Resite** Jan 14:21 kounye a epi prepare w pou w di li nan klas la.

***Filip: Mache Ak Lafwa***  
**Rezime Espirituyl – *Semèn 5***

Nan ki pwen ou tankou Filip pou w pote lòt moun bay Jezi? Poukisa? \_\_\_\_\_

---

---

---

Kisa w te aprann nan semèn sa a de ke Bondye te evalye lafwa w? \_\_\_\_\_

---

---

---

Èske w te rive jwenn kèk lide tounèf sou chèche mirak ak konfirmasyon Bondye? Kisa yo ye?

---

---

---

Nan ki fason lavi se tankou yon “grenn ble” k ap tonbe nan tè. Ekzsplike. \_\_\_\_\_

---

---

---

Dekrive kouman w pratike evanjelizasyon. Kisa w te aprann nan semèn sa a? \_\_\_\_\_

---

---

---

Ki verite espirituyl nan semèn sa a ou ta renmen pataje avèk klas la? \_\_\_\_\_

---

---

---

# **YON TI MACHE POU PI FON**

*Etid Pèsonaj yo ki nan Nouvo Testaman an*

**VÈSÈ POU APRANN**

Semèn 6

*Bondye te voye yon nonm ki te  
rele Jan. Li te vin sèvi temwen  
pou pale sou limyè a. Li te vini  
pou tout moun ki te tandé  
mesaj li a te ka kwè. Se pa li  
menm ki te limyè a. Li te vin  
pou sèvi temwen pou pale sou  
limyè a.*

**Jan 1:6-8**

## **YON TI MACHE POU PI FON**

*Etid Pèsonaj yo ki nan Nouvo Testaman an*

**Semèn 6 Jan:** Disip Ke Jezi Te Renmen An

### **Jou 1 – Travay Ki Nan Benefis Wayòm Nan**

*Si sèlman nou ta kapab wè jan Bondye wè a, nou ta rann nou kont ke pa gen anyen ki fêt pou avansman mond lan, sinon ke tout bagay kontribye pou etabli wayòm Bondye a.*

**Michel Quoist (1918-1997)**

*Li pasaj biblik sa a dousman epi fè anpil atansyon.*

#### **Mak 9:38-42**

38 Jan di l' konsa: -Mèt, nou te wè yon nonm ki pran non ou pou chase move lespri. Nou te vle anpeche l' fè sa, paske li pa t'ap mache avèk nou. 39 Jezi reponn li: -Kite l' non. Paske yon moun ki pran non m' pou fè mirak pa kapab pale m' mal apre sa. 40 Moun ki pa kont nou, se moun pa nou li ye. 41 Sa m'ap di la a, se vre wi: nenpòt moun ki va ban nou yon gode dlo paske se moun Kris la nou ye, li pa gen dwa pèdi rekonpans li. 42 Kanta moun ki fè yonn nan timoun sa yo ki kwè nan mwen tonbe nan peche, li ta pi bon pou li si yo te mare yon gwo wòl moulen nan kou l', voye li jete nan lanmè.

**Poukisa w panse ke disip yo te di nonm nan pou I sispann chase demon yo?** \_\_\_\_\_

---

---

**Kouman nou fè konnen ke sa Jezi te di nan vèsè 39-40 lan pa t yon verite ki klè, kisa w panse li t ap eseye moutre?** \_\_\_\_\_

---

---

**Poukisa kreyen yo kèk fwa jwenn li pi fasil pou yo diskite sou diferans doktrinal olye yo gate enèji yo nan fè travay ke Jezi vle yo fè a?** \_\_\_\_\_

---

---

**Kek moun ta kapab li pasaj sa a epi di ke Jezi vle di ke sa pa enterese li pou konnen nan kisa moun yo kwè, sèlman li vle pou yo fè bagay yo kòrèk. Chèche avèk pwòp entèlijans ou yon vèsè nan Bib la pou pipiti ki demoutre ke sa pa kòrèk. Ekri li nan espas vid ki anba a.**

---

---

**Jezi demoutre lanmou li espesyal pou sa a yo k ap swiv li nan vèsè 41-42. Avèk pwòp mo pa ou, dekrive rezulta moun ki ede ak anpeche chemen Kris la.**

---

---

---

***Etidye* vèsè sa a yo osijè de kijan levanjil la pi gwo pase sa a yo k ap anpeche l la.**

Mak 2:16-17

Filipyen 1:17-18

Matye 19:13-14

**Medite epi imajine oumenm menm k ap gade depi byen lwen pwent yon lil, yon kote w gen anpil zanmi ak fanmi ki rete la ki pa kretyen. Sou pon an gen plizyè obstak ki anpeche w rive kote yo ye a epi yomenm nonplis kote w ye a. Imajine nati obstak sa a yo se egzanp, epi kouman yo ta kapab deplase oswa chape.**

**JOUNAL: Èske te gen yon moman nan lavi w kote konpòtman w avèk atitud ou te sèvi yon obstak pou levanjil la? Kilè ak kouman? Kounye a dekrive kalite ak entansite tenwayaj ou anvè monden yo avèk moun ou rekònèt ki pa konn ale legliz.**

---

---

---

---

---

---

---

---

---

---

---

---

---

---

---

---

---

---

---

---

---

---

---

---

**Lapriyè pou w gen bon konprann pou w transmèt mesaj levanjil la bay lòt yo.**

**Resite Jan 1:6-8 kounye a epi pratike li chak jou pandan semèn nan jouskaske w aprann li.**

## **YON TI MACHE POU PI FON**

*Etid Pèsonaj yo ki nan Nouvo Testaman an*

**Semèn 6 Jan:** Disip Ke Jezi Te Renmen An

### **Jou 2 – Yon Levanjil Pou Tout Moun**

*Tout moun gen pou wè ak levanjil la, men anpil moun twouve yo deyò levanjil la.*

**Karl Barth (1886-1968)**

*Li pasaj biblik sa a dousman epi fè anpil atansyon.*

#### **Lik 9:51-56**

**51** Dat pou Jezi te moute nan syèl la t'ap pwoche. Lè sa a li pran desizyon l', li pran chemen Jerizalèm.  
**52** Li voye kèk mesaje devan. Yo pati. Yo antre nan yon bouk peyi Samari pou pare yon kote pou Jezi desann. **53** Men, moun yo pa t' vle resevwa l', paske li tapral Jerizalèm. **54** Lè Jak ak Jan, de nan disip yo, wè sa, yo di li: Mèt, ou pa ta vle nou bay lòd pou dife nan syèl la desann fin ak yo? **55** Jezi vire bò kote yo, li pale byen sèvè ak yo. **56** Apre sa, y' ale nan yon lòt bouk.

**Ki atitud disip yo te demoutre pou kòmantè yo a? Èske w konnen kèk kreyen ki gen kalite konpòtman sa a nan levanjil la? Ki efè yo genyen sou kreyen ki nan antouraj yo nan legliz la?**

---

---

---

**Èske w panse ke sa te vle di ke pèp sa a se te moun lavil Samari? Èske w panse disip yo t ap di sa a yo te di a si se te moun pèp Izrayèl yo te wè a? Poukisa?**

---

---

---

**Èske w plis tolere kèk gwoup, klas oswa kalite moun? Eseye eksplike kouman ak poukisa sa pase nan lavi w.**

---

---

---

**Kisa ki te repons Jezi pou refi pèp la? Èske sa a yo ta dwe repons nou devan moun ki repouse nou kòm repons Jezi a? Eksplike.**

---

---

---

**Etidye** vèsè sa a yo ki pale de levanjil pou tout moun.

Mak 16:15

Ezayi 49:6

Efezyen 3:6

Sòm 22:27

**Medite** sou gran lanmou Bondye epi kouman li renmen tout moun menm jan. Kounye an, panse avèk moun sa a yo ke ou gen plis pwoblèm pèsonèl la. Panse ak Bondye ki renmen yo san kondisyon, ki pèmèt lanmou pou ou transfòme santiman w yo anvè yo.

**JOUNAL:** Èske w kapab panse ak yon moun ke pésonn pa kapab renmen? Poukisa w panse moun sa a jan li ye a? Kouman Bondye kapab itilize w pou w pataje levanjil la avèk moun sa a oswa moun sa a yo? Kisa ki kapab sèvi yon anpèchman pou sa ta fèt?

---

---

---

---

---

---

---

---

---

---

---

---

---

---

---

---

---

---

---

---

---

---

---

---

---

---

---

---

---

---

---

---

---

---

---

---

---

---

**Lapriyè** pou moun sa a yo ki sanble pa gen moun ki kapab renmen yo, ki fè pati lavi w. Lapriyè pou Salil epi pou kwasans espirityèl li.

**Resite** Jan 1:6-8 kounye a epi pratike li chak jou pandan semèn nan jouskaske w aprann li.

## **YON TI MACHE POU PI FON**

*Etid Pèsonaj yo ki nan Nouvo Testaman an*

**Semèn 6 Jan:** Disip Ke Jezi Te Renmen An

### **Jou 3 – Pyèj Yon Anbisyon Espirityèl**

*Nan lavi natirèl nou, anbisyon nou yo se bagay ki pèsonèl. Nan lavi kretyen nou pa dirije nou vè noumenm, epi ta sanble ke direksyon Bondye a pa fikse kote ki pa gen anyen paske nou se longvi pou wè sa l ap moutre a.*

**Oswald Chambers (1874-1917)**

*Li* pasaj biblik sa a dousman epi fè anpil atansyon

#### **Mak 10:35-45**

35 Apre sa, de pitit Zebede yo, Jak ak Jan, pwoche bò kot Jezi, yo di l' konsa: -Mèt, nou ta renmen ou fè sa nou pral mande ou la a pou nou. 36 Li di yo: -Kisa nou ta vle m' fè pou nou? 37 Yo di li: -Fè nou chita yonn sou bò dwat ou, lòt la sou bò gòch ou, lè wa nan tout bèl pouvwa ou. 38 Jezi reponn yo: -Nou pa konnen sa n'ap mande la a. Eske nou ka bwè nan menm gode mwen pral bwè a? Eske nou ka resevwa menm batèm mwen pral resevwa a? 39 Yo di li: -Nou kapab. Jezi reponn yo: -Se vre. n'a bwè nan menm gode mwen pral bwè a, epi n'a resevwa menm batèm mwen pral resevwa a. 40 Men, kanta pou chita sou bò dwat osinon sou bò gòch mwen an, se pa mwen ki bay sa. Plas sa yo, Bondye rezèvè yo pou moun li vle. 41 Lè dis lòt disip yo tandé sa, yo pa t' manke fache sou Jak ak Jan. 42 Jezi rele yo, li di yo konsa: -Nou konnen ki jan moun ki pase pou chèf nasyon yo trete pèp la tankou esklav; grannèg yo renmen fè moun santi jan yo gen pouvwa. 43 Men, se pa konsa pou sa fêt nan mitan nou. Okontrè, si yonn nan nou ta vle vin grannèg, se pou l' sèvi nou tout. 44 Si yonn nan nou ta vle chèf, se pou l' esklav nou tout. 45 Paske, mwen menm, Moun Bondye voye nan lachè a, mwen pa vini pou moun rann mwen sèvis, men mwen vini pou m' rann moun sèvis. Wi, mwen vin bay lavi m' pou peye delivrans anpil moun.

Poukisa ou kwè Jak avèk Jan te fè Jezi demann sa? \_\_\_\_\_

\_\_\_\_\_

Kouman Jezi te reyaji fas avèk demann sa a? Poukisaw panse li te reponn nan fason sa a?

\_\_\_\_\_

Kisaw panse ke Jezi te vle di lè l te mande yo si yo te kapab "bwè nan menm koup ke Li te bwè a" oswa "batize avèk menm batèm ke Li"? Èske sa se te yon mesaj klè oswa te gen lòt siyifikasyon anplis? Eksplike. \_\_\_\_\_

\_\_\_\_\_

Daprè vèsè 40, kisa nou konnen sou wòl nan plas nan wayòm Jezi a?

---

---

---

Jezi te itilize demann Jak avèk Jan an kòm yon opòtinite pou anseye disip yo kèk lesон enpòtan sou atitud ak aksyon yo:

1. Yo ta pral gouvène nan yon fason ki diferan de \_\_\_\_\_ (vèsè 42)
2. Grandè nan wayòm Jezi a se pou \_\_\_\_\_ yo avèk \_\_\_\_\_ (vèsè 43, 44)
3. \_\_\_\_\_ se te gwo egzanp pou sèvis kretyen yo (vèsè 45)

**Etidye** vèsè sa a yo ki pale sou anbisyon ki pa kòrèk.

2 Samyèl 15:1-4

1 Wa 1:5

Matye 20:21

Lik 22:24

Jan 5:44

**Medite** imajine w ou rive nan syèl la. Anmezi w ap pwoche bòkote Jezi, imajine w ke L ap gade w jouk anndan nanm ou epi mande w ki kote plas ou ta dwe ye. Pandan l ap fè referans ak lavi w sou latè, èske yo ta dwe ba w yon plas lonè avèk sèvitè w ak bon domestik ou yo?

**JOURNAL:** Ekri osijè de kèk bagay nan lavi w ke w te gen anbisyon pou yo. Kisa yo ye epi poukisa ou te gen pasyon pou w te genyen yo? Konpare sa avèk anbisyon w gen pou kounye a pou w sèvi nan Wayòm Bondye a.

---

---

---

---

---

---

---

---

---

---

---

---

---

---

---

---

---

---

---

---

---

---

---

---

Lapriyè pou Bondye kiltive yon anbisyon nan ou, se pa pou w ka vin popilè, se pito pou w kapab sèvi.

**Resite** Jan 1:6-8 kounye a epi pratike li chak jou pandan semèn nan pou w kapab aprann li.

## **YON TI MACHE POU PI FON**

*Etid Pèsonaj yo ki nan Nouvo Testaman an*

**Semèn 6 Jan:** Disip Ke Jezi Te Renmen An

### **Jou 4 – Sa Yo Renmen An Ak Trayizan An**

*Èske limenm li pap konnen lòt ou pran nan pèlen an...  
ke nan yon ti tan ou gen pou w fè menm bagay la avèk li?*

**Michel Eyquem de Montaigne (1533-1592)**

*Li pasaj biblik sa a dousman epi fè anpil atansyon.*

#### **Jan 13:21-26**

**21** Lè Jezi fin di pawòl sa yo, li santi kè l' te boulvèse anpil. Li di yo kareman: Sa m'ap di nou la a, se vre wi: yonn nan nou pral trayi mwen. **22** Disip yo menm, yonn t'ap gade lòt, yo pa t' konnen ki moun li t'ap pale. **23** Yonn nan disip yo, sa Jezi te renmen an, te chita kòtakòt avèk li. **24** Simon Pyè fè l' siy pou l' mande Jezi ki moun li t'ap pale. **25** Lè sa a, disip la panche tèt li bò Jezi, li mande li: Seyè, kilès sa a? **26** Jezi reponn li: Mwen pral tranpe yon moso pen nan plat la: moun wa wè m'a lonje l' bay la, se li menm. Jezi pran yon moso pen, li tranpe l', li lonje l' bay Jida, pitit Simon Iskariòt la.

**NÒT:** Nan Nouvo Testaman an yo pale de Jan kòm "Disip ke Jezi te renmen an". Menm si se te yon deklarasyon zanmitay klè de Jezi avèk Jan, sa pa vle di ke Jezi te renmen lòt disip yo mwen ke li. Epitou nan premye syèk la, soupe nan peyi Palestin nòmalman te konn manje nan yon pozisyon panche alantou de yon tab ki ba, jan sa ekri nan pasaj sa a.

Èske w panse sa vle di yon bagay lè w wè Jan ki mete tèt li sou lestomak Jezi? \_\_\_\_\_

---

---

---

Èske Jan te konn kite yo poze li kesyon sou pozisyon li osijè de Jezi? \_\_\_\_\_

---

---

---

Si yo ta envite w al manje avèk Jezi, èsèke w ta renmen chita kote li pou w apiye sou li? Èske w t ap santi w pi alèz yon tikras pi lwen? Poukisa? \_\_\_\_\_

---

---

---

Vèsè 22 di konsa ke yo “pat konprann de kimoun Jezi t ap pale”. Kisa vle di nou osijè de disip yo ak vizyon Jida a? \_\_\_\_\_

---

---

Nan istwa kout sa a, diferans ki genyen ant disip Jezi te renmen an avèk trayizan an se sèlman yon vye tikras mèt dedistans. Èske w panse ke sa se te yon kout chans pou Jan te chita toupre Jezi epi Jida non? Kisa w panse sa endike? \_\_\_\_\_

---

---

***Etidye*** pasaj biblik sa a ki pale osijè de lanmou nou ak Amitie avèk Jezi.

Jan 15:15

Jan 13:1

Women 8:35

Galat 2:20

Jan 15:9

**Medite** sou lè w santi moun renmen w. Imagine w ke ou se yon tibebe tou piti epi k ap moute sou ponyèt yon papa ki bon anpil, ki santi li kontan paske w avèk li epi ki vle pase anpil tan avèk ou. Pèmèt ke konvèrsasyon ak entèaksyon sa a pran plas nan lespri w.

**JOURNAL:** Nan lavi ou, èske ou te chwazi chita pi pre Jezi ki se Kris la ke posib? Poukisa oubyen poukisa non? Dekri kèk fwa lè ou te plis yon trèt pase yon moun ki gen lanmou pou Jezi ki se Kris la. Kisa bagay sa yo te lakoz epi poukisa? Bay yon egzanp.

---

---

---

---

---

---

---

---

---

---

---

---

---

---

---

---

---

---

---

---

---

---

**Lapriyè** pou yon lonètete toufre anvè Bondye ki renmen w epi pou w aprann renmen lòt moun jan li renmen w lan.

**Resite** Jan 1:6-8 kounye a epi pratike li pandan semèn nan jouskaske w aprann li.

## **YON TI MACHE POU PI FON**

*Etid Pèsonaj yo ki nan Nouvo Testaman an*

**Semèn 6 Jan:** Disip Ke Jezi Te Renmen An

### **Jou 5 – Pibliye Yon Verite Espirityèl**

*Bay temwayaj se pa yon okipasyon pou tan lib, oswa yon aktivite yon fwa pa semèn. Li dwe yon kalite lavi. Ou pap bay temwayaj, ou se yon temwen.*

Dan Greene

*Li* pasaj biblik sa a dousman epi fè anpil atansyon.

#### **1 Jan 1:1-4**

1 M'ap ekri nou sou pawòl ki bay lavi a, pawòl ki te la depi nan konmansman tout bagay. Nou te tande l', nou te wè l' ak pwòp je nou, nou te gade l' byen gade, nou te manyen l' ak men nou. 2 Lè lavi a te parèt, nou te wè li. Se poutêt sa mwen ka pale nou sou sa: m'ap fè nou konnen lavi ki p'ap janm fini an, lavi ki te la avèk Papa a, lavi ki te parèt aklè devan nou an. 3 Sa nou menm nou te wè a, sa nou te tande a, m'ap fè nou konnen l' tou pou nou ka viv ansanm yonn ak lòt nan lavi nou tout n'ap mennen ansanm ak Papa a ansanm ak Pitit li a, Jezikri. 4 M'ap ekri nou sa pou kè nou ka kontan nèt ale.

Jan dekrite rankont li avèk Jezi tankou yon bagay sansib. De ki sans vèsè premye a t ap pale?

---

---

---

Fè yon lis ki genyen plizyè senbòl ki sanble ak sa a yo ke Jan te itilize pou I te pale de Jezikris nan pasaj sa a. Poukisa w panse li te itilize imaj sa a pou fè agiman sa? \_\_\_\_\_

---

---

---

Jan bay de rezon ki fè I ap pibliye verite Kris la. Se kisa yo ye? \_\_\_\_\_

---

---

---

Èske w kapab sonje dat relasyon lafwa w te koumanse avèk Kris? Kilè sa te pase epi kisa ki te santiman w ak repons ou yo? \_\_\_\_\_

---

---

---

**Jan pale de sa li te “wè ak tande” nan eksperyans li avèk Jezikris. Ki kèk bagay enpòtan ke w te wè ak tande nan mache espirityèl ou epi kouman yo te fè lafwa w grandi?**

---

---

---

---

***Etidye* vèsè sa a yo ki pale de pibliye eksperyans Kris yo avèk lòt moun.**

Matye 10:27    Travay 1:22    Travay 5:30-32    Kolosyen 1:28-29    2 Pyè 1:16-19

**Medite pandan w ap imajine w nan yon chanm ki plen ak moun ki vle konn kèk bagay de Jezi. Yo rete ap koute epi tan pou w pataje istwa espirityèl ou avèk yo. Kisa w ta di yo?**

**JOURNAL: Ekri sou de oswa twa gwo bagay ke Bondye te fè nan lavi ou epi kouman yo te chanje w. Kouman detèminasyon w ye pou w pataje istwa espirityèl ou avèk lòt moun?**

---

---

---

---

---

---

---

---

---

---

---

---

---

---

---

---

---

---

---

---

---

---

---

---

**Lapriyè pou ke ou kapab yon gwo fòs nan pataje lafwa w avèk lòt moun.**

**Resite Jan 1:6-8 kounye a epi pratike li pandan semèn nan jouskaske w aprann li.**

## **Jan: Disip Ke Jezi Te Renmen An**

### **Rezime Espirityèl – *Semèn 6***

Kilès nan karakteristik pèsonèl ou yo se yon benediksyon pou lòt moun? Kilès nan karakteristik pèsonèl ou yo kapab sèvi yon anpèchman pou lòt moun? \_\_\_\_\_

---

---

Èske li difisil pou ou pwofese kèk kalite moun? Poukisa? \_\_\_\_\_

---

---

Èske natirèlman ou se yon lidè espirityèl oswa yon disip? Poukisa sa se yon verite? \_\_\_\_\_

---

---

Èske w te trayi Kris kèk fwa nan lavi w? Eksplike. \_\_\_\_\_

---

---

Kijan w pibliye lavi espirityèl ou nan lòt moun nan lavi w? \_\_\_\_\_

---

---

Kijan w ta dekriye natirèlman relasyon w avèk Bondye jodi a? \_\_\_\_\_

---

---

# **YON TI MACHE POU PI FON**

*Etid Pèsonaj yo ki nan Nouvo Testaman an*

**VÈSÈ POU APRANN**

Semèn 7

*Tansèlman, nou konn sa  
byen: nan tout bagay,  
Bondye ap travay pou  
byen tout moun ki renmen  
'l, pou byen tout moun li  
te fè lide rele.*

Women 8:28

## **YON TI MACHE POU PI FON**

*Etid Pèsonaj yo ki nan Nouvo Testaman an*

**Semèn 7 Sòl/Pòl (Premye Pati): De Farizyen a Fidèlite**

### **Jou 1 – Akizatè Jalou A**

*Kretyen ki motive pa mwayen legalis yo toujou vle konnen sa moun ap tann de yo. Yo vle fè sèlman sa ki nesesè pou moun genyen yo respè. Yo kreye règ espisifik pou konnen espesyalman kouman yo dwe konpòte yo. Y'ap travay byen di pou epi rete tan ke yon jou yo wè bèl rezulta travay yo. Dapre Nouvo Testaman, kalite moun sa a yo se legalis; yo sèvi ak lalwa pou yo etabli jistis.*

**Erwin W. Lutzer (1941- )**

**NÒT:** Sòl de Tas (limenm ki te vin pote non Pòl, Apot Pòl) parèt anpremye nan Nouvo Testaman ak responsabilite li kòm farizyen, ki se yon tit ki vle di ke li te antrene pou l te yon manm relije pamijwif yo. Nou jwenn li nan istwa sa a kòm obsèvâtè youn nan disip yo, Etyèn, ke yo te mennen bay sanedren (konsèy lidè jwif yo) pou predikasyon li ak ministè mèveye epi mirak anba pouvwa Sentespri a. Pasaj sa a se konklizyon long defans ministè Etyèn devan lidè jwif yo, pamijwif yo nou jwenn Sòl de Tas.

*Li* pasaj biblik sa a dousman epi fè anpil atansyon.

### **Travay 7:51-60 8:1-3**

**51** Ala moun gen tèt dil! Tankou moun lòt nasyon yo, nou fèmen kè nou, nou fèmen zòrèy nou bay Bondye, n'ap kenbe tèt ak Sentespri toujou. Nou tankou zansèt nou yo. **52** Kilès nan pwofèt yo zansèt nou yo pa t' pèsekite? Yo te touye tout pwofèt ki te fè konnen davans ki jan Sèvitè Bondye a te gen pou vini. Koulye a, se Sèvitè Bondye a menm nou trayi, se li menm nou touye. **53** Se nou menm ki te resevwa lalwa Moyiz nan men zanj Bondye yo, epi se nou menm ankò ki pa obeyi li. **54** Lè manm Gran Konsèy yo tandé pawòl sa yo, yo fin pran chenn, yo manje dan yo sou Etyèn sitèlman yo te an kolè. **55** Men Etyèn, anba pouvwa Sentespri, leve je l' anlè, li gade syèl la. Li wè tout bèl pouvwa Bondye a ansanm ak Jezi kanpe sou bò dwat Bondye. **56** Li di: Gade, men mwen wè syèl la louvri, ak Moun Bondye voye nan lachè a kanpe sou bò dwat Bondye. **57** Moun yo pran rele byen fò, yo bouche zòrèy yo. Epi yo tout tonbe sou li ansanm. **58** Yo trennen l' deyò lavil la. Yo touye l' ak kout wòch. Moun ki t'ap akize Etyèn yo te mete rad yo nan pye yon jenn gason yo te rele Sòl. **59** Pandan yo t'ap voye wòch sou Etyèn, Etyèn menm t'ap lapriyè, li t'ap di: Seyè Jezi, resevwa lespri mwen. **60** Apre sa, li tonbe ajenou, li rele byen fò: Seyè, pa mete peche sa a sou kont yo. Lè l' fin di sa, li mouri.

**8:1** Sòl menm te dakò pou yo te touye Etyèn. Menm jou sa a, yo kòmanse pèsekite legliz Jerizalèm lan anpil. Tout disip yo gaye kò yo nan peyi Jide ak nan peyi Samari. Se apòt yo sèlman ki te rete Jerizalèm. **2** Kék moun ki renmen Bondye te antere Etyèn, yo te kriye anpil pou li. **3** Sòl menm te soti pou l' fini ak legliz la. Li mache kay an kay, li trennen tout moun ki kwè yo rache yo met deyò pa fòs, li fè fèmen fanm kou gason nan prizon.

**Etyèn te fè fas ak Farizyen yo avèk sis akizasyon pou pipiti sou fason yo t ap pratike lafwa yo ak devwa yo kòm lidè espirityèl:**

1. Li te akize yo kòm \_\_\_\_\_ (tèt di).
2. Li te di yo te \_\_\_\_\_ kè yo (tankou moun lòt nasyon yo).
3. Li te akize yo kòm moun ki te toujou ap \_\_\_\_\_ (fèmen zòrèy yo bay Bondye).
4. Li fikse istwa l la sou \_\_\_\_\_ pwofèt yo ke Bondye te voye a.
5. Li te akize yo kòm moun ki te touye \_\_\_\_\_ ak \_\_\_\_\_.

**Kouman Farizyen yo te reyaji fas ak pawòl Etyèn yo? Poukisa w panse yo te aji nan fason sa a?**  
**Èske w te fè reyakson sa a kèk fwa lè yon moun te di w kèk verite? Kilè? \_\_\_\_\_**

**Poukisa w panse yo te bouche zòrèy yo epi ataque Etyèn pou sa l te di nan vèsè 56 la? Kisa ki te wòl Sòl nan atak la? \_\_\_\_\_**

**Kouman Sòl te reyaji apre yo te fin touye Etyèn? Kisa sa vle di nou sou kondisyon espirityèl li nan epòk sa a? \_\_\_\_\_**

***Etidye* vèsè sa a yo osijè de pèsekisyon nan lavi kretyen.**

Matye 24:9-13

Lik 21:12-15

Jan 15:19-21

2 Timote 3:12-15

**Medite** pandan w ap imajine oumenm nan sèn istwa ekriti jodi a, k ap koute santans kondannasyon Etyèn k ap dirije pa mwayen Sentespri a vè Sòl ak Farizyen yo. Ki santiman w genyen?

**JOUNAL:** Kouman w reyaji fas ak gwo vwa ak pwofesi ke Bondye fè rive nan lavi w? èske sa fè w ankolè oswa fache, èske sa afekte w nan kèk fason? Èske w sispèk ou tonbe anba règ ak reliyon Farizyen yo? Si se konsa, kouman?

**Lapriyè pou ke Seyè a voye plis “Etyèn” nan mond pa w la pou fè avanse espirityalite w.**

**Resite Women 8:28 kounye a epi repete li chak jou jouskaske w aprann li.**

## **YON TI MACHE POU PI FON**

*Etid Pèsonaj yo ki nan Nouvo Testaman an*

**Semèn 7 Sòl/Pòl (Premye Pati): De Farizyen a Fidèlite**

### **Jou 2 – Yon Konvokasyon Enpresyonan**

*Yon presyon ki dire fè m gen yon lajwa sou rekonesans epi konplètman satisfè paske mwen se objè yon konvokasyon espesifik ak espesyal Bondye.*

**Paul Toms**

*Li* pasaj biblik sa a byen dousman epi fè anpil atansyon.

#### **Travay 9:1-16**

1 Men Sòl, bò pa li, pa t' sispann menase touye disip Seyè yo. li al jwenn granprèt la. **2** Li mande l' lèt otorizasyon pou tout sinagòg ki nan lavil Damas. Konsa, tout moun li ta jwenn k'ap swiv chemen Bondye a, fanm kou gason, li te ka arete yo, mare yo mennen Jerizalèm. **3** Antan l' te sou wout la, prèt pou rive lavil Damas, li rete konsa yon limyè soti nan syèl la, li klere tout kote l' te ye a. **4** Sòl tonbe atè, epi l' tandemé yon vwa ki di li: Sòl, Sòl, poukisa w'ap pèsekite mwen konsa? **5** Li reponn: Ki moun ou ye, Mèt? Vwa a reponn li: Mwen se Jezi, moun w'ap pèsekite a. **6** Leve, antre lavil la. Se la y'a di ou sa ou gen pou fè. **7** Moun ki t'ap vwayaje ansanm ak Sòl yo te rete san di yon mo: yo te tandemé vwa a byen klè, men yo pa t' wè pesonn. **8** Sòl leve atè a, li louvri je l' men li pa t' kapab wè anyen. Yo pran men l', yo mennen l' lavil Damas. **9** Li rete la twa jou san wè, san manje, san bwè. **10** Nan lavil Damas te gen yon disip ki te rele Ananyas. Seyè a parèt devan l' nan yon vizyon, li rele li: Ananyas. Ananyas reponn: Men mwen, Seyè. **11** Seyè a di li: Leve koulye a, ale nan Ri Dwat la lakay Jida, mande pou yon nonm yo rele Sòl, moun lavil Tas. L'ap lapriyè kote l' ye a, **12** li fè yon vizyon: li wè yon nonm yo rele Ananyas antre vin mete men sou tèt li pou l' kapab wè ankò. **13** Ananyas reponn: Seyè, mwen tandemé nan bouch anpil moun kantite mechanste li fè moun pa ou yo pase lavil Jerizalèm. **14** Epitou li vin isit la ak pouvwa pou l' arete dènye moun k'ap rele non ou. Se chèf prèt yo menm ki ba l' pouvwa sa a. **15** Men, Seyè a di li: Ale. Paske nonm sa a, mwen chwazi l' pou sèvis mwen, pou l' fè tout moun konnen non mwen, moun lòt nasyon yo ak tout wa yo ansanm ak pèp Izrayèl la. **16** Mwen menm, m'a moutre l' tou sa li gen pou l' soufri pou mwen.

**Kisa ki te objektif vwayaj Sòl pou l' te ale nan lavil Damas?** \_\_\_\_\_

**Dekrive ak pwòp mo pa ou sa ki te pase Sòl sou wout Damas la.** \_\_\_\_\_

**Èske w panse ke te gen yon motif pou Sòl te tonbe avèg? Kisa l ta kapab ye?** \_\_\_\_\_

**Eksplike sa Bondye te di Ananyas pou l te fè. Poukisa Ananyas pa t vle obeyi?**

**Fè yon lis de plizyè bagay Bondye te di Ananyas osijè de lòt lavi ak ministè Sòl (Pòl).**

**Èske w te fè kèk gwo rankont ak Bondye kèk fwa ki te chanje lavi w ? Kilè ak kouman sa te fèt? Kouman sa te fonksyonen pandan tout lavi w?**

***Etidye* lòt evènman biblik sa a yo ki te chanje lavi.**

1 Samyèl 10:9

Lik 19:9

Travay 13:12

Travay 16:4

**Medite** pandan w ap imagine ke w ap mache toupre yon pòt kote w tandé moun ap pale anndan. Ou rann ou kont ke se Bondye k ap diskite osijè de oumenm sou sa ki gen pou wè ak karaktè epi sèvis ou kòm kretyen. Kisa bagay espesifik ou panse l ta dwe site menm epi kouman ou ta santi w lè w tandé sa?

**JOURNAL:** Ekri tankou ou se Bondye k ap pale de oumenm. Itilize twazyèm pèsonn nan pou w pale de oumenm epi souliye bagay ke w dekouvri nan meditasyon egzèsis avan an. Se pou w eksplike tout ti detay lè w ap fè kritik lavi espirityèl ou a.

**Lapriyè pou yon gwo rankont mèveye avèk Bondye ki chanje lavi.**

**Resite Women 8:28 kounye a epi pratike li chak jou pandan semen nan jouskaske w parann li.**

## **YON TI MACHE POU PI FON**

*Etid Pèsonaj yo ki nan Nouvo Testaman an*

**Semèn 7 Sòl/Pòl (Premye Pati): De Farizyen a Fidèlite**

### **Jou 3 – Yon Gwo Transfòmasyon**

*Yon balèn se yon bêt ki inik tankou yon kaktis. Men piga w mande yon balèn pou l viv nan yon dezè. Nou tout gen don espesyal yo. Ki kote ak fason nou itilize yo detèmine reyèlman si nou konplete yon bagay.*

**Max DePree**

*Li pasaj biblik sa a dousman epi fè anpil atansyon.*

#### **Travay 9:17-31**

17 Ananyas ale, li antre nan kay la, li mete men l' sou tèt Sòl, li di li: Sòl, frè mwen, Seyè Jezi voye m' kote ou. Se li menm ki te parèt devan ou sou granchemen an lè ou t'ap vini an. Li voye m' pou ou ka wè ankò, pou ou vin anba pouvwa Sentespri. 18 Menm lè a, bagay tankou kal pwason sot tonbe nan je Sòl, epi l' wè ankò. Sòl leve, li resevwa batèm. 19 Apre sa, li manje epi l' vin gen fòs ankò. Sòl rete pase kèk jou ankò ak disip ki te Damas yo. 20 Menm lè a tou, li kòmanse bay mesaj la nan sinagòg yo, li t'ap fè moun konnen Jezi se pitit Bondye. 21 Tout moun ki te tande l' te sezi, yo t'ap di: Apa nonm sa a ki t'ap maltrete tout moun ki t'ap rele non sa a lavil Jerizalèm? Se pa li ki vin isit la toutespre pou arete yo, pou mennen yo bay chèf prêt yo? 22 Men, Sòl t'ap vin pi fò toujou. Li t'ap fèmen bouch tout jwif ki t'ap viv Damas yo lè li t'ap moutre yo Jezi se moun Bondye te chwazi pou l' voye a menm. 23 ¶ Kèk jou apre sa, jwif yo fè konplou pou yo touye li. 24 Men, Sòl te pran nouvèl konplou a. Lajounen kou lannwit yo t'ap veye pòtay lavil la pou yo touye li. 25 Lè sa a, patizan Sòl yo pran l' nan mitan lannwit, yo mete l' nan yon panyen, yo file l' desann lòt bò miray lavil la. 26 Lè Sòl rive lavil Jerizalèm li te vle mete l' ak disip yo, men yo tout te pè l': yo pa t' kwè li te yon disip tout bon vre. 27 Lè sa a, Banabas pran l' avè l', epi li mennen l' bò kot apòt yo. Li rakonte yo ki jan Sòl te wè Seyè a sou wout la, ki jan Seyè a te pale avè li. Li di yo tou ki jan nan lavil Damas Sòl te anonse bon nouvèl la nan non Jezi avèk konviksyon. 28 Depi lè sa a Sòl te toujou ak disip yo. Li t'ap ale vini ak yo nan tout Jerizalèm, li t'ap bay mesaj la avèk konviksyon nan non Seyè a. 29 Li t'ap pale avèk jwif ki pale lang grèk la, li t'ap diskite avèk yo. Men, yo menm yo t'ap chache touye li. 30 Lè frè yo vin konn sa, yo mennen l' lavil Sezare, yo fè l' pati pou Tas. 31 Lè sa a, legliz la te gen repo toupatou nan Jide, nan Galile ak nan Samari. Li t'ap devlope, li t'ap viv avèk krentif pou Bondye. Avèk konkou Sentespri, li t'ap resevwa anpil moun toujou.

**Ananyas te di Sòl konsa ke Bondye te voye li al rankontre ak li pou de bagay kapab pase: Ki de bagay sa a yo?** \_\_\_\_\_

**Fè yon lis senk bagay ke Sòl te fè apre konvèsyon mèveye li a: (Vèsè 18-20)**

† \_\_\_\_\_

† \_\_\_\_\_

† \_\_\_\_\_

† \_\_\_\_\_

† \_\_\_\_\_

Kisa fraz sa a vle di “Sòl t ap vin pi fò toujou”? (Vèse 22) \_\_\_\_\_

---

Kisa Sòl te fè pi byen, akoz de pasyon ak antrènman li? (vèse 22) Èske w ta kapab di ke w ka fè sa nan lavi w? Poukisa wi oswa poukisa non? \_\_\_\_\_  
\_\_\_\_\_  
\_\_\_\_\_

Fè yon lis de kèk difikilte ke Sòl te rankontre lè I koumanse pratike lafwa tounèf sa ak vokasyon li.

1. Lidè relije yo te reyaji nan \_\_\_\_\_ (vèse 23).

2. Reyakson lòt disip ki te nan Jerizalèm yo se te: \_\_\_\_\_  
paske \_\_\_\_\_

3. Jwif-grèk yo te reyaji avèk sa ki t ap fè deba yo \_\_\_\_\_ (vèse 29).

Fè yon lis ki gen kèk bagay ki te ede Sòl pratike vokasyon tounèf li a nan lavi li

1. Disip yo te ede Pòl \_\_\_\_\_ (vèse 25).

2. Banabas te ede Sòl \_\_\_\_\_ (vèse 27).

Dekrive kèk difikilte ak èd ke w te genyen nan relasyon w ak sèvis pou Bondye.

---

---

*Etidye* vèsè sa a yo osijè de kijan yon rankont pèsonèl ak Bondye chanje ak transfòme.

Women 12:2

2 Korentyen 4:16

Tit 3:5

Kolosyen3:10

Medite pandan w ap imajine w pandan w ap koumanse jodi a se yon bagay ki ilegal pou yon moun kretyen nan peyi sa a, avèk santans prizon oswa lanmò. Kijan w panse w ta reponn ak sitiaysyon sa?

JOURNAL: Dekrive pibyen jouktan w kapab etap jounen espirityèl nan lavi w. Bay detay sou chanjman espesifik yo ki fèt nan lavi w depi w fin konvèti kòm kretyen.

---

---

---

---

---

---

---

Lapriyè pou ke Bondye kontinye transfòme w epi chanje w nan chemen espirityèl ou chak jou.

Resite Women 8:28 kounye a epi pratike li chak jou pandan semèn nan jouskaske w aprann li.

## **YON TI MACHE POU PI FON**

*Etid Pèsonaj yo ki nan Nouvo Testaman an*

**Semèn 7 Sòl/Pòl (Premye Pati): De Farizyen a Fidèlite**

### **Jou 4 – Yon Gwo Transfòmasyon**

*Konvèsyon san antrènman enplike anpil nan pifò ansèyman evanjelistik nou yo.*

*Se tankou sa vin posib pou yon moun vin pou Kris san li pa pran lakwa.*

**C. D. Alexander**

*Si nou te aprann siyifikasyon de yon antrènman disip reyèl epi reyèlman konvèti an disip, legliz la ta transfòme epi enpak rezulta li nan sosyete a ta enpresyonan.*

**David Watson (1933-1984)**

*Li pasaj biblik sa a dousman epi fè anpil atansyon.*

#### **Travay 11:19-30**

**19** Avèk pèsekisyon ki te tonbe sou yo apre lanmò Etyèn lan, disip yo te gaye. Genyen ki te al jouk nan peyi Finisi, nan lil Chip, ak lavil Antiòch. Men, yo t'ap anonsé pawòl la bay jwif yo sèlman. **20** Lè sa a, kèk disip ki te moun Chip ak moun Sirèn al lavil Antiòch. Antan yo la a, yo pale ak moun Lagrès yo; yo fè yo konnen bon nouvèl ki pale sou Jezi Seyè a. **21** Pouwva Bondye te avèk yo; anpil nan moun Lagrès yo rive kwè, yo te tounen vin jwenn Bondye. **22** Legliz Jerizalèm lan vin aprann nouvèl la. Li voye Banabas lavil Antiòch. **23** Lè Banabas rive, li wè ki jan Bondye t'ap beni disip yo. Li pa t' manke kontan, li t'ap ankouraje yo pou yo tout te kenbe fèm ak tout kè yo nan sèvis Seyè a san dekoraje. **24** Banabas sa a te yon bon gason. Li te gen anpil konfyans nan Bondye, epi Sentespri te kenbe l' anba pouwva l' tout tan. Anpil moun te vin kwè nan Seyè a. **25** Apre sa, Banabas ale lavil Tas, li al chache Sòl. **26** Lè l' jwenn li, li mennen l' lavil Antiòch. Yo pase yon lanne ansanm ap fè reyinyon ak legliz la. Yo t'ap moutre anpil moun sa pou yo fè. Se nan lavil Antiòch sa a premyè fwa yo te rele disip yo kretyen. **27** Lè sa a, kèk pwofèt soti Jerizalèm rive Antiòch. **28** Yonn ladan yo, ki te rele Agabis, leve epi avèk pouwva Sentespri, li fè konnen tapral gen yon gwo grangou sou tout latè. (Grangou sa a te rive vre sou reny wa Klòd.) **29** Disip yo deside pou chak moun bay sa yo kapab pou yo voye ede frè yo ki te nan peyi Jide. **30** Se sa menm yo te fè. Apre sa, yo voye Banabas ak Sòl pote sa yo te ranmase a bay chèf fanmi yo ki te nan Jide.

**Kimoun kretyen ki te nan mawon yo te preche levanjil? (vèsè 19-20)**

---

---

**Kisa ki te rezulta efò evanjelistik sa?** \_\_\_\_\_

---

**Fè lis de reyaksyon Banabas yo fas ak sa ki te pase nan Antyòch la. (vèsè 23)**

1. \_\_\_\_\_ 2. \_\_\_\_\_

**Kouman Banabas te prezante la? Jous nan ki nivo ou pataje karakteristik sa a yo?**

---

---

**Kisa Banabas ak Sòl te fè nan Antyòch? Poukisa yo te pase tout tan sa yo la?**

---

---

---

**Èske w pran angajman pou w toujou ap antrene nan bagay espirityèl yo? Kimoun ki gid espirityèl ou epi kouman w soumèt anba lidèchip espirityèl ou? Eksplike.**

---

---

---

***Etidye* vèsè sa a yo osijè ansèyman kretyen ak antrènman disip nan legliz primitiv la.**

Travay 13:1      Travay 15:35      Kolosyen3:16 2      Timote 2:1-2      Tit 2:1-9

**Medite pandan w ap imajine w nan yon klas ki plen ak moun ki vle konnen verite a osijè de Jezikris, lavi ki pap janm fini an avèk reliyon kretyèn nan. Ou se antrenè a. Kisa w ta di yo, kijan w taka santi w byen pandan w ap eksplike yo bagay sa a yo?**

**JOUNAL: Dekrive enstriksyon w kòm kretyen. Èske se te yon fason sistematik, nan lòd oswa sèlman w te kapte sa w te kapab nan tout tan ke w te kapab nan legliz la epi avèk moun ki kretyen? Premyeman, kouman yo te anseye w?**

---

---

---

---

---

---

---

---

---

---

---

---

---

---

---

---

---

---

---

---

**Lapriyè pou w kapab kenbe yon lespri aprantisaj ak yon anvi ki nòb pou aprann nan lafwa.**

**Resite Women 8:28 kounye a epi pratike li chak jou jouskaske w aprann li.**

## **YON TI MACHE POU PI FON**

Etid Pèsonaj yo ki nan Nouvo Testaman an

**Semèn 7 Sòl/Pòl (Premye Pati): De Farizyen a Fidèlite**

### **Jou 5 – Mete Apa Pou Sèvis La**

Rivyè yo atire atansyon piplis pase ti sous ki fòme li yo. Ou kapab site non gran rivyè yo ki nan mond lan, men w paka site sa ki fòme l yo. Men, san tisous yo, patap gen okenn rivyè. Ou dwe sonje tou, ke tisous yo, menm si moun pa rekònèt yo, yo pi pwòp epi soti nan plas ki pi wo. Kèk nan lavi nou yo se lavi kolaboratè. Se devwa nou pou n bay dlo ki pwòp ki nan plas ki pi wo yo ki pèmèt lòt yo vin tounen gwo rivyè ki gen pouvwa ak enflyans.

**Robert C. Shannon**

*Li* pasaj biblik sa a dousman epi fè anpil atansyon.

#### **Travay 13:1-5**

1 Nan legliz Antioch la te gen kèk pwofèt ak moun ki t'ap bay enstriksyon: se te Banabas, Simeon (yo te rele Ti Nwa), Lisyis, moun Sirèn, Manayèn (ki te grandi ansanm ak Ewòd, gouvènè a), epi Sòl. 2 Yon jou, yo t'ap fè sèvis pou Bondye, yo t'ap fè jèn, lè Sentespri di yo: Mete Banabas ak Sòl apa pou mwen, pou yo fè travay mwen chwazi pou yo fè a. 3 Lè sa a, yo fè jèn, yo lapriyè, yo mete men sou tèt Banabas ak Sòl, epi yo kite yo ale. 4 Se konsa Sentespri te voye Banabas ak Sòl an misyon. Y' al nan peyi Selesi. Antan yo la, yo pran yon batiman pou lil Chip. 5 Lè yo rive Salamin yo tanmen anonse pawòl Bondye a nan sinagòg jwif yo. Yo te gen Jan Mak avèk yo pou ede yo.

**Ki enstriksyon espesyal legliz Antyòch te resevwa nan Banabas ak Sòl?** \_\_\_\_\_  
\_\_\_\_\_  
\_\_\_\_\_

**Kouman legliz la te prepare li pou l te fè sa Sentespri a te di yo fè?** \_\_\_\_\_  
\_\_\_\_\_  
\_\_\_\_\_

**Èske w te priye ak fè jèn pou yon rezon espesifik? Eksplike sa ki te pase.** \_\_\_\_\_  
\_\_\_\_\_  
\_\_\_\_\_

**Ki premye bagay Banabas ak Sòl te fè nan ministè yo? Èske w panse sa vle di yon bagay? Si se konsa, poukisa?** \_\_\_\_\_  
\_\_\_\_\_  
\_\_\_\_\_

**Kisa w panse sa vle di “mete apa pou sèvis Bondye a”?** Bay egzanp. \_\_\_\_\_

---

---

**Etidye** vèsè sa a yo ki pale sou lide yon vokasyon kretyen.

1 Korentyen 1:2      Efezyen 1:18      1 Korentyen 1:22-27      Efezyen 4:4-6

**Medite** nan yon vizyon ke w ap fè nan yon reyinyon nan legliz la. Sanzatann Sentespri a pale nan kè w epi rele w pou w fè yon sakrifis k ap chanje lavi w pou w sèvi Bondye. Ki santiman sa kreye nan ou pandan w ap panse !?

**JOUNAL:** Nan ki dimansyon w konsidere w ye “separe” ak moun ki alantou w yo? Kijan sa fonksyone nan lavi w chak jou? Èske w santi kèk kalite direksyon espesyal Sentespri a nan lavi w? Poukisa oswa poukisa non?

---

---

---

---

---

---

---

---

---

---

---

---

---

---

---

---

---

---

---

---

---

---

---

---

---

---

---

---

---

---

---

**Lapriyè** pou ke Sentespri a kite men li sou ou pandan w ap rete dousman nan ministè w la.

**Resite Women** 8:28 kounye a epi repete li chak jou pandan semen nan jouskaské w aprann li.

## **Sòl/Pòl (*Premye Pati*): De Farizyen a Fidèlite Rezime Espirityèl – *Semèn 7***

Èske w gen kèk nan estil fòmalis ke w wè nan Sòl kòm Farizyen? Eksplike poukisa li oswa li pa kritik konsekan avèk lòt yo.

---

---

---

Kouman Bondye pale avèk ou nòmalman? Èske kèk fwa sa te pase nan yon fason enpresyonan menm jan ak Sòl? Dekrive eksperyans ou yo.

---

---

---

Kouman w te resevwa transfòmasyon nan rankont ou avèk Jezikris?

---

---

---

Èske kwè ke w kapab mete apa pa mwayen Sentespri a pou sèvis Bondye? Kouman w imagine w sa ta kapab fèt?

---

---

---

Ki verite espirityèl ou te aprann pandan semèn sa a pou w pataje li avèk klas la?

---

---

---

# **YON TI MACHE POU PI FON**

*Etid Pèsonaj yo ki nan Nouvo Testaman an*

## **VÈSÈ POU APRANN**

Semèn 8

*M'a delivre ou anba men pèp jwif yo,  
anba men moun lòt nasyon yo. Se  
mwen menm k'ap voye ou ba yo, pou  
ou kapab louvri je yo, pou fè yo soti nan  
fènwa kote yo ye a vin nan limyè, pou  
wete yo anba pouvwa Satan vin jwenn  
Bondye. Konsa, lè y'a mete konfyans  
yo nan mwen, y'a resevwa padon pou  
tout peche yo, y'a jwenn plas yo nan  
mitan pèp k'ap viv apa pou Bondye a.*

Travay 26:17-18

## **YON TI MACHE POU PI FON**

*Etid Pèsonaj yo ki nan Nouvo Testaman an*

**Semèn 8 Sòl/Pòl (Dezyèm Pati): Yon Nonm Misyon Ak Ministè**

### **Jou 1 – Temwen Seyè A Nan Mond Lan**

*Zanj yo pa kapab preche levanjil la, se sèlman moun tankou Pòl, oumenm  
avèk mwen nou kapab preche levanjil la.*

**Oswald Chambers (1874-1917)**

*Renmen pale anpil pa esansyèl pou evanjelizasyon, se pito obeyisans ak lanmou.*

**Rebecca Manley Pippert**

*Li* pasaj biblik sa a dousman epi fè anpil atansyon.

#### **Travay 13:42-51**

42 Antan Banabas ak Pòl t'ap soti nan sinagòg la, moun yo mande yo pou yo tounen jou repo k'ap vini an pou pale sou tout bagay sa yo ankò. 43 Apre reyinyon an, anpil jwif ak anpil moun lòt nasyon ki te konvèti nan reliyon jwif yo te swiv Pòl ak Banabas. Apòt yo menm te pale ak yo, yo te ankoraje yo pou yo rete fèm nan favè Bondye. 44 Jou repo ki vin apre a, prèske tout moun nan lavil la te sanble pou tande pawòl Seyè a. 45 Lè jwif yo wè foul moun yo, yo pran fè jalouzi: yo t'ap demanti tou sa Pòl t'ap di a, yo t'ap joure li. 46 Men, Pòl ak Banabas di yo kareman: Se nou menm premye moun ki pou te resevwa Pawòl Bondye a. Men, n'ap repouse l', nou pa konsidere tèt nou bon ase pou n' antre nan lavi ki p'ap janm fini an. Enben, koulye a nou pral vire bò kote moun lòt nasyon yo. 47 Men lòd Bondye te ban nou: Mwen mete ou pou sèvi yon limyè pou lòt nasyon yo, pou ou kapab ale toupatou sou latè, moutre ki jan tout moun ka jwenn delivrans. 48 Lè moun lòt nasyon yo tande sa, yo pa t' manke kontan: yo pran fè lwanj pawòl Bondye a. Tout moun Bondye te chwazi davans pou resevwa lavi ki p'ap janm fini an te kwè. 49 Pawòl Bondye a t'ap gaye toupatou nan peyi a. 50 Men, jwif yo moute tèt medam lasosyete ki te konvèti nan reliyon jwif yo, ansam ak grannèg lavil yo. Yo tout yo pran pèsekite Pòl ak Banabas: yo mete yo deyò nan peyi a. 51 Pòl ak Banabas souke pousyè pye yo sou yo, y' ale lavil Ikoniom.

**Kisa vèsè 44 la endike osijè de enflyans Pòl ak Banabas nan lavil la?** \_\_\_\_\_

**Pasaj sa a pa itilize mo “preche”. Ki mo ki te itilize pou moutre travay de mesye yo avèk moun yo? Kisa sa moutre nou?** \_\_\_\_\_

**Dekrive twa repons ki konplètman diferan yo anvè levanjil ki prezante la a:**

1. Moun ki te nan sinagòg yo: \_\_\_\_\_

2. Jwif yo (lidè relije yo): \_\_\_\_\_

3. Moun lòt nasyon yo: \_\_\_\_\_

**Kisa vèsè 46-47 la di ke Bondye te voye Pòl ak Banabas fè? \_\_\_\_\_**

**Kouman jwif ki te leve kont Pòl ak Banabas yo te simen zigzani? \_\_\_\_\_**

**Èske w te wè nan kèk okazyon kote levanjil la te lakòz anpil reyakson tankou sa a yo nan istwa a? èske w konn wè kèk moun nan legliz la ki aji tankou lidè relije yo? Kouman epi poukisa?**

***Etidye* vèsè sa a yo ki pale osijè de enfliyans Pawòl Bondye a nan zòrèy moun k ap koute yo.**

Jeremi 6:10      Zakari 7:12      Sòm 50:17      Travay 17:11      I Tesalonisyen 2:13

**Medite pandan w ap imajine ke w yon kote ki tranquil, ap tann devan Bondye. Kounye a mete w alèz epi koute avèk anpil atansyon. Èske w prè pou w tande nenpòt bagay ke Seyè a di w?**

**JOURNAL: Fè lis kèk bagay ou santi ke Bondye t ap di w pou w chanje nan lavi w. Kouman w te tande vwa li byen osijè de sa?**

---

---

---

---

---

---

---

---

---

---

---

---

**Lapriyè pou w gen yon zòrèy pou w koute Bondye nan jou k ap vini yo ak yon kè ki prè pou obeyi.**

**Resite Travay 26:17-18 kounye a epi pratike li chak jou pandan semèn nan jouskaske w aprann li.**

## **YON TI MACHE POU PI FON**

*Etid Pèsonaj yo ki nan Nouvo Testaman an*

**Semèn 8 Sòl/Pòl (Dezyèm Pati): Yon Nonm Misyon Ak Ministè**

### **Jou 2 – Chemen Danje Epi Bay Bon Rezilta**

*Yon lò pa kapab klere si yo pa pase li nan dife, ni yon nonm pafè san li pa pase eprèv.*

**Pwovèb Chinwa**

*Gwo eprèv yo sanble yon preparasyon nesesè pou gwo travay yo.*

**Edward Thomson (1810-1870)**

*Li* pasaj biblik sa a dousman epi fè anpil atansyon.

#### **Travay 14:8-23**

**8** Nan List te gen yon nonm enfim ki te toujou rete chita, paske de pye l' yo te paralize. Li te fèt tou konsa, li pa t' janm mache menm. **9** Li t'ap koute sa Pòl t'ap di. Pòl fikse je l' sou li, li wè nonm lan te gen kont konfyans nan Bondye pou l' te geri. **10** Pòl pale byen fò, li di: Leve, kanpe dwat sou de pye ou yo! Nonm lan vole kanpe, epi li pran mache. **11** Lè foul moun yo wè sa Pòl te fè a, yo pran rele an likaonyen, lang peyi a: Men bondye yo pran fòm moun, yo desann vin jwenn nou. **12** Yo rele Banabas Zeyis, yo rele Pòl Emès paske se li menm ki t'ap pale. **13** Prèt ki sèvi nan tanp Zeyis ki te bò pòtay lavil la mennen kèk towo bèf ak kolye flè devan pòtay la. Ansanm ak pèp la, yo t'ap pare pou yo te fè ofrann bèt pou yo touye bay Pòl ak Banabas. **14** Lè apòt yo tandé sa, yo chire rad sou yo, yo kouri nan mitan foul la, yo pale byen fò, yo t'ap di: **15** Mezanmi, sa n'ap fè konsa? Nou se moun tankou nou tou: nou vin isit la anonse nou yon bon nouvèl: Se pou nou kite tout zidòl sa yo ki pa vo anyen pou n' vire bò kot Bondye ki vivan an. Se li menm ki fè syèl la, tè a, lanmè a ansanm ak tout sa ki ladan yo. **16** Nan tan lontan, li te kite tout nasyon swiv chemen pa yo. **17** Men, li te toujou ap fè yo konnen ki moun li ye, li te fè anpil byen pou yo: li ban nou lapli ki soti nan syèl la ak sezon rekòt. Li ban nou manje an kantite, epi li fè kè nou kontan anpil. **18** Menm avèk tout pawòl sa yo, se pa t' ti traka anvan apòt yo te resi rive anpeche moun yo fè ofrann bèt yo. **19** Kèk jwif soti Antiòch (ki nan peyi Pisidi) ak Ikoniòm. Yo pran tèt foul la, yo kalonnen Pòl kout wòch pou yo touye li. Apre sa, yo trennen l' mete andeyò lavil la, yo te kwè l' te mouri. **20** Men, lè disip yo vin sanble bò kote l', li leve kanpe, epi l' tounen antre nan lavil la. Nan denmen, li pati avèk Banabas, y' al lavil Dèb. **21** Pòl ak Banabas anonse bon nouvèl la nan lavil Dèb. Yo te fè anpil disip la. Apre sa, yo tounen, yo pase List, Ikoniòm, Antiòch (ki nan peyi Pisidi). **22** Yo t'ap bay disip yo fòs, yo t'ap ankouraje yo pou yo rete fèm nan konfyans yo. Yo t'ap di yo: Nou gen pou nou soufri anpil anvan pou n' antre nan peyi kote Bondye wa a. **23** Nan chak legliz, yo chwazi kèk chèf fanmi. Yo fè jèn, yo lapriyè. Apre sa, yo renmèt yo nan men Bondye, Seyè ki te gen tout konfyans yo a.

**Kisa ki te premye reyaksyon foul moun yo fas ak gerizon an? Kisa sa di nou osijè de fason moun nan lavil List te kwè?** \_\_\_\_\_

Eksplike sa Pòl te vle di nan vèsè 15 - 17 la avèk pwòp mo pa w. \_\_\_\_\_

---

---

Dekrive twa repons ki konplètman diferan yo anvè levanjil ki prezante la a:

1. Foul moun yo ki te wè gerizon nomm nan: \_\_\_\_\_
2. Jwif yo nan Antyòch ak peyi lkonyòm: \_\_\_\_\_
3. Moun nan peyi Dèb yo: \_\_\_\_\_

Kisa ki te pase Pòl lè li te retounen nan lavil lista ki nan alantou yo? \_\_\_\_\_

---

---

“Nou dwe pase anpil difikilte anvan nou antre nan wayòm Bondye a”. A ki nivo kretyen nan tan modèn yo resevwa lide sa a? Ki kalite difikilte w ap pase nan moman sa a pou w rive jwenn lòt moun ak levanjil la? \_\_\_\_\_

---

---

---

**Etidye** vèsè sa a yo osijè de fason pou swiv Kris la gen ladan li genyen pandan w ap pèdi.

Filiyèn 3:8

Mak 8:35

Mak 9:35

Matye 19:29

Medite pandan w ap panse ak sa w posede ki pi chè pou ou yo. Imajine ou voye yo nan fatra oswa ou vann yo epi bay pòv lajan an oswa pou travay legliz la. Kounye a panse ak relasyon w genyen ki pi chè yo. Èske w ka panse kraze yo pou lanmou Bondye ak travay wayòm li an? Kouman w santi w pandan santiman sa a yo t ap fòme nan lespri ou?

**JOURNAL:** Ekri yon lis ki genyen twa bagay materyèl ki pi chè ke w posede. Kounye a fè yon lòt lis ki gen senk oswa dis moun ki enpòtan pou ou. Make yo youn apre lòt avèk yon kreyon oswa yon plim epi lapriyè pou yo chak pandan w ap fè sa, ki kapab mete moun sa a yo APRE AK avan angajman yo avèk Kris.

---

---

---

---

---

Lapriyè pou w gen kapasite pou w aksepte difikilte pou ministè a ak sèvis Bondye rele nou an.

Resite Travay 26:17-18 kounye a epi pratike li jouskaske w aprann li.

## **YON TI MACHE POU PI FON**

*Etid Pèsonaj yo ki nan Nouvo Testaman an*

**Semèn 8 Sòl/Pòl (Dezyèm Pati): Yon Nonm Misyon Ak Ministè**

### **Jou 3 – Apolojetik\* Nan Atèn**

*Nou preche lèzòm tankou si yo ta pran konsyans ke yo se pechè, se pa vre, nan opinyon yo, yo byen.*  
**Oswald Chambers (1874-1917)**

\***NÒT:** “Apolojetik” se yon vokabilè ki dekriye yon apwòch sistematik pou pataje lafwa pèsonèl ki base sou agiman epi egzanp ki klè, lojik ak entèlektyèl.

*Li* pasaj biblik sa a dousman epi fè anpil atansyon.

#### **Travay 17:16-34**

16 Antan Pòl t'ap tann Silas ak Timote laval Atèn, sa te nwi lespri l' anpil lè l' wè ki jan laval la te plen zidòl.  
**17** Li t'ap diskite nan sinagòg la avèk jwif yo ansanm ak moun lòt nasyon yo ki te konvèti nan reliyon jwif yo. Apre sa, chak jou li t'ap diskite tou sou plas pubblik la avèk tout moun li te kontre la. **18** Kèk filozòf ki t'ap swiv prensip patizan Epiki yo ak patizan Zenon yo t'ap pale avèk li. Gen ladan yo ki t'ap di: Kisa paladò sa a vle di la a? Gen lòt moun ki t'ap di: Gen lè l'ap pale sou yon lòt kalite bondye. Yo t'ap di sa paske Pòl t'ap pale yo sou Jezi, li t'ap di yo ki jan mò yo gen pou yo leve vivan ankò. **19** Lè sa a, yo pran l', yo mennen l' nan Aewopaj la. Epi yo di li: Nou ta renmen konnen tout bagay nèf sa yo w'ap montre moun yo la a. **20** W'ap di yon bann bagay dwòl nan zòrèy nou. Nou ta renmen konnen sa yo vle di.  
**21** (Se te abitid tout moun laval Atèn ak tout moun lòt nasyon ki rete nan laval la, pou yo pase tout tan yo ap pale osinon ap koute tout kalite pawòl ki fèk parèt.) **22** Lè sa a, Pòl kanpe nan mitan Aewopaj la, li di: Nou menm moun Atèn, mwen wè nou se moun ki renmen reliyon anpil. **23** Mwen di nou sa, paske, antan m'ap pwonmennen nan laval nou an, mwen wè tout kote nou fè sèvis. Epi nan gade konsa, mwen jwenn yon lotèl kote yo ekri: Pou Bondye nou pa konnen an. Enben, Bondye n'ap sèvi san nou pa konnen l' lan, se li menm m'ap fè nou konnen la a. **24** Bondye ki fè lemonn antye ak tou sa ki ladan l', se li menm ki Mèt syèl la ak tè a. Li pa rete nan kay moun bati ak men yo. **25** Li pa bezwen pou moun travay ba l' anyen non plis, paske se li menm ki bay moun lavi, ki fè yo respire, ki ba yo tout lòt bagay.  
**26** Se li menm tou ki kreye tout nasyon ki rete toupatou sou latè. Li fè yo tout soti nan yon sèl moun. Li te fikse davans tan ki pou yo chak, ak limit kote pou yo chak rete. **27** Li fè tou sa pou yo ka chache l', pou yo ta ka rive jwenn li lè yo seye pran kontak avèk li. Men, Bondye pa pi lwen okenn nan nou pase sa.  
**28** Paske, se nan li nou gen lavi, se nan li nou ka bay kò nou mouvman, se nan li nou gen legzistans. Gen nan poèt nou yo ki te di menm bagay la: Nou menm tou, nou se pítit li. **29** Si nou se pítit li, nou pa dwe mete nan tèt nou Bondye tankou yon moso lò, yon moso lajan osinon yon moso wòch moun travay ak ladrès pou fè yon pòtre ki soti nan tèt yo. **30** Men, Bondye fèmen je l' sou tout tan sa yo moun pase nan liyorans. Koulye a li rele yo tout, kote yo ye, pou yo tounen vin jwenn li. **31** Se konsa tou, li fikse yon jou lè li gen pou l' jije tout moun san patipri: li chwazi yon nomm pou sa. Li bay tout moun prèv la lè l' fè nomm sa a leve soti vivan nan lanmò. **32** Lè yo tandé Pòl di moun mourir ka leve, te gen ladan yo ki pran pase l' nan betiz. Gen lòt menm ki t'ap di li: N'a tandé koze sa a yon lòt jou. **33** Se konsa Pòl soti nan mitan yo. **34** Men, atousa, te gen ladan yo ki te dakò pou yo te mache ak Pòl epi ki te kwè. Pami yo te gen Deni, manm Aewopaj la, yon fanm yo te rele Damaris ak kèk lòt anko.

Dapre premye vèsè ki nan istwa sa, kisa ki te ankouraje Pòl pale avèk yo? \_\_\_\_\_

---

---

Ki twa kote Pòl te demoutre rezon avèk moun peyi Atèn yo?

1. \_\_\_\_\_ 2. \_\_\_\_\_ 3. \_\_\_\_\_

Ki panse ak repons plizyè moun diferan ke Pòl te pale?

1. Filozòf sou plas yo: \_\_\_\_\_

2. Konsèy nan aewopaj la: \_\_\_\_\_

3. Denia ak Damaris: \_\_\_\_\_

Eseye reekri avèk pwòp mo pa w, agiman Pòl te prezante sou Bondye.

---

---

Kimoun ki te eksplike w kisa Bondye ye ak lafwa? Ki agiman prensipal ke w tande moun yo ap itilize nan lavi chak jou pou yo defann mank lafwa yo a? \_\_\_\_\_

---

---

*Etidye pasaj biblik sa a yo osijè de temwayaj nou an nan defann pawòl ak verite Bondye a.*

2 Timote 2:15

Lik 21:11-15

2 Timote 3:16-17

1 Pyè 3:15-16

Medite pandan w ap imajine ke w gen yon randevou avèk yon zanmi oswa yon moun ou rekonèt pou w pale osijè de lafwa w. Kouman w ta prepare w nan lespri ou ak kè w pou randevou sa a? Kisa w t ap fè?

**JOUNAL:** Eksplike poukisa moun ou rekonèt yo ta kapab pa vle koute w si w preche yo sou lafwa ou. Dekrive sa w dwe fè pou w reponn ak objeksyon prensipal yo ke yo kapab mete devan ou.

---

---

---

---

---

---

---

Lapriyè pou yon dispozisyon pou w antrene pibyen nan rezònman lafwa ou.

Resite Travay 26:17-18 kounye a epi repete li chak jou jouskaske w aprann li.

## **YON TI MACHE POU PI FON**

*Etid Pèsonaj yo ki nan Nouvo Testaman an*

**Semèn 8 Sòl/Pòl (Dezyèm Pati): Yon Nonm Misyon Ak Ministè**

### **Jou 4 – Danje Demetriyis La**

*Difikilte yo se zouti Bondye epi lè yo voye yo bannou, nou dwe konsidere yo kòm  
prèv konfyans nan Bondye, kòm yon misyon pou li.*

**Henry Ward Beecher (1813-1887)**

*Li* pasaj biblik sa a dousman epi fè anpil atansyon.

#### **Travay 19:23-40**

**23** Se lè sa a yon gwo dezòd pete nan lavil Efèz poutèt chemen Bondye a. **24** Te gen yon òfèv yo te rele Demetriyis, ki te konn fè ti modèl kay yo te batí pou yon bondye fanm yo rele Atemis. Se an ajan li te fè yo. Travay sa a te rapòte ouvriye l' yo anpil. **25** Yon jou, li sanble tout ouvriye l' yo ansanm ak tout lòt moun ki te konn fè menm travay sa a tou. Li di yo: Mesye, nou konnen se travay sa a ki fè nou viv.

**26** Men, nou wè ak je nou, nou tandé ak zòrèy nou sa nonm yo rele Pòl la ap fè. L'ap mache di bondye moun fè ak men se pa bondye yo ye menm. Se konsa, li resi rive pran tèt anpil moun, pa isit nan lavil Efèz la ase, men nan tout pwovens Lazi a. **27** Talè konsa, metye nou an pral pote move non. Men, sa ki pi rèd ankò, kay Atemis, gwo bondye fanm lan, pral pèdi repitasyon li. Lè sa a menm, gwo bondye moun ap adore nan tout pwovens Lazi ak toupatou sou latè a pral pase pou anyen. **28** Lè yo tandé sa, foul moun yo vin ankòlè anpil, yo pran rele: Atemis moun Efèz yo, se gwo nègès! **29** Dezòd la gaye nan tout lavil la. Moun yo pase men yo, yo pran Gayis ak Aristak, de moun Masedwan ki te ansanm ak Pòl nan vwayaj li a, yo kouri an foul, y' al nan teyat la. **30** Pòl te vle ale li menm tou devan pèp la, men disip yo te di l' non. **31** Te gen de twa chèf nan peyi Lazi a ki te zanmi l', yo voye bò kote l', yo mande l' pou l' pa parèt tèt li nan teyat la. **32** Pandan tout tan sa a, te gen gwo bouyay nan asanble a. Yon pòsyon moun t'ap rele yon bagay, yon lòt pòsyon menm t'ap rele yon lòt bagay. Pifò ladan yo pa t' konnen ojis poukisa yo te sanble. **33** Kék moun nan foul la esplike bagay la bay Aleksann, yon nonm jwif yo te mete alatèt yo. Aleksann fè siy ak men li, li te vle pale pou l' pran defans jwif yo devan pèp la. **34** Men, lè yo rekonnèt se jwif li ye, yo tout pran rele ansanm menm bagay la pandan dezèdetan: Atemis moun Efèz yo, se gwo nègès. **35** Bout pou bout, sekretè lakomin lan te resi fè foul la sispann rele, li di yo konsa: Moun Efèz, koute! Tout moun konnen lavil Efèz se li menm k'ap veye sou kay Atemis, gwo nègès, ansanm ak estati li a ki te tonbe sot nan syèl la. **36** Pesonn pa ka di se pa vre. Se sa ki fè, se pou n' mete tèt nou an plas pou n' pa fè anyen san nou pa kalkile byen. **37** Bon. Mesye sa yo nou mennen isit la, se pa vòlò yo vòlò nan tanp yo, ni se pa pale yo pale mal sou Atemis, bondye fanm nou an. **38** Si Demetriyis ak ouvriye l' yo gen yon kont yo vle regle ak yon moun, gen jou pou tribinal la travay, epi gen chèf pou sa tou: se la pou y' al pote plent. **39** Apre sa, si nou gen lòt reklamasyon nou vle fè, n'a regle sa yon lè tout sitwayen yo va reyini dapre lalwa. **40** Avèk sa ki pase jòdi a, yo kapab al pote plent pou nou, yo kapab al di n'ap fè revolisyon. Pa gen okenn rezon pou tout dezòd sa a. Nou p'ap kapab bay okenn esplikasyon pou sa.

Avèk pwòp mo pa w, ekri poukisa Demetriyis te fache. Èske ankourajman li yo te espirityèl oswa ekonomik prensipalman? Kisa li di ki fè li panse sa?

---

Dekrive aksyon ak konpòtman diferan yo nan istwa sa:

1. Demetriyis lòfèb la: \_\_\_\_\_
2. Ouvriye yo nan Efèz: \_\_\_\_\_
3. Moun Efèz yo: \_\_\_\_\_
4. Disip ki nan vil yo: \_\_\_\_\_
5. Chèf ki nan pwovens yo: \_\_\_\_\_
6. Jwif ki nan vil yo: \_\_\_\_\_
7. Ekriven vil la: \_\_\_\_\_

Kisa istwa sa moutre nou osijè de enfliyans levanjil la nan moun yo? \_\_\_\_\_  
\_\_\_\_\_  
\_\_\_\_\_

Èske w te fè kèk konfwontasyon difisil sou levanjil avèk kèk moun? Kilè? Kouman sa te pase?

---

---

*Etidye* vèsè sa a yo osijè de lòt evènman rebèl ki te pwodwi pa mwayen Jezi ak Levanjil li a.

Matye 27:24                    Travay 17:5-8                    Travay 21:30-31                    Jak 3:16

Medite pandan w ap imajine yon akizasyon nan travay la, lekòl oswa lakay ou osijè de Bondye ak lafwa kretyen an. Kouman w ta kontwole bagay yo si yon diskisyon ta pete? Èske w ta gen fòs pou w kontinye?

JOURNAL: Ki danje ki genyen lè yonmoun transfòme an Demetriyis? Kisa ki te priyorite ak gwo reklamasyon moun yo? Èske sa se yon danje nan chemen espirityèl ou? Sou ki fòm?

---

---

---

---

---

---

---

---

Lapriyè pou w gen kouraj pou w aksepte konfli pèsonèl kòm yon pati nan chemen lafwa.

Resite Travay 26:17-18 kounye a epi repete li chak jou jouskaske w aprann li.

## **YON TI MACHE POU PI FON**

*Etid Pèsonaj yo ki nan Nouvo Testaman an*

**Semèn 8 Sòl/Pòl (Dezyèm Pati): Yon Nonm Misyon Ak Ministè**

### **Jou 5 – Kamarad Nan Izòlman**

*Kisa ki fè noumenm kretyen yo ranmase zèpòl nou lè n ta dwe prepare mis nou yo? Kisa ki fè nou endiferan nan yon jou ke nou gen anpil chay pou nou leve, yon mond pou nou preche ak prizonnye pou n libere? Poukisa gen tout vag sa a yo pandan ke tan an mande aksyon?*

**Billy Graham (1918-2018)**

*Li* pasaj biblik sa a dousman epi fè anpil atansyon.

**NÒT:** Yo te pèmèt Apot Pòl resevwa vizit epi genyen kamarad nan kèk tan lè li te nan prizon. Li te jwenn ankourajman akoz de kamarad sa yo, li te jwenn èd nan ministè li pou sipò yo chak ak don yo.

#### **Kolosyen 4:6-18**

**6** Lè n'ap pale, di bagay ki pou fè yo kontan, ki pou enterese yo. Konn ki jan pou nou reponn chak moun. **7** Frè Tichik se yon bon zanmi m', yon bon sèvitè Kris la k'ap ban m' yon bon konkou nan sèvis Seyè a. La ban nou tout nouvèl mwen. **8** Mwen voye l' ban nou tout espre pou l' ka di nou jan mwen ye, pou l' ka remoute kouraj nou. **9** Frè Onezim ki moun menm kote ak nou ap vin ansanm avè li. Se yon bon zanmi mwen renmen anpil. Yo tou de va di nou sa k'ap pase bò isit. **10** Aristak ki nan prizon ansanm avè m' voye bonjou pou nou. Mak, kouzen Banabas la, voye bonjou tou. (Mwen te déjà di nou sa pou nou fè pou li: resevwa l' byen si l' vin lakay nou). **11** Jezi, ki gen yon ti non Joustous, voye bonjou pou nou tou. Twa mesye sa yo, se yo menm sèlman pami jwif yo k'ap travay avè m' pou gouvènman Bondye ki wa a. Yo te ban m' anpil kouraj. **12** Epafras, ki moun Kolòs tou, voye bonjou pou nou. Sèvitè Kris sa a pa manke lapriyè anpil pou nou pou nou ka rete fèm, pou nou ka fin grandi nèt nan konfyans nou nan Bondye, pou nou ka toujou byen dispoze pou fè tou sa Bondye mande nou. **13** Mwen ka di nou sa: l'ap fatige kò l' anpil pou nou menm moun Kolòs yo, pou moun Lawodise yo ansanm ak moun Yerapolis yo. **14** Lik, bon dòktè mwen an, ansanm ak Demas voye bonjou pou nou tou. **15** Di tout frè Lawodise yo bonjou. Pa bliye Nenfas ansanm ak tout frè ki konn reyini lakay li yo. **16** Lè n'a fin li lèt sa a, voye l' bay legliz Lawodise a pou yo ka li l' tou. Nou menm tou, n'a li lèt moun Lawodise yo va voye ban nou an. **17** Di Achip pou mwen: Fè atansyon. Sèvis yo ba l' fè nan travay Seyè a, se pou l' fè l' byen. **18** Se mwen menm Pòl, ak men pa m', k'ap ekri nou koulye a: Bonjou pou nou tout. Pa bliye m' nan prizon an. benediksyon Bondye pou nou tout.

**Avèk pwòp mo pa w, di kouman Pòl te dekrive chak kamarad li te genyen nan prizon an, ak sa yo fè oswa panse fè pou yo asiste Pòl avèk travay li a.**

1. Tichik: \_\_\_\_\_

2. Aristak: \_\_\_\_\_

3. Joustous: \_\_\_\_\_

4. Epafras: \_\_\_\_\_

Kimoun ankò ki te avèk Pòl ki pa nan lis anlè a? \_\_\_\_\_

Si w ta ansanm ak Pòl nan prizon an, ki kalite bagay ou ta kapab mande li fè? Kilès nan moun sa a yo ki nan lis la sanble avèk ou? \_\_\_\_\_

Kisa ki te enstriksyon Pòl osijè de lèt ke l t ap voye yo (sa nou konnen kòm liv Kolosyen yo)? Poukisa w panse li te vle pou sa te fèt? \_\_\_\_\_

*Etidye* vèsè sa a yo osijè de vin yon kamarad fidèl nan ministè avèk nou.

Revelasyon 2:10

1 Korentyen 4:2

Ebre 10:24

**Medite** pandan w ap imagine w nan yon ekip bizbòl. Ki pozisyon ou ta jwe? Kisa ki responsabilite w kòm yon pati nan ekip la? Kounye a panse avèk legliz ou a kòm yon ekip ministè. Ki pozisyon w jwe nan ministè legliz la? Èske kamarad ou yo kapab konte sou ou kòm yon moun ki fidèl nan travay ministè a?

**JOUNAL:** Dekrive santiman w yo nan reyalize travay ministè nan legliz lokal ou a. Konbyen tan ou bay, èske w bay li ak kè kontan ? Kouman w ta kapab amelyore sa w ap fè a, epi vin yon benediksyon pou lòt moun k ap sèvi?

Lapriyè pou w kapab wè w plis kòm yon kamarad nan ministè a pase yon travayè endividiyèl.

Resite Travay 26:17-18 kounye a epi prepare pou w di li nan klas la.

## **Sòl/Pòl (Dezyèm Pati): Yon Nonm Misyon Ak Ministè**

### **Rezime Espirityèl – *Semèn 8***

Èske etid semèn sa a te ankouraje w anpil pou w amelyore temwayaj ou pou lòt moun osijè de Kris ak lavi espirityèl? \_\_\_\_\_

---

---

---

Kisa w te aprann semèn sa osijè de valè tan difisil yo nan lavi w? \_\_\_\_\_

---

---

---

Ki nouvo panse te rive genyen osijè de kapasite w pou w rezone avèk lòt moun sou levanjil ak lafwa kretyen an? \_\_\_\_\_

---

---

---

Kisa w te aprann pandan semèn sa nan istwa Demetriyis ak Pòl? \_\_\_\_\_

---

---

---

Nan istwa kamarad prizon Pòl yo, kisa w aprann osijè de yon objektif ak fidèlite ki pataje nan lavi kretyen an? \_\_\_\_\_

---

---

---

# **YON TI MACHE POU PI FON**

*Etid Pèsonaj yo ki nan Nouvo Testaman an*

## **VÈSÈ POU APRANN**

Semèn 9

*Fè konnen pawòl Bondye a, mache bay li san pran souf, nan tout sikonstans, tan an te mèt bon li te mèt pa bon. Bay tout kalite prèv, rale zòrèy, bay konsèy, moutre moun yo verite a avèk pasyans nèt ale. Yon lè, ou gen pou ou wè moun p'ap vle kite yo moutre yo verite a ankò, y'ap vle pou yo swiv lide pa yo. Lè sa a, y'a reyini yon bann direktè met bò kote yo ki va di yo sa yo ta renmen tandem. Yo p'ap vle tandem verite a, y'a pito koute istwa ki pa vre.*

**2 Timote 4:2-4**

## **YON TI MACHE POU PI FON**

*Etid Pèsonaj yo ki nan Nouvo Testaman an*

**Semèn 9 Timote:** Avèk Yon Kè Pou Ministè A

### **Jou 1 – Yon Eritaj Lafwa**

*Anpil moun blye valè karateristik ak aktivite ki idantifye fanmi  
an kòm inik ak diferan. Yo rele yo "Tradisyònèl."*

**James C. Dobson (1936- )**

*Okenn lòt estrikti kapab ranplase fanmi an. San li, timoun nou yo pap gen fondman moral. San li,  
y ap vin tounen bégwè moral pou moun sa a yo ke sèl lalwa ki egziste se yomenm menm.*

**Charles Colson (1931-2012)**

*Li* pasaj biblik sa a dousman epi fè anpil atansyon.

### **2 Timote 1:1-9**

1 Mwen menm, Pòl, se Bondye ki te vle chwazi m' pou sèvi apòt Jezikri, pou fè konnen lavi li te pwomèt nou an, lavi li ban nou nan Jezikri a. 2 M'ap ekri ou, Timote, pitit mwen renmen anpil lan. Mwen mande Bondye Papa a ansanm ak Jezikri, Seyè nou an, pou yo gen pitye pou ou, pou yo ba ou benediksyon ak kè poze. 3 M'ap di Bondye mèsi, Bondye zansèt mwen yo te sèvi a. Se li menm tou m'ap sèvi ak yon konsyans pwòp. Se tout tan m'ap di l' mèsi lajounen kou lannwit, chak fwa lide m' frape sou ou lè m'ap lapriyè. 4 Mwen chonje jan ou te nan lapenn. Se pa ti anvi m' anvi wè ou pou kè m' ka kontan nèt. 5 Mwen pa janm blye jan ou gen konfyans nan Bondye ak tout kè ou. Lòyis, grann ou, ak Enis, manman ou, te gen konfyans konsa nan li tou. Wi, mwen sèten ou gen menm konfyans sa a tou. 6 Se poutèt sa, m'ap mande ou pou kenbe kado Bondye te ba ou lè m' te mete men sou tèt ou a. 7 Paske, Lespri Bondye ban nou an pa fè nou wont moun. Okontré, Lespri Bondye a ban nou fòs, renmen ak pouvwa pou kontwole tèt nou. 8 Ou pa bezwen wont kanpe pale pou Seyè nou an. Ou pa bezwen wont pou mwen non plis ki nan prizon pou tèt li. Okontré, avèk fòs kouraj Bondye ap ba ou a, se pou ou asepte soufri avè m' pou bon nouvèl la. 9 Se Bondye ki delivre nou, se li menm ki rele nou pou n' ka viv pou li. Li pa t' fè sa pou nou poutèt byen nou te fè. Non, sa soti nan plan travay li menm. Se yon favè li fè nou nan Jezikri, depi lontan anvan li te kreye tout bagay.

**Ki referans relasyonèl Pòl fè nan pasaj sa a pou demoutre enpòtans fanmi an nan devlopman lafwa?**

Vèsè 3: \_\_\_\_\_

Vèsè 5: \_\_\_\_\_

**Ki pwen espesyal Pòl te fè Timote sonje (vèsè 6) ? Poukisa? \_\_\_\_\_**

**Yo bay Timote yon deskripsiyon enpòtan sou Lespri ke Bondye bannou.**

Bondye pa bannou lespri \_\_\_\_\_

Bondye bannou lespri \_\_\_\_\_, \_\_\_\_\_, y \_\_\_\_\_

**Pol te di Timote ke gwo Lespri ki gen pwisans sa a dwe motriven li fè twa bagay:**

1. \_\_\_\_\_ (vèsè 8)

2. \_\_\_\_\_ (vèsè 8)

3. \_\_\_\_\_ (vèsè 9)

**Pou fè kisa Bondye te rele nou epi pou ki rezon (vèsè 9)? Kisa w panse sa vle di pou ou pèsonèlman? Kisa sa vle di pou legliz la?** \_\_\_\_\_  
\_\_\_\_\_

***Etidye* vèsè sa a yo osijè de enfliyans paran nou yo ak fanmi nou nan lavi espirityèl nou yo.**

2 Istwa 17:3

1 Wa 22:52

Jeremi 9:14

2 Istwa 26:4

**Medite** pandan w ap sonje enfliyans espirityèl ke fanmi w te genyen sou ou. Panse ak chak moun sou fòm endividiyèl. Si yo te enfliyanse w negativman, padone yo. Si enfliyans yo nan oumenm, pozitif, di Bondye mèsi pou sa. Panse ak moun sa yo nan fanmi yo ou gen enfliyans. Ki enfliyans y ap genyen nan yo?

**JOURNAL:** Ekri sou bagay pozitif yo ke w te aprann osijè de lafwa ak yon lavi moral pandan w t ap grandi, epi di de kimoun ou te aprann yo prensipalman. Apre sa, fè yon lis kèk egzanp pòv ke w te wè nan fanmi ou.

  

---

---

---

---

---

---

---

---

---

---

---

---

---

---

---

---

---

**Lapriyè** pou ke Bondye kapab enfliyanse fanmi w vè yon tradisyon lafwa ak devosyon.

**Resite** 2 Timote 4:2-4, epi pratike li chak jou pandan semèn nan jouskaske w aprann li.

## **YON TI MACHE POU PI FON**

*Etid Pèsonaj yo ki nan Nouvo Testaman an*

**Semèn 9 Timote:** Avèk Yon Kè Pou Ministè A

**Jou 2 – Konsepsyon Pou Ministè A**

*Pou dirije byen, lidè yo dwe etabli priyorite pou travay yo. Premyeman, nou dwe angaje nou avèk Kris, apre sa, youn avèk lòt nan Kris la epi finalman avèk travay Kris la avèk mond lan.*

**Ray Ortlund**

**Li** pasaj biblik sa a dousman epi fè anpil atansyon.

**NÒT:** Timote se te yon pastè nan premye syèk la ki t ap dirije nan yon legliz tounèf ki te fonde nan Lazi minè. Gig li a, Apot Pòl t ap ekri li pou l te fè ankouraje li pèsonèlman kòm kretyen epi kòm lidè legliz la tou. Leson ki anseye nan pasaj sa a se pa sèlman pou minis ke Bondye rele pou travay nan lèv li a pou tout tan. Prensip sa a yo dwe aplikab pou tout disip Jezi Kris yo.

### **2 Timote 2:1-7**

1 Ou menm, pitit mwen, pran fòs kouraj nan favè nou resevwa nan lavi n'ap mennen ansanm ak Jezikri a. 2 Sa ou te tande m' di ou devan anpil temwen, se pou ou remèt yo bay lòt moun serye ou konnen ki ka moutre lòt moun yo tou. 3 Tankou yon bon sòlda Jezikri, asepte tout soufrans ki vin pou ou. 4 Lè yon sòlda desèvis, li pa pral chaje tèt li ak pwoblèm lavi si li vle fè chèf li plezi. 5 Lè yon moun ap aprann kouri pou l' ka patisipe nan yon konkou, li p'ap ka genyen si li pa kouri dapre regleman konkou a. 6 Kiltivatè ki travay di a, se li menm an premye ki pou resevwa pa l' nan rekòt la. 7 Fè tèt ou travay sou sa m' ap di ou la a. Seyè a va fè ou konprann tout bagay.

**Ki twa bagay li te mande Timote pou l te fè nan premye vèsè yo?**

1. \_\_\_\_\_ (vèsè 1)
2. \_\_\_\_\_ (vèsè 2)
3. \_\_\_\_\_ (vèsè 3)

**Fè yon lis ki gen twa analogi ki itilize pou dekrive yon lavi nan sèvis kretyen an.**

1. \_\_\_\_\_ (vèsès 3-4)
2. \_\_\_\_\_ (vèsè 5)
3. \_\_\_\_\_ (vèsè 6)

**Ki de bagay yo de a ta dwe fè, bon sòlda yo avèk kretyen yo? (vèsès 3-4)**

---

---

---

Dapre opinyon pa w, kisa w panse Pòl t ap di Timote nan vèsè 5 lan?

---

---

Fè konnen kisa vèsè 6 la ta kapab siyifi pou lavi nou. \_\_\_\_\_

---

---

Kouman ou fè pou w sipòte anba soufrans pou levanjil la? Poukisa sa a se vre?

---

---

**Etidye** vèsè sa a yo osijè de plizyè aspè difikilite espirityèl yo ke n ap fè fas.

**Batay Anndan – Women** 7:23

**Zam Esprityèl – 2 Korentyen** 10:4

**Lannemi Envizib – Efezyen** 6:12

**Batay Lafwa – 1 Timote** 6:12

Medite pandan w ap imajine w ke ou se yon sòlda nan lame Bondye a. Ki kalite bagay ou ta fè pou w prepare w pou batay la? Imajine w ke ou poukont ou w ap prepare w kont atak lannemi an.

**JOURNAL:** Pale sou kapasite w genyen pou w reponn ak disiplin espirityèl nan lavi w. Kouman sa ye nan fè egzèsis espirityèl yo tankou lapriyè, meditasyon ak jounal? Kouman w mennen disiplin ou an nan legliz kote w asiste a? Eksplike kisaw fè epi konbyen èdtan ou sakrifye nan semèn nan pou w sèvi nan fòm sa a.

---

---

---

---

---

---

---

---

---

---

---

---

---

---

---

---

---

---

---

Lapriyè pou yon apwòch ak plis disiplin nan lavi espirityèl ak sèvis nan jou k ap vini yo.

**Resite 2 Timote 4:2-4**, epi pratike li chak jou pandan semèn nan jouskaske w aprann li.

## **YON TI MACHE POU PI FON**

*Etid Pèsonaj yo ki nan Nouvo Testaman an*

**Semèn 9 Timote:** Avèk Yon Kè Pou Ministè A

### **Jou 3 – Itilize Pawòl La Jan L Ye A**

*Pou dirije byen, lidè yo dwe etabli priyorite pou travay yo. Premyeman, nou dwe angaje nou avèk Kris, apre sa, youn avèk lòt nan Kris la epi finalman avèk travay Kris la avèk mond lan.*

**Ray Ortlund**

*Li* pasaj biblik sa a dousman epi fè anpil atansyon

#### **2 Timote 2:15-19**

15 Fè jefò pou ou ka resevwa lwanj nan men Bondye tankou yon travayè ki pa wont travay li fè, yon travayè ki fè konnen pawòl verite Bondye a jan l' ye a. 16 Evite diskou san sans ki pa dakò ak verite lafwa a, paske moun k'ap fè diskisyon sa yo se kite yo kite Bondye pi lwen chak jou. 17 Pawòl y'ap di yo, se tankou yon maladi k'ap manje tout kò yo. Nan moun sa yo gen Imene ak Filèt. 18 Yo tou de vire do bay verite a, y'ap plede fè anpil lòt moun pèdi konfyans nan Bondye. Y'ap mache di: Nou leve soti vivan nan lanmò deja. 19 Men, pa pè. Fondasyon solid Bondye te mete a, li la toujou. Men pawòl nou jwenn make sou li: Mèt la konnen moun ki moun pa li. Tout moun ki di se pou Seyè a y'ap viv, se pou yo sispann fè sa ki mal.

Fè yon lis bagay ke yon “bon travayè” fè, dapre vèsè sa a yo.

1. \_\_\_\_\_
2. \_\_\_\_\_
3. \_\_\_\_\_

Kisa Pòl t ap eseye moute la a, lè li te itilize mo “travayè” nan vèsè en an? \_\_\_\_\_

\_\_\_\_\_

\_\_\_\_\_

Eksplike dapre oumenm, deviyasyon Imene ak Filèt. Kijan sa te afekte lòt moun nan legliz la?

\_\_\_\_\_

\_\_\_\_\_

Dapre vèsè 16, kisa ki ka rive nou si patisipe nan “Diskou san sans”? \_\_\_\_\_

\_\_\_\_\_

\_\_\_\_\_

**Èske w konnen kèk moun ki di yo se kretyen epi ki kwè nan bagay ki ale kontrè ak temwayaj Bib la? Bay youn oswa de egzanp.** \_\_\_\_\_

---

---

**Dapre opinyon pèsonèl ou, reyafime kouraj Pòl te bay Timote nan vèsè 19 la.** \_\_\_\_\_

---

---

**Medite** pandan w ap imajine ke w resevwa lòd pou ale lakay yon moun ki vle konnen piplis sou Bib la ak ansèyman li yo. Imajine oumenm ki tonbe pale avèk moun nan san Bib la oswa okenn lòt materyèl ekri. Ki kote w ta koumanse? Ki vèsè w ta resite ditèt?

**JOURNAL:** Eseye site liv yo ki nan Bib la ditèt. Konbyen liv ou ka eksplike yon moun ki poko janm li Bib la? Ekri sou istwa pèsonèl ou nan etid biblik la, pandan w ap fè yon lis de bagay ou te aprann byen epi pètèt kèk lòt bagay ou pa t aprann byen. Ekri yon vèsè biblik pou pipiti ke w konnen ditèt. (Vèsè a pou aprann nan semèn sa a ta bon).

---

---

---

---

---

---

---

---

---

---

---

---

---

---

---

---

---

---

---

---

---

---

---

---

---

---

---

---

---

---

---

**Lapriyè** pou yon grangou tounèf pou w vin tounen yon “bon travayè” nan pawòl Bondye a.

**Resite** 2 Timote 4:2-4, epi pratike li chak jou pandan semèn nan jouskaske w aprann li.

## **YON TI MACHE POU PI FON**

*Etid Pèsonaj yo ki nan Nouvo Testaman an*

**Semèn 9 Timote:** Avèk Yon Kè Pou Ministè A

### **Jou 4 – Pratike Sa W Te Aprann Nan**

*Yon disip pa vle di chita ap plede fè pwopagann oswa emosyonnen moun. Sa vle di viv yon fason ke lavi yon moun pa ta gen sans si Bondye pa t egziste.*

**Emmanuel Suhard (1874-1949)**

*Li* pasaj biblik sa a dousman epi fè anpil atansyon.

#### **2 Timote 3:10-17**

**10** Men, ou menm, ou te swiv mwen pye pou pye nan tout bagay: nan verite mwen moutre moun yo, nan jan mwen mennen lavi mwen, nan lide m' mete nan tèt mwen, nan konfyans mwen gen nan Bondye, nan pasyans mwen, nan renmen mwen gen nan kè m', nan jan mwen kenbe fèm, **11** nan pèsekisyon mwen ak nan soufrans mwen. Ou konnen tou sa ki te rive m' Antiòch, Ikoniom ak List, ki kalite pèsekisyon mwen te sipòte. Men, Bondye te delivre m' anba yo tout. **12** Tout moun ki vle viv nan sèvis Bondye ansanm ak Jezikri gen pou soufri pèsekisyon. **13** Men, mechan k'ap fè bagay pou twonpe moun yo pral pi lwen toujou nan mechanste yo, yo toujou ap twonpe moun, y'ap kite moun twonpe pwòp tèt yo tou. **14** Kanta ou menm, se pou ou kenbe fèm sa yo te moutre ou la, sa ou te resevwa ak fèm konviksyon, paske ou konnen nan men ki moun ou te aprann yo. **15** Depi ou te tou piti ou konnen sa ki nan Liv Bondye a. Se liv sa a k'ap ba ou bon konprann, bon konprann ki fè moun rive delivre, gremesi konfyans yo gen nan Jezikri. **16** Tou sa ki ekri nan Liv la, se nan Lespri Bondye a yo soti. Y'ap sèvi pou moutre moun verite a, pou konbat moun ki nan lerè, pou korije moun k'ap fè fòt, pou moutre yo ki jan pou yo viv byen devan Bondye. **17** Konsa, yon moun k'ap sèvi Bondye, li tou pare, li gen tou sa li bezwen pou l' fè tou sa ki byen.

Poukisa w panse Pòl te rakonte difikilte pase I yo bay Timote? (vèsè 10-11) \_\_\_\_\_

Èske sa ki nan vèsè 12 la sanble ak konfirmasyon de yon bagay ki te rive w? Poukisa wi oswa poukisa non? \_\_\_\_\_

Kouman moun wè sa lòt moun fè nan konparezon ak sa Timote dwe fè? (vèsè 13-14) \_\_\_\_\_

**Ekri yon lis ki gen senk rezon pou moutre ke nou dwe kenbe “fèm” nan lafwa nou.** (vèsè. 14-17)

1. \_\_\_\_\_
2. \_\_\_\_\_
3. \_\_\_\_\_
4. \_\_\_\_\_
5. \_\_\_\_\_

**Pou fè kisa Pawòl Bondye a itil?** (vèsè 16)

1. \_\_\_\_\_
2. \_\_\_\_\_
3. \_\_\_\_\_
4. \_\_\_\_\_

**Ki gwo avantaj konkou Labib bay kretyen nan tan kounye a?** (vèsè 17) \_\_\_\_\_

---

---

**Kisa sa vle di pou ou pèsonèlman deskripsyon “soti nan Lespri Bondye”?** \_\_\_\_\_

---

---

***Etidye* vèsè sa a yo osijè de soti nan Lespri Bondye a ak pisans Bondye ki nan Pawòl ki nan Bib la.**

Ezekyèl 1:3

Detewonòm 8:3

2 Pyè 1:21

Revelasyon 14:13

**Medite** Imaginé ke w chita byen tranquil nan plas ke w pi renmen nan mond lan. Pa gen okenn moun bò kote w epi w tandé Bondye k ap pale. Imaginé w ke w ouvè Bib ou a epi li, epi anmezi w ap fè li, ou santi Bondye k ap ba w lavi pa mwayen Pawòl ki nan paj Bib yo. Konsève santiman sa a epi sonje li pwochen fwa ke reyèlman w ap li nan Bib ou a.

**JOUNAL:** Ki kategori w ta bay antrènman ke w te resevwa pandan peryòd lavi w nan konprann Bib la? Kimoun ki te sèvi enstriman pou anseye w? Di mo egzat yo pou w eksplike sa. Kouman w santi “sa ki soti nan Lespri Bondye a” ki bon pou li Pawòl li? Eksplike.

---

---

---

---

---

---

---

**Lapriyè** pou sansiblite anvè Pawòl Bondye a pandan w ap li l nan semèn sa a.

**Resite 2 Timote 4:2-4** epi pratike li chak jou pandan semèn nan jouskaske w aprann li.

## **YON TI MACHE POU PI FON**

*Etid Pèsonaj yo ki nan Nouvo Testaman an*

**Semèn 9 Timote:** Avèk Yon Kè Pou Ministè A

### **Jou 5 – Disipa Ak Evade**

O Seyè, klouwe mond lan sou lakwa pou mwen menm si m pa ka evite viv pam debòch ak pèlen mond lan, mond lan kapab mouri pou mwen epi mwenmenm pou li.

**John Winthrop,**  
"The American Puritans," ("Piriten Ameriken yo")

*Li* pasaj biblik sa a dousman epi fè anpil atansyon.

#### **2 Timote 4:9-18**

**9** Fè posib ou vin jwenn mwen touswit. **10** Paske, Demas lage m', li te renmen bagay ki nan lemonn lan twòp. Li pati, li ale Tesalonik. Kresan pou tèt pa l' al nan peyi Galasi, Tit ale Dalmasi. **11** Se Lik sèlman ki la avèk mwen. Pran Mak avèk ou lè w'ap vini. La ban m' yon bon kout men nan travay la. **12** Mwen voye Tichik lavil Efèz. **13** Lè w'ap vini, pase pran gwo manto mwen te kite lakay Kapis, lavil Twoas, pote l' pou mwen. Pote Liv yo tou, espesyalman sa ki fêt ak po bêt yo. **14** Aleksann, bòs fòjon an, fè m' anpil tò. Seyè a va ba l' sa l' merite dapre sa l' fè a. **15** Pran prekosyon ou avè l', ou menm tou. Paske li pa t' vle tandé sa n'ap di a menm. **16** Pa t' gen pesonn pou ede m' premye jou mwen t'ap fè defans mwen devan chèf yo. Tout moun kite m' pou kont mwen. Mwen mande Bondye pou l' padonnen yo sa. **17** Men, Seyè a te kanpe la avè m', li ban m' fòs. Se sak fè, mwen te kapab fè konnen pawò la nèt ale, pou tout moun ki pa jwif yo te ka tandé li. Se konsa Bondye wete m' nan bouch Lyon an. **18** Seyè a va toujou delivre m' nan tout move pa. L'ap konsève m' pou m' ka antre nan peyi kote li wa nan syèl la. Se pou li tout lwanj pou tout tan. Amèn.

**Kisa ki sanble konsepsyon Apot Pòl la a? Poukisa?** (vèsès 9-10)

---

---

**Kimoun yo site nan istwa a ki te toujou ede Pòl?**

<u>MOUN</u>	<u>AKSYON</u>	<u>FIDÈL? (Wi, Non, yo pa konnen)</u>
1. Grandi	<u>se te non Galasi</u>	<u>YO PA KONNEN</u>
2. Demas		
3. Tit		
4. Lik		
5. Mak		
6. Tichik		

Kisa ki te atitud ak repons Pòl fas ak aksyon Aksann yo? Kisa I te di Timote pou I te fè konsènan moun sa a? \_\_\_\_\_

---

---

Nan ki fòm vèsè 14-17 se modèl pou nou nan sa ki gen pou wè ak respekte, padone lòt moun epi mete konfyans nan Bondye? \_\_\_\_\_

---

---

Pouki rezon espesyal Pòl di Bondye te sove I ak ba I kouraj menm? \_\_\_\_\_

---

---

***Etidye*** vèsè sa a yo osijè de gwo sipò ki dire ke Bondye bannou.

Jozye 1:5

Ezayi 54:10

Jan 14:18

Ebre 13:5

**Medite** pandan w ap imajine w vole epi koke nan zèl yon avyon. Ou kapab santi van anba w k ap pote w anlè, kèk fwa k ap moute epi kèk fwa desann avèk ou. Pandan w ap ran plezi w nan gade bèl ti peyizaj anba, Imajine w ke se men Bondye k ap soutni w konsa olye de van an. Anbrase santiman sa kote w panse ke se men Bondye k ap soutni w epi lage w nan men li konplètman nan jounen an.

**JOUNAL:** Nan lavi kretyen w, èske lòt moun kapab konte sou ou pou w soutni yo pou yo kapab rete fèm ak sipò w? Èske w fidèl nan adorasyon, etid ak akonpayman lòt moun nan legliz kote w mache a, oswa èske w kite ke lòt bagay yo tounen yon distraksyon? Kijan w panse lòt travayè nan legliz la wè li; tankou yon Lik oswa Timote, oswa plis pase Demas? Eksplike repons ak santiman w osijè de repons sa.

---

---

---

---

---

---

---

---

---

---

---

Lapriyè pou yon lespri ki dirab, fèm epi sipòte vè minis yo ki nan legliz ou a ak zanmi w yo tou.

**Resite 2** Timote 4:2-4, epi prepare w pou w pataje li nan ti gwooup ou a.

**Timote: Avèk Yon Kè Pou Ministè A**  
**Rezime Espirityèl – *Semèn 9***

Kimoun ki te antrenè espirityèl ou ki te pi efikas? Kilè ak kouman? \_\_\_\_\_  
\_\_\_\_\_  
\_\_\_\_\_

Èske w sèvi Seyè a byen tankou yon bon sòlda, k ap sipòte difikilte? Poukisa? \_\_\_\_\_  
\_\_\_\_\_  
\_\_\_\_\_

Èske dènye ane konkou Bib ou te vin miyò? Kisa w ap fè pou w amelyore, oswa kisa w dwe fè pou w amelyore branch sa a? \_\_\_\_\_  
\_\_\_\_\_  
\_\_\_\_\_

Dapre sa ki ekri nan Bib la ki site nan 2 Timote 3:16, kisa w konprann pi byen epi kisa w plis pa konprann? Poukisa sa fèt konsa? \_\_\_\_\_  
\_\_\_\_\_  
\_\_\_\_\_

Èske lòt kretyen ak minis legliz la kapab konte sou èd ou? Kouman? \_\_\_\_\_  
\_\_\_\_\_  
\_\_\_\_\_

Ki verite ou te aprann pandan semèn sa a pou w pataje bay gwooup ou a? \_\_\_\_\_  
\_\_\_\_\_  
\_\_\_\_\_

# **YON TI MACHE POU PI FON**

*Etid Pèsonaj yo ki nan Nouvo Testaman an*

**Vèsè pou aprann**

Semèn 10

*Epi li di yo tout: Si yon moun vle mache dèyè m', se pou li bliye tèt li. Se pou li chaje kwa l' sou zèpòl li chak jou, epi swiv mwen. Paske, moun ki ta vle sove lavi l' va pèdi li. Men, moun ki va pèdi lavi l' poutèt mwen, la sove li.*

Lik 9:23-24

## **YON TI MACHE POU PI FON**

*Etid Pèsonaj yo ki nan Nouvo Testaman an*

### **Semèn 10 Rankont Avèk Jezi**

#### **Jou 1 – Zache: Nonm Titay, Gwo Lafwa**

*Pigwo prèv krisyanis la pou lòt yo se pa konbyen yon nonm kapab reyalize rezon l yo pou li kwè, se pito nan pratik konbyen li kapab riske menm lavi li pou kwayans sa a.*

**T. S. Eliot (1888-1965)**

*Li pasaj biblik sa a dousman epi fè anpil atansyon.*

#### **Lik 19:1-10**

1 Jezi antre Jeriko, li t'ap travèse lavil la. **2** Te gen yon nonm nan lavil la yo rele Zache. Li te chèf pèseptè kontribisyon yo, se te yon nonm rich. **3** Li t'ap chache wè ki moun Jezi ye. Men, li te yon nonm ti tay. Akòz foul moun yo, li pa t' kapab rive wè li. **4** Li pran kouri devan; li moute sou yon pye sikomò pou l' wè Jezi ki te gen pou l' te pase bò la. **5** Lè Jezi rive la, li leve je l' anlè, li di l': Zache, fè vit desann. Fòk mwen fè ladesant lakay ou jòdi a. **6** Zache prese désann, li resewva Jezi ak kè kontan. **7** Lè yo wè sa, tout moun pran babye, yo t'ap di: Men nom lan fè ladesant kay yon nonm ki plen peche. **8** Zache leve kanpe, li di Jezi konsa: Koute, Mèt. Mwen pral bay pòv mwatye tout byen mwen genyen. Si mwen te tworpe yon moun pou m' pran lajan l', mwen pral rann li kat fwa lavalè. **9** Jezi di li: Jòdi a, kay sa a delivre paske nonm sa a se yon pitit Abraram li ye tou. **10** Moun Bondye voye nan lachè a vin chache sa ki te pèdi pou l' delivre yo.

**NÒT:** Nan tan Jezi te sou latè, Palestin te anba kolonizasyon women yo. Pou yo te touche lajan taks yo, women yo te chwazi moun k ap viv nan menm katye yo tankou Zache. Manadjè taks sa a yo nòmalman te genyen twou nan manch epi anpil moun te rayi yo paske anpil fwa yo te konn touche plis pase yo ta dwe touche dapre lalwa pou regle koze pèsonèl yo. Avèk pouvwa lame women an kòm sipò, yo te konn aji san pitye, pou rezon sa a yo, tout moun nan zòn nan te rayi yo, paske yo te konsidere manadjè sa a yo kòm abitè ak kolaboratè. Se poutèt sa moun yo rele Zache yon "pechè".

**Fè yon lis ki genyen senk bagay ke yo di nou sou Zache nan vèsès 1-3.**

1. \_\_\_\_\_ 2. \_\_\_\_\_

3. \_\_\_\_\_ 4. \_\_\_\_\_

5. \_\_\_\_\_

**Nan kisa repons Zache te bay Jezi a te diferan pase lòt yo nan jou sa? \_\_\_\_\_**

\_\_\_\_\_

Poukisa w panse Jezi te vle ale lakay Zache jou sa a? Bay plizyè rezon pou w demoutre rezon ki fè sa ta kapab verite. \_\_\_\_\_

---

---

Ki bagay espesifik Zache te pwomèt pou l te fè fas ak konvokasyon Jezi a? \_\_\_\_\_

---

Ki siyifikasyon espirityèl pwomès Zache te fè yo epi sou ki fòm aksyon nou yo ta dwe tankou pa l yo?

---

---

**Etidye** vèsè sa a yo “avan epi aprè” pandan w ap moutre lavi pèsonaj biblik ki chanje yo.

	<u>AVAN</u>	<u>APRÈ</u>
Pyè	Matye 26:74	Travay 5:15
Nonm ki te gen demon an	Mak 5:5	Mak 5:15
Fanm samaritèn nan	Jan 4:17-18	Jan 4:29
Sòl de Tas/Pòl	Travay 9:1	Travay 21:13

**Medite** pandan w ap konsidere sa w te ye anvan w te aksepte Jezi kòm Sovè ou. Panse ak plizyè bagay espesifik ou te konn fè epi konbyen ou repanti de bagay sa a yo jodi a. Kounye a, panse ak bagay sa a yo ke w ap fè jodi a, konpare epi medite nan gras Bondye k ap rele w soti nan lavi peche w la.

**JOUNAL:** Ekri osijè de kèk moun ke w konnen ki te resevwa yon gwo transfòmasyon pa mwayen yon rankont pèsonèl avèk Jezi, Kris la. Kouman sa te pase? Ki bagay ki reyèlman te chanje? Pètèt moun sa a se kapab oumenm...

---

---

---

---

---

---

---

---

---

---

---

Lapriyè pou yon eksperyans ki dirab, mèveye epi ki transfòme pandan semèn sa.

Resite Lik 9:23-24, epi pratike li chak jou pandan semèn nan jouskaske w aprann li.

## **YON TI MACHE POU PI FON**

*Etid Pèsonaj yo ki nan Nouvo Testaman an*

### **Semèn 10 Rankont Avèk Jezi**

#### **Jou 2 – Jennonm Rich La: Prizon Richès Yo**

*Mwen te kenbe anpil bagay nan men m yo, epi mwen pèdi tout;  
Men, tout sa m mete nan men Bondye, jouskounye a mwen genyen yo.*

**Martin Luther (1483-1546)**

*Tout sa w pa prêt pou w bay, li posede w.*

**André Gide (1869-1951)**

*Li pasaj biblik sa a dousman epi fè anpil atansyon.*

#### **Matye 19:16-26**

**16** Yon nonm pwoche bò kot Jezi, li di l' konsa: Mèt, ki bon bagay mwen dwe fè pou m' ka resevwa lavi ki p'ap janm fini an? **17** Jezi reponn li: Poukisa w'ap poze m' keksyon sou sa ki bon? Se yon sèl ki bon. Si ou vle antre nan lavi a, se pou ou fè sa kòmandman yo mande. Nonm lan mande li: Kilès kòmandman sa yo? **18** Jezi reponn li: Piga ou touye moun. Piga ou fè adiltè. Piga ou vòlò. Piga ou bay manti.

**19** Respekte papa ou ak manman ou. Se pou ou renmen frè parèy ou tankou ou renmen tèt pa ou.

**20** Jennonm lan di li: Mwen swiv tout bagay sa yo. Kisa pou m' fè ankò? **21** Jezi di li: Si ou vle bon nèt san manke anyen, ale vann tou sa ou genyen, separe lajan an bay pòv. Lè sa a, wa gen yon richès nan syèl la. Apre sa, vin swiv mwen. **22** Lè jennonm lan tande pawòl sa yo, li vin kagou, li vire do l', li ale paske li te gen anpil byen. **23** Lè sa a, Jezi di disip li yo: Sa m'ap di nou la a, se vre wi. Sa ap difisil nèt pou yon nonm rich antre nan Peyi Wa ki nan syèl la. **24** M'ap di nou sa ankò: L'ap pi fasil pou gwo bét yo rele chamo a pase nan je yon zegwi pase pou yon nonm rich antre nan Peyi Wa ki nan syèl la. **25** Lè disip yo tande sa, yo pa t' manke sezi, yo di: Nan kondisyon sa a, ki moun ki ka sove? **26** Jezi gade yo, li di: Moun pa ka fè sa, se vre. Men, pa gen anyen Bondye pa kapab fè.

**Ki lide jennonm nan te genyen sou kouman li ta kapab jwenn lavi ki pap janm fini an? (vèsè 16)**

---

---

**Fè yon lis ki gen sen kòmandman ke Jezi te site espesifikman kòm pwen obeyisans.**

1. \_\_\_\_\_
2. \_\_\_\_\_
3. \_\_\_\_\_
4. \_\_\_\_\_
5. \_\_\_\_\_

Kisa ki sanble nan kòmandman Jezi te site yo? Èske yo tout enpòtan? \_\_\_\_\_  
\_\_\_\_\_  
\_\_\_\_\_

Avèk ki kalite konpòtman ak aktivite Jezi konpare pèfeksyon espirityèl la? \_\_\_\_\_  
\_\_\_\_\_

Avèk pwòp pawòl pa w yo, eksplike sa Jezi di osijè de richès la nan vèsès 24-26.  
\_\_\_\_\_

**Etidye** vèsè sa a yo ki avèti nou osijè de richès oswa byen materyèl yo. Pou chak vèsè, fè yon lis de danje pèsonèl ki gen pou wè ak richès yo ak lanvi w gen pou yo.

VÈSÈ

AVÈTISMAN

**Detewonòm 8:13-14** \_\_\_\_\_

**Sòm 62:10** \_\_\_\_\_

**Mak 4:19** \_\_\_\_\_

**1 Timote 6:9** \_\_\_\_\_

Medite pandan w ap imajine w ke yo fè w kado dis milyon dola. Kisa w ta fè avèk yo? Kounye a, imajine w ke yo fè w kado dis dola. Kisa w ta fè avèk yo? Èske w panse ou t ap plis renmen bay si w ta gen plis lajan epi plis lajan ta fè w plis jenere?

**JOUNAL:** Kijan w kontwole prewokipasyon lajan nan lavi w? èske pa gen lajan sifi prewokipe w? èske w fidèl ak Bondye epi jenere ak lòt yo ak lajan ke w genyen? Èske peye ladim se yon pwoblèm oswa yon benediksyon pou ou pèsonèlman? Poukisa?  
\_\_\_\_\_  
\_\_\_\_\_  
\_\_\_\_\_  
\_\_\_\_\_  
\_\_\_\_\_  
\_\_\_\_\_  
\_\_\_\_\_  
\_\_\_\_\_  
\_\_\_\_\_  
\_\_\_\_\_  
\_\_\_\_\_

Lapriyè pou byen materyèl ou yo oswa mank de yo fè w tonbe espirityèlman.

**Resite Lik 9:23-24**, epi pratike li chak jou pandan semèn nan jouskaske w aprann li.

**YON TI MACHE POU PI FON**  
Etid Pèsonaj yo ki nan Nouvo Testaman an

**Semèn 10 Rankont Avèk Jezi**

**Jou 3 – Matye Levi: Yon Soupe Pou Pechè Yo**

*Lòm anjeneral, sitou kretyen yo anpatikilye genyen tandans divize peche yo fè de pati: Peche yo fè ak peche pa nou yo. Bib la pa fè distenksyon sa. Peche a se peche, san okenn patipri pou peche ptit Bondye yo — peche nou fè yo—.*

**Joe Bayly** nan *Out of My Mind*

*Li* pasaj biblik sa a Dousman epi fè anpil atansyon.

**Matye 9:9-13**

**9** Jezi kite kote l' te ye a. Antan li t'ap pase konsa, li wè yon nonm yo te rele Matye ki te chita nan biwo kontribisyon an. Jezi di l' konsa: Swiv mwen. Matye annik leve, li swiv Jezi. **10** Pita, Jezi t'ap manje nan kay la. Te gen anpil pèseptè kontribisyon ak moun k'ap fè sa ki mal ki te vin chita sou tab avè l' ansanm ak disip li yo. **11** Farizyen yo wè sa, yo di disip li yo: Poukisa Mèt nou an ap manje konsa ak pèseptè kontribisyon ansanm ak moun k'ap fè sa ki mal yo? **12** Jezi tande sa, li di yo: Si yon moun ansante, li pa bezwen dòktè. Se moun malad ki bezwen dòktè. **13** Ale non, chache konprann sans pawòl sa yo ki nan Liv la: Mwen vle pou nou gen kè sansib. Mwen pa bezwen bêt n'ap ofri pou touye pou mwen yo. Paske, mwen pa vin rele moun k'ap mache dwat devan Bondye, men moun k'ap fè sa ki mal yo.

**Kisa w jwenn ki enpresyonan nan repons Matye te bay Jezi a? Poukisa?** \_\_\_\_\_  
\_\_\_\_\_  
\_\_\_\_\_

**Fè yon lis ki genyen twa fòm kote ke istwa sanble ak pa Zache a (Jou 1, Lik 19)**

1. \_\_\_\_\_
2. \_\_\_\_\_
3. \_\_\_\_\_

**Site twa detay nan istwa sa a ki diferan de pa Zache a.**

1. \_\_\_\_\_
2. \_\_\_\_\_
3. \_\_\_\_\_

**Kisa w panse Jezi t ap di nan pawòl li yo sou doktè a avèk malad yo?**

\_\_\_\_\_  
\_\_\_\_\_

**NÒT:** Nan tan ministè Jezi, lidè relijye jwif yo te kwè ke pèp la te kapab konsève yo “pwòp” si yo te akonpli lalwa Moyiz la ak anpil règ ke lòm envante ak entèprete pa mwayen jenerasyon farizyen yo. Nan Matye 9:11, yo te mande disip yo poukisa Jezi, rabi (Mèt) te konn manje ak pechè yo epi manm kontribisyon yo. Yo t ap eksprime sa k te fè yo sezi osijè de sa ki ta ka fè nenpòt rabi vin “enpi” pou apwòchman li ak asosyasyon avèk “pechè yo” epi pechè moun lòt nasyon yo anpatikilye. Panse farizyen yo sou koze “tach” konsènan lalwa ebre a se te yon faktè prensipal nan anpil nan rankont yo avèk mal konprann avèk Jezi atravè liy istorik Nouvo Testaman an.

**Poukisa w panse Jezi te di pawòl “mizèrikòd mwen bezwen se pa sakrifis” kòm repons de sa li te tandé farizyen yo t ap di? (wè Oze 6:6, vèsè ki mansyone la a).** \_\_\_\_\_

---

---

**Kisa sa vle di dapre oumenm nan lavi chak jou, pawòl “Mizèrikòd mwen bezwen epi se pa sakrifis”?** \_\_\_\_\_

---

---

**Etidye** vèsè sa a yo osijè de nati lanvi Bondye pou nou ofri devosyon nou ba li.

Miche 6:6-8

Ezayi 1:11

1 Samyèl 15:22

Sòm 51:17

**Medite** pandan w ap imajine w ke legliz la se yon lopital. Ki wòl ou nan ede malad yo? Kisa Jezi te fè nan lopital la? Ki maladi prensipal ki trete nan edifis la?

**JOURNAL:** Dekrive kalite moun ou antre nan relasyon avèk yo nan yon jou nòmal. Èske w pase yon ti moman avèk kèk moun ki pa moun legliz ou a oswa ki pa kretyen? Èske w pase pifò tan avèk “bon” kretyen yo? Kisa w panse ke Jezi ta vle w fè?

---

---

---

---

---

---

---

---

---

---

**Lapriyè** pou yon pasyon tounèf pou w rive ranmase moun sa a yo ki vrèman bezwen èd espirityèl.

**Resite** Lik 9:23-24, epi pratike li chak jou pandan semèn nan jouskaske w aprann li.

## **YON TI MACHE POU PI FON**

*Etid Pèsonaj yo ki nan Nouvo Testaman an*

### **Semèn 10 Rankont Avèk Jezi**

#### **Jou 4 – Sa A Yo Ki “Prèske” Disip Yo**

*Sali a se gratis, men antrènman disip la koute tout sa nou genyen.*

**Billy Graham (1918-2018)**

*Gwo wòch eskandal pou kèk moun konvèti an disip se gen anpil talan,  
Lè yo gen anpil talan, yo pa mete konfyans yo nan Bondye.*

**Oswald Chambers (1874-1917)**

*Li pasaj biblik sa a dousman epi fè anpil atansyon.*

#### **Lik 9:57-62**

57 Pandan yo t'ap mache, yon nonm di Jezi konsa: M'ap swiv ou tout kote ou prale. **58** Jezi reponn li: Chat mawon gen twou yo, zwezo nan syèl la gen nich yo tou. Men, mwen menm, Moun Bondye voye nan lachè a, mwen pa gen kote pou m' poze tèt mwen. **59** Jezi di yon lòt: Swiv mwen. Men, nonm lan reponn li: Mèt, pèmèt mwen al antere papa m' anvan. **60** Men, Jezi di li: Kite moun mouri antere moun mouri yo. Ou menm, al fè konnen gouvènman Bondye a. **61** Yon lòt di l' ankò: M'ap swiv ou wi, Mèt. Men, kite m' al di moun lakay mwen yo orevwa. **62** Jezi reponn li: Moun ki mete men nan yon travay, epi k'ap vire tèt gade dèyè, moun konsa pa ka sèvi nan peyi kote Bondye Wa a.

**Nan vèsè 58 la, èske reyèlman Jezi t ap pale de yon kote pou dòmi? Si se pa sa, de kisa li t'ap pale ebyen?** \_\_\_\_\_

**Kisa Jezi te di nonm nan nan vèsè 59 la? Kouman repons li a te difere ak pa Zache oswa Matye a?**

**Kisa twa obstak yo te ye pou disip ki te enplike nan repons Jezi yo pou “prèske” disip yo?**

1. (vèsè 58) \_\_\_\_\_
2. (vèsè 59-61) \_\_\_\_\_
3. (vèsè 62) \_\_\_\_\_

**Kisa w panse Jezi te vle di avèk sa li te di nan vèsè 62 a ?** \_\_\_\_\_

**Bib la pa di nou si kèk nan yo te swiv Jezi jou sa a. èske w panse ke gen kèk nan yo ki te fè sa?**  
**Poukisa?** \_\_\_\_\_

**Si w ta chita pale ak Jezi Jodi a, kisa eskiz ou yo t'ap ye?**

1. \_\_\_\_\_
2. \_\_\_\_\_
3. \_\_\_\_\_

***Etidye* vèsè sa a yo pandan w ap melanje yo avèk eskiz yo te prezante yo pou yo pa t sèvi Bondye.**

Jeremi 1:6-7	<i>Pozisyon sosyal ki pa enpresyonan</i>
Jij 6:15	<i>Pè pou Bondye pa ta twò egzijan</i>
Pwovèb 22:13	<i>Okipe anpil ak biznis pèsonèl yo</i>
Matye 25:24-25	<i>Mank otoestim</i>
Lik 14:18-20	<i>Pa chèlbè pou pran lapawòl</i>
Egzòd 3:11	<i>Li danje anpil/ li fè moun pè</i>

**Medite** pandan w ap imajine w ap mache nan lari a avèk Jezi. Panse osijè de efè prezans li ta genyen sou lapèrèz ak dout ou yo. Imajine w ke w ap pale ak li osijè de bagay sa a yo.

**JOUNAL:** Nan lis eskiz ki anlè nan lekti a, kisa ki se vrè obstak pou ou epi kisa non? Eksplike epi bay egzanp.

---

---

---

---

---

---

---

---

---

---

---

**Lapriyè** pou ke Bondye ede w pote lavikta sou sou feblès ou yo, lapèrèz ak eskiz yo pou w sèvi li.

**Resite** Lik 9:23-24, epi pratike li chak jou nan semèn nan jouskaske w aprann li.

**YON TI MACHE POU PI FON**  
*Etid Pèsonaj yo ki nan Nouvo Testaman an*

**Semèn 10 Rankont Avèk Jezi**

**Jou 5 – Mari Avèk Mat**

*Nou anseye sa nou konnen; nou repwodwi sa nou ye.*

**Robert Schmidgall**

*Kite Kris la travay nan ou avan; Apre sa li ta travay atravè oumenm.*

**Croft M. Pentz**

***Li*** pasaj biblik sa a dousman epi fè anpil atansyon.

**Lik 10:38-42**

38 Jezi al fè wout li ansanm ak disip li yo. Li antre nan yon ti bouk kote yon fanm yo rele Mat resevwa l' lakay li. 39 Mat sa a te gen yon sè yo rele Mari. Mari te chita nan pye mèt la, li t'ap koute pawòl li yo. 40 Mat menm t'ap fatige kò l' ak tout travay ki te pou fèt nan kay la. Lè sa a, li vini, li di: Mèt, sa pa fè ou anyen pou ou wè sè m' lan kite m' ap fè tout travay la pou kont mwen? Manyè di l' ede m' non. 41 Jezi reponn li: Mat, Mat. W'ap trakase tèt ou, w'ap bat kò ou pou yon bann bagay. 42 Men, se yon sèl bagay ki nesesè. Se li Mari chwazi, yo p'ap janm wete l' nan men li.

**Kisa de sè yo t ap fè pandan Jezi te lakay yo a?**

Mari: \_\_\_\_\_

Mat: \_\_\_\_\_

**Ki bagay pawòl "te chita nan pye Jezi" ta kapab endike?** \_\_\_\_\_  
\_\_\_\_\_  
\_\_\_\_\_

**Ki bagay ki te distrè Mat pou l pa t koute Jezi lakay li a?** \_\_\_\_\_  
\_\_\_\_\_  
\_\_\_\_\_

**Kisa kesyon Mat te poze Jezi a di nou osijè de konpòtman Mat?** \_\_\_\_\_  
\_\_\_\_\_  
\_\_\_\_\_

**Ekri fraz vèsè jodi yo ki demoutre koze sa a yo osijè de Mat:**

**VÈSÈ**

**FRAZ & VÈSÈ**

Li te prefere travay olye chita tande yon prèch \_\_\_\_\_

Li te pran lapenn pou limenm \_\_\_\_\_

Li te akize lòt moun lè li te fache \_\_\_\_\_

Li te mèt kay la \_\_\_\_\_

Li te kòmandan \_\_\_\_\_

**Kouman Jezi te analize konpòtman Mari ak Mat la? Kilès nan sè yo ki te pi bon moun? Poukisa?**

**Etidye** vèsè sa a yo sou genyen yon lespri pou anseye nan chemen lavi kretyen nou an.

1 Tesalonisyen 2:13

Travay 17:11

Pwovèb 18:15 Matye 18:3

**Medite** pandan w ap imajine w ke w chita nan pye Jezi epi l ap pale avèk ou. Ki kalite bagay ou panse li ta di w ki t ap touche kè w epi chanje lavi ou?

**JOURNAL: Èske w renmen resevwa ansèyman espirityèl? Èske w angaje w pou w vin yon elèv nan legliz ou a? Oswa èske w tankou Mat, ki santi l pi byen lè l ap travay oswa dirije? Eksplore lide sa ak senserite konsènan oumenm menm.**

---

---

---

---

---

---

---

---

---

---

---

---

---

---

---

---

---

---

**Lapriyè** pou w gen yon lespri ki dou epi konn anseye pou w sèvi anba pouvwa espirityèl lòt moun.

**Resite** Lik 9:23-24, epi prepare w pou w pataje li avèk gwoup la nan pwochen reyinyon an.

***Rankont Avèk Jezi***  
**Rezime Espirityèl – *Semèn 10***

Nan kisa lafwa w sanble ak pa Zache a ? Nan kisa yo differan? \_\_\_\_\_

---

---

---

Ki konpòtman oswa aksyon ou pataje ak nonm rich ki nan Matye 19 la ? \_\_\_\_\_

---

---

---

Èske w fwote anpil ak payen yo? Poukisa? \_\_\_\_\_

---

---

---

Kisa w te aprann pandan semèn sa a sou eskiz yo pou w pa sèvi Bondye? \_\_\_\_\_

---

---

---

Èske natirèlman ou se yon moun ki plis kòm tankou Mari oswa Mat? Bay yon egzanp. \_\_\_\_\_

---

---

---

Ki verite espirityèl ou te aprann semèn sa a pou w pataje avèk gwoup ou a? \_\_\_\_\_

---

---

---

# **YON TI MACHE POU PI FON**

*Etid Pèsonaj yo ki nan Nouvo Testaman an*

## **VÈSÈ POU APRANN**

Semèn 11

*Men nou menm, nou se yon ras  
Bondye chwazi, yon bann prèt  
k'ap sèvi Wa a, yon nasyon k'ap  
viv apa pou Bondye, yon pèp li  
achte. Li fè tou sa pou n'te ka fè  
tout moun konnen bèl bagay  
Bondye te fè yo, Bondye ki rele  
nou soti nan fènwa a pou nou  
antre nan bèl limyè li a.*

## **YON TI MACHE POU PI FON**

*Etid Pèsonaj yo ki nan Nouvo Testaman an*

### **Semèn 11 Rankont Legliz Primitiv La**

#### **Jou 1 – Ananyas Ak Safira: Koken Danjere**

*Objektif legliz la, nan sa ki gen pou wè ak koze lajan,  
se pa sanble anpil lajan jan sa posib si li pa bay kantite ki posib.*

**Jerry Hayner**  
*nan Leadership (Lidèchip)*

*Kisa k anpeche w bay kounye a? èske pòv la pa la? Èske boutik ou a pa plen? Èske yo pa pwomèt rekonpans? Kòmandman byen klè: Moun ki grangou yo ap mouri kounye a, moun ki pa gen rad yo ap mouri anba fredi kounye a, moun ki gen dèt yo ap pran kou kounye, e oumenm, ou vle tan pou demen? Ou di: "Mwen pa fè okenn mal" "mwen vle rete sèlman avèk sa ki pou mwen, se sèlman sa". Sa ki pou ou a! Si nou tout ta pran sèlman sa bezwen epi bay rès la ak moun ki nan bezwen yo pa ta gen pòv ak rich. Apre tout bagay, èske w pa t fêt toutouni? Ou pa p retounen toutouni nan tè a?*

**St. Basil**

*Li pasaj sa a dousman epi fè anpil atansyon.*

#### **Travay 4:32-5:5**

**32** Tout moun ki te kwè yo te fè yon sèl kò, yo te gen menm santiman yonn pou lòt, yo te gen yon sèl lide yonn anvè lòt. Pesonn pa t' di byen li yo te pou tèt pa l' ase, men tou sa yonn te genyen te pou tout moun. **33** Se avèk anpil pouvwa apòt yo t'ap bay prèv ki jan Bondye te leve Jezi fè l' soti vivan nan lanmò. Bondye menm te vide benediksyon l' an kantite sou yo tout. **34** Pesonn nan mitan yo pa t' nan nesesite. Sa ki te gen jaden, sa ki te gen kay, yo vann sa, yo pote lajan an **35** renmèt apòt yo. Apre sa, yo te separe lajan an bay chak moun dapre nesesite yo. **36** Se konsa, te gen yon nonm yo rele Jozèf, yon moun Levi ki soti lil Chip. Apòt yo te ba l' yon ti non Banabas, ki te vle di: Nonm k'ap ankouraje a. **37** Enben, li vann yon jaden li te genyen, li pote lajan an renmèt apòt yo. **5:1** Konsa tou, yon nonm yo te rele Ananyas ak Safira madanm li vann yon tè yo te genyen. **2** Men, dakò ak madanm li, Ananyas kenbe enpe nan lajan an pou li, epi li al renmèt apòt yo rès la. **3** Lè sa a, Pyè di li: Ananyas, ki jan ou fè kite Satan antre nan kè ou pou l' fè ou bay Sentespri manti, pou l' fè ou kenbe enpe nan lajan tè a pou ou? **4** Anvan ou te vann tè a, se pa pou ou li te ye? Apre ou te fin vann li, tout lajan an te pou ou, pa vre? Ki jan ou fè mete nan tèt ou pou fè yon bagay konsa? Se pa moun ou bay manti non. Se Bondye ou twonpe. **5** Lè Ananyas tande pawòl sa yo, li tonbe, li mouri frèt. Tout moun ki tande nouvèl la te pè anpil.

**Nan kisa sa Ananyas ak Safira te fè a sanble ak sa lòt kwayan yo te fè?**

Poukisa w panse Pyè te repwoche yo? \_\_\_\_\_  
\_\_\_\_\_

Èske peche Ananyas la sanble ak pa Safira a? Poukisa? \_\_\_\_\_  
\_\_\_\_\_

Kisa w panse ki te lakòz lanmò Ananyas? Safira? Eksplike. \_\_\_\_\_  
\_\_\_\_\_

Kisa istwa sa a sanble endike osijè relasyon ant lanbisyon ak riz ki nan kè lòm? Èske w kapab bay yon egzanp? \_\_\_\_\_  
\_\_\_\_\_

Èske kèk fwa w te refize bay kèk bagay ou te pwomèt Bondye? Kilè? Kouman rezulta a te ye nan lavi w ak kè w? \_\_\_\_\_  
\_\_\_\_\_

**Etidye** vèsè sa a yo osijè de rezulta mank de jenewozite nan lavi epi espesyalman anvè Bondye.

Pwovèb 11:24

Eklezyas 5:13

Ezayi 43:24

Malachi 3:8

**Medite** pandan w ap imajine ke w pa gen djòb, ni kay, ni fanmi, ni zanmi, ni lajan. Imajine w ke yon moun vin kote w epi ofri w pou l ede w jwenn yon chanjam nan lavi w. Kouman w ta di moun sa mèsi?

**JOURNAL:** Ekri sou tandans ou genyen osijè de jenewozite. Èske w gen tandans pou w bay ak liberalite oswa w gen tandans pou w bay “avèk zèl mare”? Eksplike epi bay yon egzanp.

\_\_\_\_\_

\_\_\_\_\_

\_\_\_\_\_

\_\_\_\_\_

\_\_\_\_\_

Lapriyè pou ke Bondye fè w vin plis jenere nan yon fòm enkondisyonèl.

**Resite** 1 Pyè 2:9, epi pratike li chak jou pandan semèn nan jouskaske w aprann li.

## **YON TI MACHE POU PI FON**

*Etid Pèsonaj yo ki nan Nouvo Testaman an*

### **Semèn 11 Rankont Legliz Primitiv La**

#### **Jou 2 – Lapriyè, Louwanj, Ak Lafwa Pèsonèl Nan Prizon**

*Levanjil la dwe preche kòm yon bagay ki fre epi kominike nan yon fason ki tounèf pou chak jenerasyon, pliske chak jenerasyon genyen pwòp kesyon li. Levanjil la dwe simen sou plizyè fason nan tout direksyon, paske reseptè a chanje plas ak zòn chak moman.*

**Helmut Thielicke**

*Li* pasaj biblik sa a dousman epi fè anpil atansyon.

#### **Travay 16:22-34**

**22** Foul moun yo te moute kont yo tou. Chèf women yo fè rache rad ki te sou Pòl ak Silas, epi yo bay lòd pou bat yo ak fwèt. **23** Apre yo fin bat yo byen bat, yo mete yo nan prizon. Yo bay chèf prizon an lòd pou veye mesye yo byen. **24** Lè l' resevwa lòd sa a, chèf prizon an mete yo nan kacho ki jouk nan fon prizon an. Epi l' mete pye yo nan sèp. **25** Vè menwi konsa, Pòl ak Silas t'ap lapriyè, yo t'ap chante fè lwanj pou Bondye. Lòt prizonye yo menm t'ap koute. **26** Epi, yo rete konsa, tè a pran tranble byen fò, li souke prizon an jouk nan fondasyon li. Menm lè a, tout pòt prizon yo louvri, chenn tout prizonye yo kase.

**27** Chèf prizon an leve. Lè l' wè tout pòt prizon yo louvri, li rale nepe l', li tapral touye tèt li paske li te kwè prizonye yo te sove. **28** Men, Pòl kriye byen fò: Pa fè tèt ou mal. Nou tout la. **29** Lè chèf prizon tande sa, li mande yon chandèl, li kouri nan kacho a. Li lage kò l' atè nan pye Pòl ak Silas. Li t'ap tranble kou yon fèy bwa tèlman li te pè. **30** Apre sa, li fè yo soti, li mande yo: Mesye, kisa m' dwe fè pou m' delivre?

**31** Yo reponn li: Mete konfyans ou nan Seyè Jezi, epi wava delivre, ou menm ansanm ak tout fanmi ou.

**32** Epi yo fè l' konnen pawòl Seyè a, limenm ansanm ak tout moun ki te lakay li. **33** Menm lè a, nan mitan lannwit lan, li pran yo, li mete renmèd sou tout kote yo te blese. Lèfini, Pòl ak Silas batize l' ansanm ak tout fanmi li. **34** Chèf prizon an fè yo moute lakay li, li ba yo manje. Nonm lan te kontan anpil ansanm ak tout fanmi l' paske koulye a yo te kwè nan Bondye.

#### **Fè lis sekans evènman istwa sa a nan lòd kwonolojik:**

- |   |          |
|---|----------|
| 1. <u>Yo bat Pòl ak Silas, nan prizon</u> | 2. _____ |
| 3. _____                                  | 4. _____ |
| 5. _____                                  | 6. _____ |
| 7. _____                                  | 8. _____ |

**NÒT:** Pandan peryòd premye syèk la, yo te konn bay prizonye women yo veye lòt prizonye men ki gen pou wè ak destriksyon menm lavi pa yo. Se pou rezon sa a yo te pito touye tèt yo pase pou yo te tonbe anba men otorite yo. Nou jwenn sa a tou nan liv Travay 27:41-42, kote gad women yo te prepare yo pou yo te touye prizonye yo olye pou yo ta kite yo chape poul yo. Pliske yo pa t chape poul yo epi ankouraje lòt yo pou yo pa t fè sa nonplis, Pòl te sove lavi gad prizon an.

Kisa vèsè 25 la moutre nou osijè de temwayaj pèsonèl lafwa nou? \_\_\_\_\_

---

---

Poukisa w panse ke gad prizon an te tonbe ajenou nan pye Pòl ak Silas (vèsè 29)?

---

Kisa Pòl te di gad prizon an ki te nesesè pou jwenn Sali a? \_\_\_\_\_

---

Kouman gad prizon an te chanje ak tout fanmi li pou gwo eksperyans ekstaòdinè sa a? \_\_\_\_\_

---

---

Èske w te wè kèk moun ki te konvèti an kreyen lakòz de sikonstans inik oswa enpresyonan?  
Dekrive sa k te pase a. \_\_\_\_\_

---

---

*Etidye* vèsè sa a yo pandan w ap relye yo avèk aspè Sali ki dekrive yo a.

Jan 10:9	<i>Pou obeyisan yo.</i>
Matye 10:22	<i>Se sèlman nan non Jezi.</i>
Travay 15:11	<i>San li lave nou pou nou gen Sali a.</i>
Ebre 5:9	<i>Pou moun ki pèsevere jouskalafen.</i>
Travay 4:12	<i>Gras li sifi.</i>
Women 5:9	<i>Kris la se sèl pòt la.</i>

Medite pandan w ap konsidere sa w te ye avan w te resevwa Jezi kòm Sovè w. Panse avèk nati epi gwasè chanjman ki fèt nan ou, epi tou konsidere sa gras Bondye fè nan lavi ou.

**JOURNAL:** Ekri osijè de kèk moun ke w konnen ki te resevwa yon gwo transfòmasyon pa mwayen yon rankont pèsonèl avèk Jezi, Kris la. Kouman sa te pase? Ki bagay ki reyèlman te chanje? Pètèt moun sa a se kapab oumenm...

---

---

---

---

---

Lapriyè pou yon opòtinite semèn sa a ou pataje lafwa w avèk moun ki nan antouraj ou yo.

Resite 1 Pyè 2:9, epi pratike li chak jou pandan semèn nan jouskaske w aprann li.

## **YON TI MACHE POU PI FON**

*Etid Pèsonaj yo ki nan Nouvo Testaman an*

### **Semèn 11 Rankont Legliz Primitiv La**

#### **Jou 3 – Apolòs: Espirasyon Ak Estriksyon Pawòl Bondye A**

*Lè w li Pawòl Bondye a, ou dwe pratike l oumenm, “se avèk mwen l ap pale”.*

**Soren Kierkegaard**

*Konsyans mwen tonbe nan prizon pa mwayen Pawòl Bondye  
a epi kont konsyans la oswa Bib la pa kòrèk ni serye.*

**Martin Luther**

*Li* pasaj sa a dousman epi fè anpil atansyon.

#### **Travay 18:24-28**

**24** on jwif yo te rele Apolòs rive lavil Efèz. Se te moun lavil Aleksandri. Nonm sa a te konn pale byen, li te konn tou sa ki te ekri nan Liv yo. **25** Yo te moutre l' chemen Bondye a. Depi lè sa a, li te cho pou l' te anonse pawòl la. San dezanpare li t'ap moutre moun yo tou sa li te konnen sou Jezi yon jan ki konfòm ak verite a. Men, se batèm Jan an ase li te konnen. **26** Li t'ap pale avèk fòs konviksyon nan sinagòg la. Lè Prisil ak Akilas tandem l', yo pran l' avèk yo epi yo fin moutre li chemen Bondye a yon jan ki pi korèk. **27** Apre sa, Apolòs fè lide ale Lakayi. Frè yo te ankouraje li. Yo ekri yon lèt voye bay disip yo ki nan peyi sa a pou yo te byen resevwa Apolòs. Lè li rive Lakayi, li bay moun Bondye te fè favè kwè yo yon gwo konkou. **28** Se avèk gwo konviksyon devan tout moun li t'ap moutre jwif yo ki jan yo te nan lerè: li pran sa ki ekri nan Liv yo a, li t'ap ba yo prèv se Jezi ki Kris la.

**Fè yon lis ki gen senk bagay enpòtan ke vèsè sa a yo di nou osijè de Apolòs kòm moun epi lidè kretyen, avèk vèsè ki apiye chak bagay.**

1. \_\_\_\_\_ (vèsè \_\_\_\_)
2. \_\_\_\_\_ (vèsè \_\_\_\_)
3. \_\_\_\_\_ (vèsè \_\_\_\_)
4. \_\_\_\_\_ (vèsè \_\_\_\_)
5. \_\_\_\_\_ (vèsè \_\_\_\_)
6. \_\_\_\_\_ (vèsè \_\_\_\_)
7. \_\_\_\_\_ (vèsè \_\_\_\_)
8. \_\_\_\_\_ (vèsè \_\_\_\_)

Poukisa w panse ke Apolòs ta kapab bezwen enstriksyon ki “pibon” nan men Prisil ak Akila? Kisa sa ta kapab genyen ladan l? \_\_\_\_\_

Kisa w panse sa vle di ke li te “konnen sèlman batèm Jan”? Eksplike. \_\_\_\_\_

Nan ki kalite ministè pasaj sa a di ke Apolòs te ye? \_\_\_\_\_

---

---

Ki fraz nan vèsè sa a yo ki endike pasyon ke Apolòs te genyen pou ministè a?

1. Vèsè 25 – “li te cho pou l pale”      2. Vèsè 26 – “\_\_\_\_\_”

3. Vèsè 27 – “\_\_\_\_\_”      4. Vèsè 28 – “\_\_\_\_\_”

Èske w te byen enstwi byen “nan chemen Seyè a”? Eksplike. \_\_\_\_\_

---

---

Èske w prè pou w resevwa antrènman espirityèl pa mwayen lòt moun epi rann li kont? Eksplike poukisa wi oswa non, epi kimoun ki kapab jwe wòl sa nan lavi w. \_\_\_\_\_

---

---

Nan ki ministè ou santi w reyalize pi byen epi poukisa? \_\_\_\_\_

---

---

*Etidye* vèsè sa a yo osijè de enpòtans kritik enstriksyon Pawòl Bondye a.

Detewonòm 4:10      2 Kwonik 17:9      Neyemi 8:13      Matye 22:29

**Medite** sou pouvwa Pawòl Bondye a nan kè ou. Imagine oumenm ki chita yon kote byen frankil, pandan w ap koute Seyè a k ap pale. Imagine kouraj ak fòs Pawòl li ba w pandan w ap koute l, pandan w ap li l tou, nan menm tan an l ap antre nan fon kè ou. Konsève imaj sa a pou yon titan.

**JOURNAL:** Ekri osijè de antrenè Bib pi enpòtan nan lavi w. Kisa l te moutre w osijè de Pawòl Bondye a ki te touche w ak gwo pouvwa? Epi, nan ki fòm li te chanje lavi w?

---

---

---

---

---

---

---

---

Lapriyè pou yon opòtinite semèn sa a pou w pataje lafwa w avèk moun ki nan antouraj ou yo.

Resite 1 Pyè 2:9, epi pratike li chak jou pandan semèn nan jouskaske w aprann li.

## **YON TI MACHE POU PI FON**

Etid Pèsonaj yo ki nan Nouvo Testaman an

### **Semèn 11 Rankont Legliz Primitiv La**

#### **Jou 4 – Konsekans Aparans**

*Nou pa p janm kapab pale ak Bondye dèyè do li. Nou pa kapab pale ak Bondye nan absans li... Bondye y ap diskite sou li a la. Atitud ke moun pran anvè Li pap janm teyorik. Nye li se krache nan figi li.*

**A. Skevington Wood**

*Nan “Evangelism: Its Theology and Practice (Evanjelizasyon: Se Teoloji ak Pratik)”*

*Li* pasaj biblik sa a dousman epi fè anpil atansyon.

#### **Travay 19:13-20**

**13** Te gen kèk jwif ki t'ap mache toupatou ap chase move lespri sou moun malad. Yo menm tou, yo t'ap seye chase move lespri yo nan non Jezi. Se konsa yo te konn di move lespri yo: Pa pouvwa Jezi Pòl ap fè konnen an, mwen ba ou lòd soti. **14** (Se te sèt pitit gason Seva, yon granprèt jwif, ki t'ap fè sa.)

**15** Men move lespri a reponn yo: Mwen konnen Jezi, mwen konnen Pòl. Men nou menm, ki moun nou ye? **16** Lè sa a, nonm ki te gen move lespri sou li a fonse sou yo, li moutre li te gen plis fòs pase yo tout mete ansanm. Li malmennen yo sitèlman yo pran kouri soti nan kay la toutouni, tout kò yo an san.

**17** Tout moun laval Efèz, jwif kou moun lòt nasyon yo, te rive konn bagay sa a. Yo tout te pè, men yo te vin gen gwo respè pou non Seyè Jezi a. **18** Anpil nan moun ki te kwè yo vini, yo kanpe devan tout moun, yo t'ap avwe tou sa yo te fè, yo t'ap rekonèt sa an piblik. **19** Te gen anpil ladan yo ki te konn pratike maji, yo pote liv yo, yo boule yo devan tout moun. Dapre kalkil yo te fè, te gen liv pou desansenkantmil (250.000) goud antou. **20** Se konsa pawòl Bondye a t'ap gaye avèk pouvwa, li t'ap moutre fòs li.

Poukisa pitit Seva yo pa t kapab chase demon an? (vèsè 14) Eksplike. \_\_\_\_\_

Kisa vèsè 16 la di nou osijè de dispozisyon ak kapasite movelespri yo?

Ki twa rezulta pozitif rankont sa a te pote nan legliz Primitiv la?

1. \_\_\_\_\_

2. \_\_\_\_\_

3. \_\_\_\_\_

4. \_\_\_\_\_

Kisa yo te kwè osijè de svvi ak non Jezi pou pase move lespri yo dapre sa aksyon yo endike nou? Kisa ki te manke nan konpreyansyon yo? \_\_\_\_\_

---

---

Èske w konnen kèk moun ki sèvi ak non Jezi byen souvan, men ki moutre yon vye tikras oswa okenn siy ki fè kwè ke li konnen Li reyèlman? Ki enpak sa te fè sou lòt moun? \_\_\_\_\_

---

---

**Etidye** vèsè sa a yo pandan w ap relye yo chak avèk sa yo di osijè de non Jezi.

Travay 10:48	<i>Prèch san pè</i>
Filipyen 2:10	<i>Esperans nasyon yo</i>
Travay 3:6	<i>Padon pou peche yo</i>
Matye 12:21	<i>Toutjenou pral koube</i>
Travay 9:27	<i>Batèm kretyen</i>
Travay 2:38	<i>Sentete Fizik</i>

Medite sèlman pandan w ap panse avèk non Jezi. Fè sa pandan w ap pale avèk pwòp tèt ou sou eksplikasyon ki nan ekriti anlè a, pa egzanp: "Padon pou peche nan non Jezi". Repete fraz sa a yo jouskaske w santi prezans Bondye nan aktivite a.

**JOURNAL:** Èske w sèvi ak non Jezi byen souvan nan lavi w chak jou? Poukisa se yon reyalite? Ki benefis oswa difikilte ou ta genyen si w ta sèvi pi plis avèk non Jezi? Eksplike.

---

---

---

---

---

---

---

---

---

---

---

---

---

Lapriyè pou ke non Jezi kapab glorifye nan lavi w pandan semèn sa.

**Resite 1** Pyè 2:9, epi pratike li chak jou pandan semèn nan jouskaske w aprann li.

# **YON TI MACHE POU PI FON**

*Etid Pèsonaj yo ki nan Nouvo Testaman an*

## **Semèn 11 Rankont Legliz Primitiv La**

### **Jou 5 – Kamarad Nan Izòlman**

*Pigwo rekonpans la se fè yon bagay ki vrèman gen pou wè avèk kamarad yo  
ki rasanble avèk nou epi pataje konviksyon ki fèm ke li vle genyen.*

**Elton Trueblood**

*Li* pasaj biblik sa a dousman epi fè anpil atansyon.

#### **Kolosyen 4:10-14**

**10** Aristak ki nan prizon ansanm avè m' voye bonjou pou nou. Mak, kouzen Banabas la, voye bonjou tou. (Mwen te deja di nou sa pou nou fè pou li: resevwa l' byen si l' vin lakay nou). **11** Jezi, ki gen yon ti non Joustous, voye bonjou pou nou tou. Twa mesye sa yo, se yo menm sèlman pamì jwif yo k'ap travay avè m' pou gouvènman Bondye ki wa a. Yo te ban m' anpil kouraj. **12** Epafras, ki moun Kolòs tou, voye bonjou pou nou. Sèvitè Kris sa a pa manke lapriyè anpil pou nou pou nou ka rete fèm, pou nou ka fin grandi nèt nan konfyans nou nan Bondye, pou nou ka toujou byen dispoze pou fè tou sa Bondye mande nou. **13** Mwen ka di nou sa: l'ap fatige kò l' anpil pou nou menm moun Kolòs yo, pou moun Lawodise yo ansanm ak moun Yerapolis yo. **14** Lik, bon dòktè mwen an, ansanm ak Demas voye bonjou pou nou tou.

**Fè lis non moun ki site la a yo ki te ansanm ak Pòl nan prizon an. Si yo te ede Pòl nan kèk fason espesyal, ekri li devan non moun nan**

#### KAMARAD

#### TRAVAY ESPIRITYÈL

1. \_\_\_\_\_
2. \_\_\_\_\_
3. \_\_\_\_\_
4. \_\_\_\_\_
5. \_\_\_\_\_
6. \_\_\_\_\_

**Kisa Aristak, Mak avèk Jezi (Justo) te genyen ki te sanble? \_\_\_\_\_**

\_\_\_\_\_

**Kilès nan èd sa a yo ki sanble pi enpòtan pou ou? Poukisa? \_\_\_\_\_**

\_\_\_\_\_

**Ki twa prewokipasyon Epafras te genyen lè I t ap lapriyè pou legliz la? \_\_\_\_\_**

---

---

**Kilès nan tèm lapriyè Epafras yo ki reprezante yon pwoblèm pou ou pèsonèlman? Poukisa?**

---

---

***Etidye* vèsè sa a yo ki osijè de valè travay espirityèl yo nan Wayòm Bondye a.**

Danyèl 12:3      1 Korentyen 9:19      Matye 9:37-38      1 Timote 5:17

**Medite pandan w ap panse ak popilasyon mondyal la kòm yon vèso ki plen ak engredyan pou fè melanj. Ki engredyan ou ta fè epi ki enpak ou ta ye pou resèt la avèk gou moun yo?**

**JOURNAL: Ak kimoun nan kamarad Pòl yo ou mwens sanble, pandan w ap baze sou sa w te li la a? Poukisa? Ak ki kamarad ou plis sanble ? Si w te ansanm ak apot Pòl, ki kalite èd ou t'ap ofri nan travay ministè li?**

---

---

---

---

---

---

---

---

---

---

---

---

---

---

---

---

---

---

---

---

---

---

---

---

---

---

**Lapriyè pou w kapab vin yon kamarad serye epi fèm espirityèlman pou sa a yo ki bezwen sa.**

**Resite 1 Pyè 2:9, epi prepare w pou w pataje li avèk gwoup ou a lè nou rasanble.**

***Rankont Legliz Primitiv La  
Rezime Espirityèl – Semèn 11***

Ki aplikasyon pèsonèl ki soti nan istwa Ananyas ak Safira? \_\_\_\_\_

---

---

---

Ki verite espirityèl ke w te aprann nan istwa gad prizon ki nan Travay 16 la? \_\_\_\_\_

---

---

---

Kouman lavi Apolòs enspire w nan sèvis li tankou kretyen? Poukisa? \_\_\_\_\_

---

---

---

Ki verite espirityèl enpòtan osijè de pouvwa Bondye nan sèvi avèk non Jezi moutre istwa sèt pitit Seva yo?

---

---

---

Ki kalifikasyon ou ta jwenn kòm kamarad espirityèl pou lòt yo, konfòm ak sa w te aprann nan istwa Pòl avèk kamarad prizon l yo? \_\_\_\_\_

---

---

---

Ki verite espirityèl ki plis enpòtan ou te aprann semèn sa a epi kouman w ta aplike li nan lavi w? Pataje sa avèk gwoup ou a. \_\_\_\_\_

---

---

---

# **YON TI MACHE POU PI FON**

*Etid Pèsonaj yo ki nan Nouvo Testaman an*

**VÈSÈ POU APRANN**

Semèn 12

*Paske Bondye ki gen tout pouvwa a fè anpil bèl bagay pou mwen. Non li, se yon non pou tout moun respekte. L'ap toujou gen pitye pou tout moun ki gen krentif pou li.*

Lik 1:49-50

## **YON TI MACHE POU PI FON**

*Etid Pèsonaj yo ki nan Nouvo Testaman an*

### **Semèn 12 Mari, Manman Jezi**

#### **Jou 1 – Fè Fas Ak Sipriz**

*Se te anpil bagay ke lòm te fèt tankou Bondye. Men, plis pase Bondye ta fèt tankou lòm.*

**John Donne**

*Lavi li se sa ki pi wo a ak pi santach la k ap antre nan pòt ki pi ba a.*

**Oswald Chambers** (1874-1917)

*Vini Jezi a se prèvi final ak san repons deke Bondye prewokipe li pou nou.*

**William Barclay** (1907-1978)

*Li* pasaj biblik sa a dousman epi fè anpil atansyon.

#### **Lik 1:26-38**

**26** Sou sisyèm mwa gwosès Elizabèt la, Bondye voye zanj Gabriyèl nan yon vil nan peyi Galile yo rele Nazarèt. **27** Bondye te voye l' kay yon jennfi ki te fiyanse ak yon nonm yo rele Jozèf. Jozèf sa a, se te moun ras David. Yo te rele jennfi a Mari. **28** Zanj lan antre lakay Mari, li di li: Bonjou, Mari, ou menm ki resevwa anpil favè. Mèt la avèk ou. **29** Lè Mari tande pawòl sa yo, tèt li te boulvèse, li t'ap mande nan kè l' kisa bonjou sa a te vle di. **30** Men, zanj lan di li: Pa pè, Mari. Ou jwenn favè nan men Bondye. **31** Ou pral vin ansent, ou va fè yon ptit gason. Wa rele l' Jezi. **32** L'ap vin yon grannèg, y'a rele li Pitit Bondye ki anwo nan syèl la. Mèt la, Bondye nou, va fè l' wa tankou David, gran granpapa li. **33** La gouvènen pèp Izrayèl la pou tout tan, gouvènman l' lan p'ap janm fini. **34** Mari di zanj lan konsa: Ki jan sa pral fè rive? Ala mwen poko janm konn gason! **35** Zanj lan reponn li: Sentespri a pral vin sou ou; pouvwa Bondye ki anwo nan syèl la pral kouvari ou tankou yon lonbraj. Se pou sa tou, tipitit ki pral fèt la pral viv apa pou Bondye, y'a rele l' Pitit Bondye. **36** Ou konnen Elizabèt, fanmi ou lan? Atout li fin vye a, men l' ansent yon ptit gason. Yo te di l' pa t' kapab fè ptit, men li déjà sou sis mwa gwosès. **37** Tou sa rive paske pa gen anyen Bondye pa ka fè. **38** Mari di li: Men mwen, se sèvant Mèt la mwen ye. Mwen swate pou sa rive m' jan ou di a. Epi zanj lan kite li.

#### **Gen plizyè fè istorik ak doktrinal enpòtan nan de premye vèsè yo:**

1. Zanj lan t'al vizite Mari nan pèp \_\_\_\_\_ nan pwovens \_\_\_\_\_.
2. Mari se te \_\_\_\_\_, epi Jozèf te yon \_\_\_\_\_.

**NÒT:** Atravè Labib, zanj yo sèvi kòm mesaje ak sèvitè Bondye. Byen souvan, yo bay mesaj enpòtan oswa bay mesaj ki gen lavi ladan yo. Epitou, mo "zanj" soti nan mo ebre ak laten ki vle di toude a "mesaje". Nan istwa sa a Zanj lan rele Gabriyèl (sèlmnan kèk zanj ki gen non yo site nan Bib la). Pou lòt referans sou Gabriyèl, gade Danyèl 8:6, Danyèl 9:21, Lik 1:19.

**Fè lis plizyè bagay zanj lan te di Mari pou l te fè li rete tranquil nan vèsè 28-30 la.** \_\_\_\_\_

---

---

**Dekrive reyakson ak prewokipasyon Mari fas ak salitasyon zanj lan.** \_\_\_\_\_

---

---

**Bagay ke zanj lan te mande epi pwomèt Mari yo se te:**

Piga li te \_\_\_\_\_ li t ap vin ansent epi fè yon \_\_\_\_\_,  
epi te dwe rele li \_\_\_\_\_. Tibebe a va fèt pa mwayen pouvwa  
\_\_\_\_\_ a epi Li va grandi pou l \_\_\_\_\_ pèp Izrayèl la.

**Etidye** vèsè sa a yo ki fè referans ak pwomès nesans Jezi.

Ezayi 7:14

Miche 5:2

Ezayi 9:6-7

Jan 1:14

**Èske w kapab panse ak kèk fwa yon bagay te pase ki te yon sipriz total ki te chanje lavi w ? Kisa l te ye epi kouman w te reyaji?** \_\_\_\_\_

---

---

**Medite** nan Ezayi 9:6-7 epi panse avèk kisa sa vle di pou Jezi akonpli plizyè wòl nan lavi li ke vèsè sa a yo moutre.

**JOURNAL:** Zanj lan te di “pa gen anyen ke Bondye pa kapab fè”. Èske w te wè Bondye fè kèk bagay ki te parèt enposib dapre oumenm? Kisa l te ye? Ki mirak ou ta renmen wè Bondye fè nan lavi w kounye a?

---

---

---

---

---

---

---

---

---

**Lapriyè** pou w kapab gen vizyon pou oumenm menm jan Bondye te wè Mari a; kòm yon moun ki te jwenn gwo favè. Se pou w kontan pou lanmou ak fidèlite Bondye pou ou.

**Resite** Lik 1:49-50 jan sa posib, epi repete li pandan semèn nan.

## **YON TI MACHE POU PI FON**

*Etid Pèsonaj yo ki nan Nouvo Testaman an*

### **Semèn 12 Mari, Manman Jezi**

#### **Jou 2 – Kantik Yon Sèvant**

*Mwen anvi reyalize travay ki gwo epi nòb, men se devwa mwen pou m reyalize travay ki senp kòm si yo te gwo ak nòb. Paske mond lan deplase, se pa sèlman pa mwayen gran mouvman gèrye li yo, sinon pa mwayen ti sipò chak travayè onèt.*

**Helen Keller**

*Anpil moun pa bay travay yo gen nan men yo valè epi yo konfòme yo avèk dezi pou fè li enposib.*

**Teresa of Avila** (syèk XVI)

*Li* pasaj sa a dousman epi fè anpil atansyon.

#### **Lik 1:46-55**

**46** Lè sa a Mari di: Nanm mwen ap chante pou Mèt la ki gen pouvwa. **47** Lespri m' pran plezi nan Bondye ki delivrans mwen. **48** Paske li voye je l' sou mwen, yon sèvant ki soumèt devan li. Wi, depi koulye a, epi pou tout tan, tout moun pral di: Ou se yon fanm Bondye beni! **49** Paske Bondye ki gen tout pouvwa a fè anpil bèle bagay pou mwen. Non li, se yon non pou tout moun respekte. **50** L'ap toujou gen pitye pou tout moun ki gen krentif pou li. **51** Li fè lèzòm santi fòs ponyèt li. Li fè moun ki gen lògèy ak gwo lide nan kè yo pèdi tèt yo. **52** Li desann chèf ki te byen chita nan fotèy yo. Li leve moun ki pa gen pretansyon yo. **53** Li bay moun ki grangou yo anpil byen. Li voye rich yo ale san anyen. **54** Li vin pote sekou bay pèp Izrayèl k'ap sèvi l' la. Li pa bliye fè wè jan li toujou gen kè sansib, **55** pou Abraram ansanm ak tout ras li a, dapre pwomès li te fè zansèt nou yo.

**Fè yon lis ki gen plizyè bagay ke Mari te kontan ke yo pale de li pèsonèlman.** (vèses 46-49)

---

---

**Ki wit bagay Mari site ke Bondye te fè pou pèp Izrayèl la?**

1. \_\_\_\_\_
2. \_\_\_\_\_
3. \_\_\_\_\_
4. \_\_\_\_\_
5. \_\_\_\_\_
6. \_\_\_\_\_
7. \_\_\_\_\_
8. \_\_\_\_\_

**Èske jeneralman li pi fasil pou ou santi w kontan nan lapriyè w yo, oswa lè w ap mande bagay?**  
Poukisa? \_\_\_\_\_

**Sou ki bi ou kontan nan lavi w epi nan relasyon w avèk Bondye? Poukisa?** \_\_\_\_\_

***Etidye* vèsè sa a yo ki osijè de fè kè nou kontan nan Seyè a ak lanmou li pou nou.**

Sòm 16:11

1 Pyè 1:8

Sòm 30:5

Filipyen 4:4

**Medite** pandan w ap sonje memwa w plis kontan nan tout sans ki posib. Apre sa, sonje ke Bondye se Mèt tout bagay ki bon yo epi louwe li poutèt sa.

**JOURNAL:** Fè lis kèk bagay ki baw anpil lajwa nan lavi w, nan tan ki pase a ak kounye a. Ekri yon lapriyè pou w di Bondye mèsi pou benediksyon sa yo.

---

---

---

---

---

---

---

---

---

---

---

---

---

---

---

---

---

---

---

---

---

---

---

---

---

---

---

---

**Lapriyè** pou yon lespri kè kontan nan tout sa w ap fè pandan semèn sa a.

**Resite** Lik 1:49-50 jan sa posib, epi repete li pandan semèn nan.

## **YON TI MACHE POU PI FON**

*Etid Pèsonaj yo ki nan Nouvo Testaman an*

### **Semèn 12 Mari, Manman Jezi**

#### **Jou 3 – Nesans Nòb, Nesans Santach**

*Souf, bouch, zòrèy, je*

*Moun ki te ranpli syèl yo avèk ane yo kounye a jwenn limit. Pi vye granmoun pase letènité, kounye a li nouvo, kounye a li fèt sou tè a menm jan ak mwen, klouwe nan planèt pòv mwen an, anprizone pou m te kapab libere.*

**Luci Shaw (1928- )**

*Li* pasaj biblik sa a dousman epi fè anpil atansyon.

#### **Lik 2:1-19**

1 Lè sa a, Seza Ogis te bay lòd pou yo te konte dènye moun ki nan peyi l'ap gouvènen yo. 2 Premye travay sa a te fèt nan tan Kireniyis t'ap kòmande nan peyi yo rele Siri a. 3 Tout moun te al fè pran non yo nan lavil kote fanmi yo te soti. 4 Jozèf te rete nan peyi Galile, nan yon bouk yo rele Nazarèt. Men, paske li te moun nan fanmi ak ras David, li moute, li ale nan Jide, nan lavil David yo rele Betleyèm lan. 5 Jozèf tapral fè yo pran non l' ansanm ak non Mari, fiyanse li, ki te ansent. 6 Antan yo te la, jou pou Mari te akouche a rive. 7 Li fè premye pitit li a, yon ti gason. Mari vlope pitit la nan kouchèt, li mete l' kouche nan yon kay kote yo bay bêt manje, paske pa t' gen plas pou yo nan lotèl la. 8 Nan menm zòn sa a, te gen gadò mouton ki t'ap pase nwit la deyò ap veye mouton yo. 9 Lè sa a, yon zanj Bondye parèt devan yo, bêt limyè Bondye a klere tout kote yo te ye a. Yo te pè anpil. 10 Men zanj lan di yo konsa: Pa pè. N'ap anonse nou yon bon nouvèl ki pral fè tout pèp la kontan anpil. 11 Jòdi a, nan lavil David la, nou gen yon Sovè ki fenk fèt: se Kris la, Seyè a. 12 Men remak ki va fè nou rekonèt li: n'a jwenn yon tibebe vlope nan kouchèt, kouche nan yon kay kote yo bay bêt manje. 13 Memm lè a, yon foul lòt zanj nan syèl la vin jwenn zanj lan; yo t'ap fè Iwanj Bondye, yo t'ap di konsa: 14 Lwanj pou Bondye anwo nan syèl la, kè poze sou latè pou tout moun li renmen. 15 Zanj yo kite gadò mouton yo, yo tounen al nan syèl la. Lè sa a, gadò mouton yo yonn di lòt: Ann al jouk Betleyèm, ann al wè sa ki rive, sa Bondye fè nou konnen an. 16 Yo prese ale, yo jwenn Mari ak Jozèf, ansanm ak tipitit la kouche kote yo bay bêt yo manje a. 17 Lè yo wè l', yo tanmen rakonte sa zanj lan te di yo sou pitit la. 18 Tout moun ki t'ap koute yo te sezi tande sa yo t'ap rakonte a. 19 Mari menm te kenbe tout pawòl sa yo nan kè l', li t'ap repase yo nan tèt li.

**Poukisa Jozèf avèk Mari te vwayaje soti Nazarèt pou ale nan lavil Bètleyèm? \_\_\_\_\_**

**Site sa zanj lan te di gadò mouton yo osijè de tibebe ke Mari te genyen an.**

1. Kouman yo te reyaji: (Vèsè 10)

"ou pa bezwen pè"

2. Ki kalite anons yo te genyen an: (Vèsè 10)

---

3. Pou kimoun anons yo te ye: (Vèsè 10)

---

4. Idantite tibebe a: (Vèsè 11)

---

5. Ki kote tibebe a ta kapab ye: (Vèsè 11-12)

---

**Èske Bondye te revele w yon bagay sou fòm mirak? Kilè epi kouman?** \_\_\_\_\_

---

---

**Etidye** vèsè sa a yo ki osijè de imilite ke Jezi te genyen nan mond sa a.

Filipyen 2:5-8

Jan 13:5-17

2 Korentyen 8:9

Matye 13:55

**Medite** sou dispozisyon nòb Mari a pou l te vin yon enstriman santach pou Bondye. Apre sa, reflechi sou reyakson ou fèk sot fè fas ak lòt moun nan lavi w. èske yo te pi nòb oswa pi egoyis pase jan sa ta dwe ye?

**Idantifye** nenpòt nan ka avèk konpòtman nòb ak sèvis sa a yo ki aplike nan lavi w. Mete yon nimewo de en a senk nan tikare pou w kalifye angajman w. 1 =ba, 5 = wo

- Byen souvan, mwen prè pou m fè bagay ke lòt moun pa konsidere san enpòtans oswa san nivo.
- Mwen mete plis tan apa pou sèvis kretyen chak semen pase televizyon oswa antrènman.
- Mwen lapriyè piplis pou bezwen lòt moun olye m fè sa pou mwen ak pwòp fanmi mwen.
- Raman mwen sèvi ak eskiz "mwen okipe anpil" pou m evite sèvis kretyen an.
- Mwen itilize talan m yo premyeman pou Bondye epi apre, pou sèvis nan lari yo.
- Mwen bay avèk liberalite pou travay wayòm Bondye a nan legliz la pou pòv ak moun ki nan nesesite yo.

**JOURNAL: Èske w pare pou w chanje nivo sevis sakrifis kote w ap opere chak jou a? Ki kèk bagay espesyal ke w kapab fè?**

---

---

---

---

---

---

Lapriyè pou ke Seyè a kapab devlope yon kè sèvis nan ou.

Resite tanto de Lik 1:49-50 jan sa posib la epi repete li pandan semèn nan.

## **YON TI MACHE POU PI FON**

*Etid Pèsonaj yo ki nan Nouvo Testaman an*

*Semèn 12 Mari, Manman Jezi*

### **Jou 4 – Lafwa Yon Manman**

*Pèsonn ki te gen manman se pòv.*

**Abraham Lincoln (1809-1865)**

*Relasyon ant manman avèk ptit se yon bagay etranj epi, nan yon fòm trajik. Sa  
mande plis lanmou bò kote manman an, sepandan lanmou sa a dwe ede ptit la  
grandi lwen manman an epi retounen konplètman endependan.*

**Erich Fromm (1900-1980)**

*Li* pasaj biblik sa a dousman epi fè anpil atansyon.

#### **Jan 2:1-11**

1 De jou apre sa, te gen yon maryaj lavil Kana nan peyi Galile. Manman Jezi te la, 2 yo te envite Jezi ak disip li yo nan nòs la tou. 3 Rive yon lè pa t' gen diven ankò. Manman Jezi di l' konsa: Yo pa gen diven ankò non. 4 Men Jezi reponn li: Nan kisa mwen ye avè ou, madanm? Lè pa m' lan poko rive. 5 Lè sa a, manman Jezi di moun ki t'ap sèvi yo: Fè tou sa l' di nou fè. 6 Te gen sis gwo ja fèt an wòch ki te sèvi pou jwif yo lave kò yo dapre koutim yo. Yo te gwo ase pou chak te kenbe vin trant galon konsa. 7 Jezi di moun ki t'ap sèvi yo: Plen ja yo dlo. Yo plen yo ra bouch. 8 Lè yo fini, Jezi di yo: Pran ti gout nan dlo sa a, pote bay chèf kanbiz la goute. Yo pote ti gout bay chèf kanbiz la. 9 Chèf kanbiz la goute dlo ki te tounen diven an. Li pa t' konnen ki bò diven sa a te soti. (Men, domestik yo ki te pran dlo a te konnen.) Li rele nonm ki t'ap marye a, 10 li di li konsa: Tout moun sèvi pi bon diven an anvan. Se apre tout envite yo fin sou, se lè sa a yo sèvi diven ki pa twò bon an. Men ou menm, ou te sere pi bon diven an. Se koulye a w'ap sèvi l'. 11 Se konsa Jezi te fè premye mirak li lavil Kana nan peyi Galile. Li te fè wè pouvwa li. Sa te fè disip li yo kwè nan li.

**Poukisa w panse Mari te mande Jezi pou l te aji nan sitiayson sa a? Èske w panse li t ap tann pou Jezi te fè yon mirak?** \_\_\_\_\_

**Kisa Pawòl Jezi te di Mari yo fè nou konprann osijè de lide Jezi sou ministè li a ? Kisa pawòl Mari te di sèvitè yo fè nou konprann osijè de konfyans li nan Jezi?** \_\_\_\_\_

Vèsè 10-11, Kisa vèsè sa a yo te di nou osijè de rezulta kout oswa long sou demann Mari a?

---

---

Vèsè 10-11, Kisa vèsè sa a yo te di nou osijè de rezulta kout oswa long sou demann Mari a?

---

---

---

***Etidye*** vèsè sa a yo osijè de mete konfyans nan Kris la nan tout sikonsans.

Jan 12:35-36

Jan 14:1

Ebre 13:6

**Medite** osijè de konfyans Mari te genyen nan Jezi, apre sa, medite nan konfyans ou nan li.

**JOURNAL:** Ekri kèk bagay ke Bondye te fè nan lavi w ki te fè w mete konfysans ou nan Li. Èske kèk nan bagay sa a yo se te bagay sanzatann oswa enpresyonan?

Lapriyè pou konfyan semèn sa a, se pa sou pwòp fòs ou oswa pa lòt moun, sinon nan fòs Kris la.

**Resite Lik 1:49-50 jan sa posib epi repeete li pandan semèn nan.**

## **YON TI MACHE POU PI FON**

*Etid Pèsonaj yo ki nan Nouvo Testaman an*

### **Semèn 12 Mari, Manman Jezi**

#### **Jou 5 – Soufrans Yon Manman**

*Manman yo ekri nan kè pitit yo sa men brial mond lan pa kapab efase.*

**San non**

*Li pasaj biblik sa a dousman epi fè anpil atansyon.*

**Jan 19:23-27**

**23** Lè sòlda yo fin klosure Jezi sou kwa a, yo pran rad li yo, yo fè kat pil ak yo, yo separe yo bay chak sòla yo yonn. Yo pran gwo rad san kouti a, rad ki te fèt ak yon sèl pyès depi anwo jouk anba a. **24** Sòlda yo yonn di lòt: Nou p'ap chire rad sa a non. Ann tire osò pou konnen pou ki moun l'ap ye. Se konsa, pawòl ki te ekri nan Liv la rive vre: Yo separe rad mwen ant yo: Yo tire osò pou rad mwen an. Se sa menm sòlda yo te fè. **25** Bò kwa Jezi a te gen manman l' ak sè manman l', Mari, madam Kleopas la, ansanm avèk Mari, moun lavil Magdala a. **26** Jezi wè manman l' ansanm ak disip li te renmen an toupre li. Li di manman l' konsa: Madam, men pitit ou. **27** Li di disip la: Men manman ou. Depi lè sa a, disip la pran manman Jezi lakay li.

**Kisa karaktè Mari fè nou konprann, limenm ki te nan pye lakwa nan moman sa a?** \_\_\_\_\_

---

---

---

**Kisa w panse Jezi t ap di nan vèsè 26-27 la?** \_\_\_\_\_

---

---

---

**Si w se papa oswa manman, Ki bagay ki pi difisil ou te wè kèk nan pitit ou yo ap pase? Kouman sa te afekte lafwa w nan Bondye?** \_\_\_\_\_

---

---

---

**Èske w te wè nan kèk okazyon kèk moun ap soufri ansanm avèk pitit li?** \_\_\_\_\_

---

---

**Etidye** vèsè sa a yo ki osijè de fè fas ak soufrans epi doulè.

Sòm 10:14

Plenn 3:31-33

Jan 16:20-22

**Medite** sou kèk nan blese ak soufrans ke w te konnen nan lavi w. Imagine w ke w'ap mache nan lari a anba yon toran frèt nan yon mòn epi Seyè a ap lave doulè sa a epi chanje li pou l ba w lajwa.

**JOUNAL:** Èske kèk fwa Seyè a te chanje soufrans yo nan lavi w pou I ba w lajwa? Kouman ak kilè sa te pase? Konbyen tan w te pase pou Bondye te fè sa?

**Lapriyè** pou ke Bondye ba w yon kè rekonesan, menm pou soufrans ou pase yo.

**Resite** Lik 1:49-50 epi repeete li pandan semèn nan.

***Mari, Manman Jezi***  
**Rezime Espirityèl – *Semèn 12***

Kisa Bondye te moutre w semèn sa a osijè de fè fas ak sipriz? \_\_\_\_\_

---

---

---

Nan ki fason w detèmine pou w ogmante sèvis kretyen w nan lavi ou? \_\_\_\_\_

---

---

---

Kisa Seyè a te moutre w semèn sa a osijè de fè kè w kontan nan Li? \_\_\_\_\_

---

---

---

Dekrive nan kijan fòm ou wè imilite ak egois la te chanje semèn sa. \_\_\_\_\_

---

---

---

Èske Bondye te moutre w kèk fwa verite ki tounèf osijè de soufrans nan lavi w? \_\_\_\_\_

---

---

---

Kisa w te dekouvre ke w kapab pataje ak klas ou a pandan semèn sa a? \_\_\_\_\_

---

---

---



---

Materyèl ki refèt epi distribiye pa mwayen  
Ministè Antrènman Disip, Rejyon Mezoamerik, Legliz Nazareyen